84(5Уз)-6к
Ә 14

АЛЛАНАЗАР ӘБДИЕВ

# ЖИН-ЖЫПЫРЛАР УЯСЫ



7327

MA'LIMLEME
RESURS
ORAYI

*Ата-анаға қанша хызмет етсең де азлық етеди: басына сарайдай сахана-жай салдыр, ўақыт өтиўи менен тозады, жоқ болады. Кеўил түпкиринен шығып, жүрек қаны менен суўғарылып бинят болған дөретпелер ғана мәңгилик. Усы есаптан бул идиралды сүйекли шығармам—романымды—китабымды мен ушын о, бу дүньяда да мәңгибақый әзиз Инсан, мархум әкемиз Идирейс (Рейипназар) Әбди улының өлмес руўхына бағыш еттим.*

***Автор***

«Бул дүньяның көрки адам баласы,
Сол адамның көкке жетер наласы»

*Әжинияз*

# I

Машиналар дизбеги қумның үсти менен ыңыранып жүрип киятыр. Ысылдаған шеге қум дөңгелектиң айналыўына кесент береди. Азанғы пайыт болыўына қарамастан күн оғада ыссы еди. Соған қарағанда түске жақын тәўир-ақ мыс қайнайды ғой деп шамалайсаң.

Бул машиналардың борты темирден. Төбеси де тас қамал етип басырыўлы. Себеби күшейттирилген режим колониясының адамларын жумысқа тасыйтуғын болғанлықтан темир бортлы болмаса қәўипли де. «Зек» лер менен ойнап болмайды. Олар анаў-мынаў адамлар емес: бузықлығы, тәртипсизлиги жағынан сонша адамлар арасынан дараланып шыққан алаяқлар, олар. Ағаш бортлы машинаны буйым да демейди: қоллары менен-ақ урып, сындырып, айдап баратырғанына да қарамай секирисип-секирисип түсип қашып кетеди. Қатты жүрип баратырған машинадан қолайсыз түсермен-аў деген ой болмайды. Сондай дәўжүрек, жүрек жутқан болады, олар дегениң.

Темир борт қызып, ишти бурынғыдан бетер қапырық ете баслады. Машиналардың айналары да кишкене ғана еди. Еки қапталда үш айнадан, машинада улыўма тоғыз айна бар: биреўи алдыңғы қапталда, екеўи изде. Бул темир торлы айналардың көзи жоқ, бәҳәрде-ақ күн жылый баслағаннан соң «сынып қалған» еди. Иш те кем-кемнен соныңдай қапырық бола баслады, кудай басқа салмасын! Ҳәтте, дем алыўдың өзи де мүшкилге айналды. Өйткени иш адамға лыққа толы. Қала берсе, алты қапталдың—«печь» тиң ыссы хәўири де қосылған.

Олар гезекпе-гезек айна алдына келип терең нәпесленеди. Себеби оннан аз да болса таза ҳаўа келеди. Ўақты-ўақты таза ҳаўа менен терең дем алмай ортада тура берсең демигип, қыслығып, талып қалыўың да тәәжип емес.

«Дозақта усындай қысылшаң пайыт болғанда ғой, күшли биреўи, яки дәслепки турған адам ийелеп, хеш кимге айнаның алдын бермей турып алар еди. Ямаса сол жерди берип, кудайдың бийпул ҳаўасынан нәпеслендиргени ушын сеннен акша талап етер еди,—деп ойлап қойды, Қайып шийкил сары шашлы биреўден соң айна алдын ийелеп атырып. Машина жүрип баратырғанлықтан аз да болса жел есип тур екен. Жел болғаны қурысын, ыссы ҳәўир лаплап тур. —Бизде ондай емес. Бир-биреўге жаманлық, қылаплық етпейди. Ал, егер өзи тийсе, ондыртпайды, бирақ. Сол жағынан абайлы болыўың керек: кишкене бир қылмысың, пәслигиң ушын-ақ көп таяқ, дәкки жеп қалыўың әбден мүмкин. Бул жерде тек мәрт адамлар ғана жақсы жасайды. Жағымпаз, намыссыз, өтирикшилердиң күни қарап...

Усы жерде Мырзамурат болғанда ғой, көрген күнин қорлық етер едим, әттең, жоқ-тә!... Баяғы таяқ оған аз болды. Қаншайым арашалап қалды-дә!... Бир жағынан мени қушақлап алып жибермегени де абырай болған екен. Болмаса ғой, қызыў пәт пенен өлтирип тынар ма едим?! Не болса да жүрими бар екен, бийшараның...»

II

—Малларың тойға буйырсын! Бала-шағаң мийримли болып, узақ өмир сүргейсең, балам! Алдыңды алла ашып, Қыдыр ата ҳәмийше жолдасың болып, қырық шилтен ғайып еренлер жаныңда жүрсин, әўмий-ин-н! —Шар базардың қасындағы дүканның алдында отырған киси алдына таслаған азырақ тийини ушын балаға пәтия берип атыр. Оның бет-әлпетине қарасаң, алпыс бес-жетписти алқымлаған адамның түриндей әжим басқаны менен, шынында елиў беслерге жаңа қәдем қойған киси еди. Үстинде жаман жыртық шапан, оның ишинде жағасы кирден қатып қалған костюм. Костюмның ишиндеги ақ көйлеги де қап-қара кир.

Шоқша сақаллы, басына мыжымырланып қалған қалпақ кийген бул киси Сайымбет жинли деген. Қалада оны танымайтуғын адам шенде-шен. Ҳәтте, қаланың нешше жылғы кудайы—қалалық атқарыў комитетиниң председатели Фазылов Мырзамуратты танымайтуғынлар да Сайымбет жинлини биледи. «Бирде сансыз жаман болсаң, бирде аса жақсы болсаң адамлар көзине түсесең» деген гәп дурыс екен-дә.

Оның алдында ақ шаршы жайылған. Ушып кетпесин деп төрт мушына тас қойыпты. Ал қапталында гөне қара корзинка. Оның ишинен көк шай қуйылған термостың басы қылтыйып шығып турыпты. Шаршады ма, я даўысы қарлығып шықпай қалды ма, бир гезде термосты алып кесасына шай қуйды да, бир уртлап қойды. Сөйтти де қайтадан қырәәтке салып, күни мененгисин қайталай баслады:

—Мал-дүньяңыз тойға жумсалсын! Өсектен, жаладан аўлақ болғайсызлар! Алла бахтыңызды ашсын! Жақсылық ҳәмийше жолдасыңыз болып, өмир бойы тоқлықта жасаң!!



Өтип баратырғанлар бул мүсәпирди аяп, тийин-тебен таслап кетип атыр: кими 20, кими 30 тийин. «Кемтар бийшараны аясақ, кудай да бизди аяр», деген гей бир ғарры-қуртанлар бир сом да берип, пәтиясын алады. Сондайақ, жеркенишли түр менен қарап өтип баратырғанлар да жоқ емес. Ондайлардың көбиси—жаслар.

Ол бәрин көрип, сезип отыр. Көрсе не қылады, көшеге шығып тиленшилик еткеннен соң, адамға ким күлмейди дейсең? Бәрине қайыл болмақ лазым. Қайыл болмайды екенсең—көшеде отырма!

Бир ўақытта ол узақта киятырған жигиттиң жүзин негедур ысық көрди. Неликтен де таныс көринер еди. «Қай жерде ушыраттым екен-ай?! Баяғы қоңсыларым ба екен?! Ямаса жинлиханада бирге жатқан биреў ме?! Яки оқытқан балларымның бири ме?!» Сайымбет жинли хеш ядына түсире алмады. Әлленемирде:

—Таптым, таптым!—деп есерленип, орнынан ушып турды. Ол нени тапты? Өтип баратырғанларға белгисиз, жумбақ. Сонлықтан «Сайымбет жинлиниң арқасы және қозды» деп ойлап, тийин бериў ушын жақынласып киятырған бир кемпир менен жигит те жолларын арманырақтан салып өте берди. Ол гейде усындай өзи менен өзи сөйлесетуғын, базда есерленип, қолларын тистелейтуғын еди. Сөзлери де бир шәлкем-шалыс, былжырақ түсиниксиз, басы бар да, аяғы жоқ болып келеди. Сонлықтан да қаланың халқы жинли деп кеткен. Ҳәтте, базы бир пайытлары адамларды қуўады. Усласа ондыртпайды. Және бир әдети, қуўғанда да тек қара қалпақлы, семиз, бети бужырдан келген егеде киси болып қалғанларды ҳәм ҳаялларды: оның ишинде де ақ бозлақтан келген, шырайлы, бойы орташа, толықлаў келиншеклер жини. Қалада онлаған жылдан берли туратуғын болғанлықтан Сайымбеттиң бул әдетин адамлар сезген: талай сапар адамларды қолындағы ҳасасы менен дәпинип қуўғанда, кемпир-ғарры, бала-шаға, қыз-жигитлер менен жумысы болмаған, қасынан озып өтип кетип, қара қалпақлыны яки ақ бозлақтың изине шуңқыйып түскениниң қалалылар талай рет гүўасы болды.

—Күнде көрип жүрген жигитим-ақ екен ғой. —Ол қойын қалтасына қолын сүңгитип, дәптерин алып арасын ашты. Онда бир жигиттиң сүўрети бар еди. Сүўреттеги жигит ақ қалпақ кийген, көйлекшең, қолына китап па, журнал ма услап, түргелип турыпты. Бул—Сайымбеттиң жас ўақтындағы сүўрети. Жаслығынан, бахытлы өмиринен қалған жалғыз естелик те сол болғанлықтан ба, әйтеўир, оны қәстерлеп сақлар еди. Оның өзиниң сүўрети екенлиги де ҳәзир ядында жоқ: киятырған жигит деп ойлап тур. Сонлықтан да:

—Ўәй-й, таныйман ғой, буны, —дейди өзинше сөйленип. Оның булай деўиниң де мәниси бар: расында да жол бойындағы жигит сол жаслық шағындағы сүўретиниң айнымаған өзи еди: ақ қалпағы да усайды, оның да қолында китабы бар. Сол жигит тусынан өтип, қара шор адамларға араласып кеткенше дым үндемей қарап отырды.

## III

Қайып айнаның алдын екинши биреўге босатып берди. Машинаның ишиндеги адамлар ыссыдан ентигип, зорға-зорға демлерин алады. Гей биреўлери ҳалыклап, қоллары менен бет алдын желпиген болады. Терден үстилериндеги қара көйлеклери денелерине жабысып қалған. Жүзлеринен сорғалаған тер тамшылары ийеги арқалы жағаларына тырс-тырс тамады.

Қайыптың көзи темир тордың арғы тәрепинен ишти бақлап турған еки жас өспирим әскерге түсти.

«Олардики қандай рәҳәт-я!—деп қойды ишинен. —Таза ҳаўадан керегинше дем алып турыпты... Не ушын бизлерди усы шыжғырған ыссыда «темир печь» ке қамайды?! Үсти ашық машинада апарса да қашпаймыз ғой: Бейишти таслап Дозаққа (ол қәдимги азат турмысты—Дозақ, тюрьманы—Бейиш дер еди) ким өз ерки менен барады?! Аўқат берсе, кино, концерт болса, жататуғын баспанаң (ең баслысы усы) болса, буннан артық адамға не керек? Ҳәм бул жерде және бир баслысы, досты ҳәмелине қарап таңламайсаң, хеш кимниң қасы-қабағына қарап отырмайсаң. Ҳәмеллиге, пулы көпке жалтақламайсаң, ертең не ишемен, не кийемен деп те бас қатырып отырмайсаң; нервинди шаршатып, жумыс излемейсең. Бул жерде билегиң күшли, жүрегиңде түк болса жақсы жасайсаң. Ал Дозақта билегиңе, ҳәтте, билимиңе де қарамайды. Тек—пул, ақша. Сонлықтан қашыўдың не кереги бар? Дурыс, түрмениң аты—түрме. Онда сен хожалықлы болып, бала-шаға бақа алмайсаң: ағайын-туўысқанлар менен қатнасық болмайды. Бараман деген жериңе де бара алмайсаң. Былайынша айтқанда, байлаўдасаң. Сонда қайсысы артық: Дозақ па, Бейиш пе? Бир-биринен айырмасы шамалы-аў, абайлап қарасаң. Сонлықтан қашып жин урып па?

Ғаррылардың айтыўынша, ҳәр кимниң туўылғанда қанша жасайтуғынлығы, қашан өлетуғыны маңлайына жазылып қойылатуғын қусайды. Солай екен, қудай жаныңды алғанша жасаў шәрт екен, Дозақ пенен Бейиштиң де айырмасы жоқ болса, онда қайда жасағанда бәри бир емес пе?... Жоқ, саған өмир солай туйылса, гей биреўлерге Дозақ жақсырақ. Расында да, түрмеден қашыўшылар, мүддетиниң питиўин асығыслық пенен күтиўшилер көп. Олай болса, Дозақтың сәл болса да жақсы болғаны ғой. Сонлықтан болса керек, он күндей алдын Алёшаның «тайып турыўы» десе, екинши бир пикири қарсы шығады. Ол—жас. Өмирди дурыслы түсинбейди. Қыйыншылық көрмеген. Соның ушын да Жәннеттен қашты. Еле басына тийип айналып келеди. «Жақсысы усы жер екен» дейди. Себеби ол—намысшыл, аршыл жигит. Ҳақыйқатлық туўын бийик услайтуғынлардың, әдилсизликке шыдамайтуғынлардың Дозақта жасай алыўына ҳасла исенбеймен. Әке-шеше, бала-шаға, жора-жолдас, деп қалып қоя коймаса, айналып келетуғынына даў жоқ. Өйткени, ол дегенин жағымпазлықтың, өтирик-жаланың, арсызлық, әдилсизликтиң уясы ғой. Ол жерде жақсы жасаўың ушын адамларды алдаўың, ҳәтте, ата-анаңды, ҳаялыңды, қала берсе, өзиңди де «жақсы жасап атырман» деп исендириўиңе туўра келеди. Олай етпей, туўры жасаўды қәлейди екенсең, түрмеге қамаласаң, яки өлесең. Сонлықтан ондай орталықта тек соған бейим «маклуклар» ғана өмир сүриўи мүмкин...

Сонда Дозақтағының ҳәммесин жалахор, гәззап, менмен, нахақлықты көре тура көрмегендей болып кете беретуғын адамгершиликтен жуда болғанлар, арсызлар деп есаплаймыз ба?! Ҳақыйқатында да турмыста солай ма? Яки менде адамларға деген исеним биротала жоғалғаннан соң, тек өмирдиң көлеңкели тәрепин көре беретуғын болып кеткенмен бе? Егер жақсы адамлар болмағанда аспанның тирепбердиси тайып кетпеспе еди?—деп өзине-өзи саўал береди де жуўап береди:—Шынында да көкиреги ҳақ инсанлар да көп. Лекин мениң айтпақшы болғаным нағыз ҳақыйқат адам, пүткил адамзат ушын эталон боларлық Инсанның табылмайтуғынлығы. Рас, ушыратыўы қыйын: изле сен, Американың Нью-Йоркин, Вашингтонын, Москваны, Нөкисти, Сибирьди ақтар, Австралия, Африка материгине барып қайт, капиталистлик ел—Японияны шарла... ондай адам табылмайды. Халқы ушын, инсаният ушын, оның бахытлы келешеги, абадан турмысы ушын күйип-жанатуғын адамлар болады, лекин оларды да ИНСАН деген уллы атқа кишкене болса да нуқсан келтирмеди... деп айтыў қыйын. Айтқанымыз бенен, шынына келгенде, бул гәп—өтирик, көзбоямашылықтан басқа хеш нәрсе емес. Өйткени ол адамды бир рет те достының, яки ата-анасының, ямаса танымайтуғын-ақ биреўдиң... абайсызда, яки биле тура зейнине тийип алған жоқ: биреўди сөкпеди, урмады деп, яки бир рет те өтирик сөйлеген жоқ, деп айта аласаң ба? Жо-оқ, айта алмайсаң! Адам жәмийеттен тыс жасай алмайды екен,жақсы менен де, жаман менен де бирге жасаўына туўра келеди ҳәм тәпсиси урады. Сонлықтан да халқымызда: «Қам сүт емген бендемиз ғой, периште болмақ қайда», деген нақыл пайда болған».

Машина тоқтады. Күндеги ислеп атырған қурылыс майданының дәрўазасы алдына келген еди. Қайыптың ойы бөлинди. Ҳәмме менен бирге қолын арқасына қайырып услап, машинадан секирип түсти.

## IV

Жаңағы күнде көрип жүрген жигит те Сайымбеттиң көз алдынан быған-жыған адамлар арасына синип, ғайып болды.

—Аўа, ол мениң балам,—деди өзинен-өзи. —Балам! Ерназарым! ... Оқыўды питкерип келген екен-дә! Неге хабарласпайды маған, я? Не ушын әкесине келип хал-аўҳал сораспайды? «Тийин-тебен түсип тур ма?» деп сораса болады ғой, натық сениң! Мен ондай әкесин танымайтуғын балаға көрсетип қояман! Хожа хорлықты көреди, ҳәзир! — Ол мушын түйип, гижинип орнынан ушып турды да зат-патың жыйнастырды. —Менсинбейтуғын болып кеткен, жаман! —Екесленип жаңағы жигитти таўып алыў ушын адамлар арасына өзин урды.—Мен неге өкпелеймен? Өзим емес пе баяғыда: «Балам, сен жақсы оқы, адам бол» деген. —Ол сөйленбекте. Жинлимисең деген усы-дә. Демниң арасында

айнып турды. —«Ким не десе де «якшы» дей бер, қарсыласпа: қасарыссаң— майырыласаң, мендей болып мертигесең. Тек «сеники дурыс», «қуллық, ләббай, бежеремиз» дей бер. Биреў-биреўди өлтирип атырса да көзинди жумып тийеберсенинди айт та өтип кете бер. Мен дәслеп жинли емес едим. Өзимнин ақ көкиреклигимнен, намысшыллығымнан, ҳақыйқатшыллығымнан жинли болдым... Сен енди мени умыт, таныма! Мен сени...! Сөйт балам, дедим. Болмаса адамлар: «Сайымбет жинлинин баласы болғаннан кейин не оңады», деп кемситеди. Бетиңе ширкеў болмаўым ушын мениң балам екенинди умыт! Умыт, қарағым, умыт!» деп «Балалар үйи»нде бетинен сүйдим. Аўа, ол да жылады, мен де... Сөйтип болып және мен неге оған өкпелеймен. Оннанша отырып адамлардан тийин жыйнайын. Күн көриў керек ғой. Бала-шаға бағыў керек... Бәлемен я, жан қыйнамай-ақ ақша табаман. Яғ-аў, халыққа шын жүрегимнен жақсы тилек тилеймен. Усы ыссыда, шыжғырған қуяштың астында күйип отырып инсанға жақсылық, бахыт тилемек аңсат дейсең бе? Аңсат, деп ким айтты? Сен бе, ҳәй бала? Бери кел! Сөйдедиң бе?—Қара ыштанлы, мәйкишең бала оның ҳасасынан қорыққанлықтан ҳайт қойды. —Биссимиллә-ә... —Ол лаппа келген жерине дизерледи де корзинкасынан шаршысын алып, алдына жайды.

## V

Әдеттегидей бүгин де машинаны автоматлы әскерлер қоршап турыпты. Колонияның қатаң режиминде айыпларын өтеп атырған адамлар түсип, бирим-бирим дәрўазадан қурылыс майданына (тюрьмадағы қурылыс майданы тахтай менен еки қайтара қоршалған болып, шарбақтың ҳәр мүйешинде қараўыл әскерлер минбери болады) кирип атыр.

Дәрўазадан ишке киргеннен соң ҳәр ким жумыс кийимлерин кийиў ушын «бытовка» ларына дағысты.

Қайып бул жерде ағаш устасы болып ислейтуғын еди. Сонлықтан пышқы, мыйық, балта-шөккишлери салынған қобдыйларды алып сыртқа шықты. Оның бригадасында еки ағаш устасы бар. Қалғанлары—бетоншылар. Қайыптың қасындағы Меликул деген өзбек жигити, кеше үйине барып қайтыўға рухсат алған еди. Бүгин азанда кетти. Енди ол келемен дегенше еки адамның жумысын Қайыптын бир өзи атқарыўы тийис.Сонын ушын да асықты. Болмаса бурынлары азанда келгеннен соң «бытовка» да он-он бес минут темеки шегип солығын, терин басып алатуғын еди. Енди жалғыз өзине сонша жумыс қарап турыпты: опалубка соғыўы, оны қурыўы керек... Тезирек бул жумысларды питкермесе соңырақ бетон келген ўақытта баса-бас болып кетеди. «Неге тез таярламадың?» деген сыяқлы сөзди бригадирден еситип қалыўы да мүмкин. Ал, ол болса базы биреўлер сыяқлы, бақырып атырсаң ба, сөгип атырсаң ба, бәри бир, кәрине де келмей тура беретуғынлардан емес, ҳасла унатпайды. Сонлықтан да илажы болғанынша гәп еситпеўге тырысады.



«Түрмеде де пара бериў, алыў бар. Сирә о дүньяда да болатуғын шығар, пара деген. —Тахтай кесип атырған оның есине жорасы Меликулдың үйишинин тюрьма баслығына үш жүз сом бергени түсип кетти. —Көзим ашылғалы көретуғыным, еситетуғыным—биреўге бир зат бериў, алыў. Мен туўылған ўақытта, бийшара, топырағын торқа болғыр апам (анам) врачларға өзинин ден саўлығына жақсырақ қараўы ушын ақша берген қусайды. Не қылсын, енди, қайсы бир жетискенлигинен, сыймағанлығынан берди дейсең, «дәри жоқ» деп дурыслап қарамаған шығар. Бақшаға барғанымда да баслығын үйге шақырып, бир түйетаўық сойып берген. Сегизинши классты питкерген жылы жақсы оқыйтуғынлығыма қарамай, директор Мырзамурат училищеге кететуғынлардын дизимине илдирип жиберипти (ол ўақытлары училищелерге тәртипсиз, жалқаўлар баратуғын еди. Сонлықтан ғарры параға жүз манат берип, мектепке өлдим-азарда алып қалды.

Онды питкерип аттестат алатуғын ўақытлары Мырзамураттың ислеген ислери күни кешегидей оның ядында. Сонда көз көреки, шақырып алып: «Еки пәннен алған сенин «бес»инди «төрт»ке өзгертиўимиз тийис» деген.

—Ҳаў, муғаллим, не ушын?

—Солай болмаса болмай турыпты: мектепке тек бир алтын медаль келген. Оны Турдиеваға бермекшимиз. Барлығынан «айрықша» оқыған екен. Медаль екеў болып саған да бергенде болар еди, иләж қанша?—Ол қыйналған түр билдирип, басын шайқап қойды. —Сонлықтан «төрт»ке еки «бес »инди өзгертпесен ертең оқыўға тапсырғанда аттестатынды көрип: «Бәри «бес» екен. Медаль қайда?» деп сорайды.

Турдиева бизин класстан еди. Сонлықтан жақсы билемен, мақтанғаным емес, ҳақыйқатында маған қарағанда ондай билими күшли емес. Лекин районлық тергеўши Турдиев Аяптың қызы болғанлықтан ҳәмме муғаллимлердиң баҳаны оған көтермелеп қоятуғынын барлығымыз сезетуғын едик.

—Муғаллим, Меригүл кешеги мәмлекетлик имтиханда ана тилинен, тарийхтан «төрт»алды ғой...

—Яқ, «бес» ҳәммеси. Қара... —Ол тартпадан Меригүлдиң аттестатын алып ашып көрсетти.

—Өзгертпей-ақ қояйық, тура берсинде, Мырзамурат аға. Оның не зыяны бар. Сораса айтаман-дә: «Мектепке бир медаль келген, талабан екеў болды» деп.

—Есин дурыс па сенин?! Ҳә дегеннен «тойдырғанның сақалына» дегендей етип турсаң ғой.—Түсинбей аңырайып турған Қайыпқа майдалап айта баслады. —Қайып иним, олай десен: «Неге алып бермейди?» дейди, маған сөз келеди. Ал және биреўин сораған менен РайОНО бермейди. «Басқа мектеплерге жетпей де атыр. Сеники уят емес пе, Мурзамурат?» дейтуғыны турған гәп. Сондай болып тур ғой енди, мен не қылайын?!

—Мырзамурат аға, сонда жақсы оқып, медаль жетпей қалған басқа питкериўшилер де «5» лерин өзгерте ме?

—Хе, енди не қыл деп един? Әлбетте сөйтеди.

... «Ўақ!» —Қайып ойланып отырып қолына шөккиш пенен урып алды. Бас бармағы зар қақсап аўырғанлықтан аўзына апарып үплей баслады. Сәлден кейин тырнағынын асты көгерип шыға келди. Аўырыў зарпынан кирпидей жыйырылып, қолын силкилейди, биресе аўзына басады.

—Қайып,—деди усы ўақытта Магомед деген осетин жигит,—сени «шеф» шақырып атыр. «Ўақтын бөлип, келип кетсин» дейди.

—Не дейди екен?

—Билмедим. —Ол ийнин қысты.

Қайып түргелди де жасыл менен сырланған «бытовка» тәрепке жол алды. Себеби колониядағы «зек» лердиң «шеф»и жумыс ўақтында сол жерде болатуғын еди. «Шеф» дегенинше бар: дәўдей ири тулғалы. Нағыз Алатаўдың қарына аўнап шынықкан қырғыз жигити. Оның усы үшинши рет «отырыўы» екен. Биринши рет төбелестен түседи. Екиншиде болса мийнет ҳақысын дурыс ала алмағанлықтан ПМК баслығы менен айтысып қарсы болып қалады. Соң баслық изине түсип, Сүйиндикти қағыта береди. Булар арасындағы қарама-қарсылық ақыры шегине жетеди хәм ашыў менен оны буўындырып өлтирип, он бес жыл және «отырып» шығады. Үшиншиде биле тура және бир қылмыс ислеп судланған.

«Өз хадал мийнетим менен күн көре қояйын десем, сизлер кейининде хор қылдыныз ғой. Ал ислемегеним, енди. Биреўди қорқытып пулын алсам да күнимди көре аламан», деп ПМК баслығы менен айтысқанда енди қайтып мийнет ислемеўге ант еткен. Сол шәртинде турып, екинши рет «отырған» он бес жылында да хеш нәрсеге қол урмаған екен, заңғар. Хәтте, әскерлер автомат тақағанда да ислемеген. Хәзир де хеш жумысқа қол урмайды: қурылыс «зона» сына келип «бытовка»да жатып алады, талабы—«шифр» ишип мәс болып жатыў.

Усы колонияның «шеф»и болғанлықтан ол тазадан келгенлерди сынақтан өткереди екен. Биринши мәртебе екеўи сонда танысқан.

Келген күни Қайып шаршап уйықлап атыр еди. Онда да усы Магомед келип оятты.

—Қайып деген сен бе?

—Аўа. —Мазалы уйқыны бузғаннан соң жақтырмай қайтадан ары бурылып жатып еди, ол және қолы менен ийнинен шайқады.

—Түргел, сени «шеф» шақырып атыр.

—Шеф-пебинди билмеймен. Жумысы болса өзи келсин! —Ашыўланған Қайып бурылып қарап гәпти шорта кесип айтты.

—Түргелип кийин, жүр. Оның ашыўына тийсең жаман.

—Меннен жақсы шығар.

—Не қылайын онда. Келмейди, өзи келсин деп атыр, дей берейин бе? —Бундай жуўапты күтпеген ол рас айтып турма дегендей шукластырып сорай баслады. «Қайып «шеф»тиң шеп жағына шығып, жек көринип қалар» деп аяп турған болса да керек.



—Гәпти шаймалағанды жақтырмайман. Мен не десем қыпсаламай айтып бара бер. Саған өкпелемеймен. Екинши рет уйқыны бузбасын! Буны да ескерт. —Қайып Магомедтиң айтқан «шеф»иниң усы колониядағы тюремщиклердин ең күшлиси, атаманы екенин билди. Лекин қорықпады. «Қайда барсаң Қоркыттың көли». Өлетуғын болдық ғой. Оннанша «өлим-өлим бир өлим», көрейин, ким болса да», деп мушына түкирип жатты, сонда. Енди ашыўға минип «шеф»тиң өзи келетуғын шығар, ақырып, деген ой менен уйқыламай әри-бери жатып еди, жуўық арада келе қоймады. Көзи жаңа илинип баратыр екен, тақ-тук, тақ-тук аяқ сестинен оянып кетти. Көзин әсте ашып сығалап қараса, киятырған Алпамыстай ири, дәпең, қара муртлы, маңлайында шашы жоқ бир киси. «Шеф» тиң усы адам екенин жазбай таныса да жата берди.

Ол келип Қайыпқа тигилип қарады да, бирден-ақ оның қайтпас қара екенлигин, хәрекетсиз қорықпай жатқанлығынан, түр-түсинен, Магомедке айтып жиберген сөзлеринен билди ме, қол қатпады. Жатырған Қайыптың қәтиниң шетинде аманат отырды да ийнинен қақты.

—Молодец, сынақтан өттин. Колонияда биреў енди пышығына пыш дей алмайды. Айтпақшы танысып қояйық: мениң атым Сүйиндик,—деп қолын усынды.

—Қайып!

Олардың танысыўы әне усылай болған еди...

Қайып «бытовкаға» кирип келгенде Сүйиндик жоқары жағы жалаңашынша созылып жатыр екен. Мәслиги барлығын қып-қызыл көзинен, бет-әлпетинен аңсат айырыўға болады. Оның алдында үш литрлик банка «шифр»ға (қара шай көп салынып қайнатылған ишимлик) толып турыпты.

—Қайып, келдиң бе?—деп орнынан ушып турды. —Отыр, ишемиз.—Банкадан бир саркумға толтырып қуйып усынды. Қайып тартып жиберди. Және қуймақшы болып еди, «Яқ, болды» дегендей қолын силтеди. —Хе?

—Болды, рахмет. Барып жумыс ислейин.

—Ислемейсен, отыр,—деп ол түргелейин деп атырған Қайыптың жеңинен тартты. —Мениң шақырғандағы мақсетим де өлип ислеп атырғаныңды көрип, ислеме деў еди. Пай, жора-әй-й, мийнет етсең де, ислемей мендей болып жатсаң да шығарады. Соның ушын хәз етип жата бермейсең бе?

—Шығаратуғынын билемен. Бириншиден, мен тез шығыў ушын ислеп атырған жоқпан. Қуры жата бериў адамды жалықтырып жибереди—үйренбегенмен, —Қайып азғана шамланайын деди. Сонлықтан даўысы да бәлентлеў шықты. —Болмаса баяғыда темир жол станциясында қол ушы талап ислеп жүрген гезимде бир айтыўға айтып салып едим. Сол сөзим ушын судланғанға дейин мен де ислемедим. Бул жерде болса мийнеттен басқа ўақыт өткеретуғын талап болмағанлықтан жалығады екенсең...

—Аўа, бизлердиң етимиз өлип кеткен. Ҳарамтамақпыз. —Сөзлеринен оның да шамланғаны сезилсе де, лекин күле шырай берип турыпты. Сүйиндиктиң бул сөзлеринен кейин Қайып өзиниң ашыўланыўының орынсыз екенлигин абайлады.

—Кеширерсең, Сүйиндик жора. Сени ҳарамтамақ деў ойымда да жоқ. Тек өзимниң қуры қарап жата алмайтуғынымды билдирип атырғаным ғой. Ислемеген менен ислегенниң парқы болмағаннан соң сениң «ислеме» дегениң де бир жағынан туўры. Бул сөзиң ушын гинаратлай алмайман, ҳәзирги дәўирде,—деп қайталады, тағы. Соң Сүйиндик пенен жыллы хошласты.

Тахтай көтерип баратырып ол әлле нәрсеге езиў тартып күлди. Жас көкиреклikke салып—билимине исенип, үй-ишинин: «Инстоттан танıс муғаллим таўып, ақша берейин», дегенине карамай, оқыўға тапсырғанын ойлап, өзиниң сол ўақыттағы аўышлығына, садалығына күлип атырған еди...

—Сениң басыңның шаққанын не қылсын. Берейик, балам,—деген еди сонда бийшара әкеси,—Сеннен аяйтуғын нем бар.

—Ҳаў, аға, бес мың сомынды сыйдыра алмай турсаң ба?... Келистиресизаў, сенде бир, пара береди дегенге: 50 сом, 500 сом болса екен, ең қурығанда, ҳәй-й дейтуғын, қолды бир силтеп. Бес-с мың сом!!! Як, оны берип оқығаннан оқымай-ақ кетейин... Жүдә дүньяң сыймай баратырса маған бере ғой. Ертең үйленгенде қалың малға төлеймен, ямаса машын сатып алайын... Бир сөз: кириў ушын бир бақыр тийин да бергизбеймен!

Сол жылы ол дәслепки имтиханнан өтти де, екиншисинен мурттай «ушып» түсти. Сондағы «жазығы»—бар болғаны бир қосымша сораўға толық жуўап бере алмай қалғаны.

—Билмейсең, «еки», —деди қарын майы столдың үстине салбыраған, мойны басына қосылып кеткен имтихан алыўшы қас қақпай.

—Ҳаў, муғаллим, билеттеги сораўларға толық жуўап берген жоқпан ба?

—Қосымша сораўды билмей турсаң ғой, енди не қылайын, иним? Таярланып, ендиги жылы келе ғой. —Әлпайым ғана, қамырдан қыл суўырғандай етип сөйлеўге бенде емес, шебер киси екен, өзи де. Қайып қанша айтысқаны менен болмады: күшли күшлилигин етти. Сонда ол биринши рет өмирден түңилген, руўхый азапланған еди. Сонда да өзин-өзи қайрап, ерегистирип: «Қалай болмасын парасыз киремен» деген «бузық» ойына бекинип, соңғы жылы да тапсырып, бул рет үшинши «тексе»ден қулап түсти. Усыннан кейин ғана «жүни» бираз жатыңқырады. Ақырысында келеси жылы «Ақша беретуғын болсаң оқымайман, институттың жанына жоламайман», дегенине қарамай, тийе берсин әкеси пақыр жақсы адам еди: «Досмурат жалғыз баласынан да ақшасын аяп отыр», деп журт айтады, деген сылтаў менен қоярдақоймай киргизген еди...

—Коля, дай закурить,—деген даўыс шыққан тәрепке жалт бурылып қараса Серёга екен.

—Мә. —Қалтасына қолын сүңгитип, бир пачка «Прима»ны шығарды.

## VI

Сайымбет жинлиниң ядына бир ўақытта неликтенде Қайып оралды. Оны өзине тәбия, жақын адам есабында еске алар еди. Не ушын олай? Өзине Қайып деген «уры» қандай жақсылық етти? Билмейди. Лекин сонда да қыялына ең бир жақсы инсан сыпатында жазылып қалған.



Шынында Сайымбет оны кишкене бала ўақтынан-ақ биледи. Өзиниң мектепте тәрбиялаған оқыўшысы. Жасынан-ақ тиришe, «урныққыр» болып өсти. Лекин, Сайымбеттиң ойынша, ақылы бар «жинли», «гүдибузар». Сөзге туратуғын, өтирик сөйлемейтуғын, жағымпазлықты ҳасла жини сүймес. Ҳеш кимнин алдында жасқанбайтуғын, жасынан сондай бир өркөкирек, жүрекли болып кәмалға келди. Сайымбет оның усы минезлерин бес бармағындай биледи. Өйткени, Қайыпты оқытып ғана қойған жоқ—тәрбия берген класс басшысы да еди. Сол ўақыттан баслап-ақ оған аса зейин қойып, ҳүрметлеп, көкирегиниң қайтпай өсиўи ушын қолынан келген жәрдемин аямады.

—Ур! Ур, жерменниң баласын! —деп Сайымбет бир гезде бақырып жиберди. Жанынан өтип баратырғанлар: «Оның және делебеси қозды» десип ары серпилди.—Аяма атаңа нәлеттиң баласын!

Ол буннан он жети-он сегиз жыл илгери айтқан сөзлерин айна қәтесиз сөзбе-сөз тәкирарлады. Расында да, бул гәплер ол тәрепинен бир гезлери айтылған. Оның себеби былай болды:

... Пахта териминиң әйне қызған мәҳәли. Сайымбет оқыўшылары менен пахтада болып атыр. Оқыўшылар биротала қысқа дейин оқыўды «жыйнастырып қойып» азаннан қара кешке шекем теримге көмеклеседи. Сайымбет оларға көз-қулақ болып, басында жүрипти: термегенин, аз тергенин «тергейди».

Бир күни ол Марат деген оқыўшысының атыз ишинде уйқылайтуғынын, бәрхә ойнап жүретуғынын, қайта терип атырғанларды ғөрек пенен урып жүргенин көрип, шақырып алды. Ол мектеп директорының арзандасы еди.

—Неге термей жүрсең? Уят болмай ма? Өзиңдей досларыңа қара, терип атыр. Олардан қай жериң артық я кем?

—Кем емес, артық. Ал термеймен, не қыласаң?—деди миз қақпай бежирейип. Сайымбет бул сөзлерден кейин ханасына сыймай гижинип, оған жақынлады. Оқыўшы айтарын айтса да муғаллимниң айбатынан сескенип артқа шегиншекледи. —Муғаллим, ағам: «Термей-ақ қой. Атызда қуры көзабаға көринип жүрсең болды», деп қойып еди.—Демде жаңағы шөже қоразлығынан айырылып, мингирледи.

—Атызға келдин бе, тересең! Көзаба-пөзаба деген нәрсе болмайды. Әкең келгенде сөйтип айтарсаң. Сайымбет муғаллим «тер» деп бақырды, деп те айт! Қәне, бол. Фартугиңди белиңе байлап, мына еки тапқа түс! —Муғаллимнен сескенгенликтен нәйлаж ийниндеги бос фартукти алды да белине байлады. Сөйтип көрсеткен жалға түсип , жүрип кетти.

—Усы бастан терсең-о, Фазылов, —деген муғаллимине бир бурылып қарады да еситпегенсип, жүрисинен жаңылыспай әсте кете берди. «Арғы бастан бери қарай тережақ шығар» деп ойлаған Сайымбеттиң де басқа иси болмады. Ал, ол болса, тилекке қарсы, сол қарықтың иши менен атыздың екинши тәрепинен шығып, «Қолыңнан келгенин исле», дегендей мелшийип отырып алды. Оның әри-бери даўыслап, қолы менен ымлап «түргел» дегенинен шайтаны сескенбей, магнитофонын қатты қойып отыра берди. Не

ислерин билмей, бир кызарып, бир бозарып турганда касындағы Қайып бирден үш аяклы тәрезисин таслай сала Марат бетке жуўырып кетти. Ол класс комитетинин баслығы, және ер балалардың ишиндеги мыклырағы болганлыктан бул жерде оқыўшылардың пахтасын өлшейтуғын есапшысы да еди.

Қайып бара сала Мараттың жағасынан услап, түргелтип қойып бир урғанда ол жалп етип қулады. Кейин тепти. Сайымбеттин хасла бундай хәдийсе жүз береди деген ой кәперине де келмеген еди. Сонлыктан атыздың иши менен жуўырып жетип барды. Ол келгенде Қайып Маратты аўнатып қойып:

—Термеген, муғаллимнин бетинен алған усындай болады,—деп тисленип, муш-тепкини дөндирип атыр екен. Айырыў ушын жуўырып, ентигип келсе де, оған деген гәзеби қозып кетти:

—Ур! Ур, жерменниң баласын! Аяма атаңа нәлетти! —Мине бул сөзлер усы жерде айтылған еди. Бул сөзлердин әбеслик екенин сол жерде-ақ ашыўы сәл басылғаннан соң түсинди. Себеби қанша айтқан менен Марат өзиниң оқыўшысы. Сонлыктан:

—Қой,—деп Қайыпты услады.—Болды!

—Мен енди бригадир айтпақ түўе, әкең келип: «Бизиң баланың атына пахта жазып тур», десе де жазбайман—тергиземен, —Қайып гижинип тур. —Түс кәне, атызға!

Ол қыйпаклап еди, жамбасына және бир тепкини алдырды.

—Қайып-п!—деп бақырды Сайымбет, «Енди урма» дегенди аңлатып. Марат немқурайдылык пенен болса да тапқа түсип тере баслады. Себеби Қайыптан, ол түўе, хәмме балалар да қорқатуғын, сыйлайтуғын еди. Оның ашыўына бир тийсен, ондыртпайды: мынаў бети-жүзи, басы-көзи, деп отырмайды, жинкөзленип ура береди...

Бул мәхәлде күн де кеш болып, базарда адамлар да сийрексиген. Қайыршы, сонлыктан түргелип, алдындағы орамалына түскен тийин-тебенди бүрмели шекийне қалтаға жыйнап салып, орнынан түргелди.

## VII

«Дүньяда өзи қандай адам бахытлы жасай алады! Бахытлы турмыс кешириў ушын адам қандай болыўы керек?!»

Қайып азандағы жумысқа алып келген машинаға минип атырғанда усы сораўларға жуўап излеп атыр еди: «Оның ушын адам инсапсыз, намыссыз, жағымпаз, кеўли соқыр болмағы лазым: ҳақыйқатлықты көре тура көрмеген, билмегендей болып кете беретуғындай хүждансыз болыўы керек. Ондай болмайды, хак жүреди екенсен, онда сен руўхый азапланыўға, кемситиўге сазаўар боласан... Сайымбет ағаның жинли болып кетиўи де усы хақ жасайман, туўры жүременлигинен болып отыр ғой». Оның ядына неликтен де Сайымбет муғаллими оралды. Бәрқулла Қайып әдиллик, шынлық хаққында ои жуўыртқанда есине ерксиз ол түсетуғын еди. Бунын себеби, бәлким, усы өмиринде хақыйқатлық жолында тири қурбан болғанлардан тек Сайымбетти көргенликтен, билетуғын болғанлыктан шығар.



—Сайымбет аға ер еди ғой. Анаў-мынаў көзбояўшылыққа, адамның хадал мийнетин күйдириўге жаны төзбес, сирә. Мәмлекетлик имтиханда тарийх сабағынан алған «бес» имди, мен директор: «Ең қурығанда еки «бес»инди «төрт»ке өзгерт», деп қоймағаннан соң өзгертиў ушын алдына барғанда ғой, менин ушын Фазылов Мырзамурат пенен қандай қызыў айтысты, тартысты дейсең?!

—Мырзамурат, —деди сонда, —бул не деген әдилсизлик! Усы ма балаларға көрсететуғын өрнегиң?! Өзин педагогсаң... Биреўдиң мийнетин заялаўға қалай хүжданың барады-әй, түсинбеймен?!...—Басын шайқады. —Мен хеш қандай да өзгертпеймен! Досмуратов тарийх сабағынан анық «бес»ке билсе қалай «төрт» қоя аламан. Оған хүжданым ерк бермейди.

—Сайымбет, сенин-ақ бәрхә тирсеклигиң қалмайды. Не қылады өзгерткенде? Досмуратовтын өзи қайыл болып тур ғой. Сонда несине тартысасаң? Мен де саған түсинбеймен,—деди Мурзамурат та ийнин қысып, басын шайқап.

—Оқыўшы «бес»ке айтып турса да «еки» ямаса «үш»қоя ғой, деўи мүмкин, сынаў ушын-ақ. Сонда биз оның «қой» деген бахасын қоямыз ба, яки оның анық бахасын қойыўымыз керек пе? Ойлан, Мырзамурат, бул жерде адамнын ар-намысы сынаққа түсип атыр.

—Мени: «Билмейди, сондай хүждансыз» деп турсаң ба? —Фазылов өршеленип қайтпаса да даўысы уяң шықты. Сөзден жеңилген еди.

—Сонда енди неге маған уялмай «өзгерт» деп келип отырсаң?

—Сайымбет, түсинсеш, сен де бир. Сен билмейтуғын не бар... Мен бир сенин алдына исим ериккенликтен келип отырман ба? Басқа мүмкиншилик жоқ ғой, енди.

—Медаль биреў болса айтысып ал. Онда да бермесе сол бахалары менен жибере бер. Несине қорқасан? Сениң өзиң әдалатлықты айтып, басшыларға жеккөринишли болыўдан қашасаң. —Екинши рет бундай жарамас ислер менен менин алдыма келме?

—Неге бунша хәкиреңлейсең? Шаплықпа? Үндемеген сайын өзиннен кетесең-ә! Сен болмасаң тағы биреў. «Любой» бир пән муғаллимине барып қойдырып аламан. Бирақ сениң жаманлығың қалады... Демде еки жыл бурынғы алдыма келип жалынғаныңды умытып кеткен екенсен-дә!—деп топылды Мырзамурат та кеңсени басына көтерип , өршеленип.

—Мен жалынған жоқпан. Сендейлерге хәргиз жалынбайман да. Көзимниң жасын да көрсетпеймен. Лекин сол сапары меники сәл жөнсизлеў, педагогикалық қағыйдаға сәйкес келинкиремейтуғын болғанлықтан кеширим сорағаным рас. Соны жалынды деп ойлаған екенсең ғой.Сорамағанда да қурбақа жуттыра алмайтуғын едиң-дә! Көп болса сөгис бергизерсең. Тек өзин «сорасын» дегеннен сон адамгершилик жүзесинен «яқшы» дедим. —Оның пәмсизлигин мысқыллап күлди.

Шынлығында Сайымбеттиң Фазыловтан кеширим сорағаны анық еди.

... Әйне пахта теримниң қызған мәхәли. Қайып сол күнлери мектеп

директорының баласы Маратты термегени және Сайымбеттиң айтқанын қылмағаны ушын ашыўға минип урып салды. Сол ўақытта жуўырып жетип келген Сайымбет те урып атырған оған қарата: «Ур! Ур жерменниң баласын! Аяма атаңа нәлетти!»—деп салған еди. Мине усы сөзи ушын және Қайыптың оның денесине көк салғаны себепли көп хәлекшиликке түсти. Егер Сайымбет айтыспағанда екеўиниң де судланып кетиўи мүмкин еди. Өйткени термеген баланы қорқытып тергизиў деген нызамда жоқ. Муғаллим нызам бойынша оқыўшыларға төбелесип атырса, ғыжақ бериўи емес, қайта айырыўы лазым. Олардың айыплары усы еди. Расында да, сырттан қараған адамға Сайымбет пенен Қайыптың айыплы болып көринетуғыны анық.

«Бирақ шынлығына келгенде бас айыпкер бизлер ме едик? Мен урайын деп урыппан ба?—Қайып ойға шүмди.—Хәмме балалардай болып, ың-жыңсыз тере бергенде, муғаллим менен: «Әкем директор» дегендей көкирекликке, менменликке салып айтыспағанда: «Қанша айтқанда да муғаллим ғой», деп сөзин сыйлап, атыздың арғы шетине барып мешелдей отырмай тергенде, жиним бар ма қурыдан-қуры тийисе берип.

Милиция көпке шекем хәлек етти: қатнаттырып табанымызды тоздырды. Күнде бир нәрсени езип сорай береди. Буннан жалығып кеткен Сайымбет бир күни шақырып алып:

—Қайып,—деди,—сен Мараттан кеширим сора, мен Мырзамураттан сорарман. «Егер келип кеширим сораса ашыўға шыдамай берген арзамды аламан», деп Дилманнан айтып жиберипти... Сорай берейик, бүйтип жүргенше, —Шамасы мениң екиленип турғанымды сезсе керек. —Себеби бизди хеш ким түсинбейди. Түсинип: «Сизлердики дурыс», дейтуғын сот та жоқ. Тек «Урдың ба?» деп сорайды. «Аўа». «Онда болды, айыпкерсен», деп бас салып қамайды. Қурыдан қуры урмаған, себеби бар ғой: ашыўын келтирген, айтқанын ислемеген. Сонлықтан ет қызыў менен урған, «Ур...» деп салған шығар, деп жөни менен шешетуғын әдил сот еле жоқ, иним.

Сайымбеттиң жүзи сол патырат күнлери өртең шалғандай болып кетти.

Солайынша кеширим сорадық—шырылдыўдан қутыла қойдық. Соң анықланды: тергеўши: «Судлай алмайман. Бундай майда-шүйде хулиганшылықты коллективте шешиң, жолдаслық судта қараң», дегеннен соң Мырзамураттың жақсы атлы болыўы ушын ислеген ҳийлеси екен, «кеширим сорасын» дегени.

Мине усылар еди, Мырзамураттың Сайымбеттиң бетине «шыжғыртып» басып отырғаны, сондағы...

Бул ўақытта машина да ыңыранып казармаға жетип тоқтаған еди.

## VIII

Сайымбет жинли бәрқулла таң азаннан қуптанға шекем адамлар көп жүретуғын көшелердиң кесиспесинде, күндебазардың дәрўазасы алдында отырып, кейин дайысының үйине қайтады.

Бүгин де базарды жаўып, қаланың бир шетиндеги көшеде туратуғын сол үйди нәзерге алып киятыр. Көбинесе усы үйде түнейди, тек жеке-сийрек ғана жездесиникине барады.



Қәдди бүгилген, узын бойлыдан келген, бетлерин әжим қаплаған бул кисиниң арқасында гөне қапшығы бар. Қолында болса бәрқулла бир корзинкасы болады. Оның ишинде базаршы кемпир-ғаррылардың қайыр-сақаўаты тийер деп берген ерик, алма, қыярлары, нан, шай-қант қусаған басқа да азық-аўқатлар болады.

Ол үзликсиз сөйленип киятыр. Не деп сөйленбекте: кимди бәләхәтлеп, кимди мақтайды—айырыў қыйын. Гәпиниң басы-аяғы жоқ.

**—Ақсүңгил дейдилер сениң атыңды,**
**Қазақлы дейдилер хаслы-затыңды...**
**Мың түменге арзан дейди қушағы...**

Оның бул айтып киятырғаны Жаңабай палўан-шайырдың емес, өзиниң хаялы Ақсүңгил еди. Оны ойлағанда усылайынша шад болып, қуўанып қосық айтады, гейде ашыўланып, түтигип бәләхәтлейди де.

Жаслықта ким сүйген қызына, келиншегине қосық айтып бермеген, еркелетпегенди дейсиз?! Бул әжайып жаслық кимниң басынан өтпегенди?!

Сайымбет те үйленген күнлери Жаңабай шайырдың усы қосығын намаға салып, ыңылдап, йошланып отырар еди-аў! Шайыр тәрийплеген Ақсүңгилден де сулыў, хоширей, шырайлы еди, Сайымбеттиң Ақсүңгили. Аппақ, сүтке шомылғанды дерсен! Қыз емес, периште янлы. Қара мөлдир көзлер ойнақшып кеткенде жаныңды қоярға жер таппай тыпыршып қаласаң, адамның жүрегин ләрзеге салады. Жуқа қаймақ еринлер көргенди жутындырады. Сондай бир сулыў, теңи жоқ нәзәлим еди, ол.

Сайымбет оны тап бир бөпелердей алдына алып, жүзине мийри қанбай қарап отырып, талай рет усы өзиниң гимн-қосығын жаңғыртқан.

Ақсүңгил менен қослас болған дәўиринде бир ул бала, еки қызлы болды.

**Мүбәрек жамалын көрдим Ақсүңгил...**
**Хә, атаңа нәлет, Ақсүңгил!**
**Нәрестеге жүзи түспегир Ақсүңгил!**—Ол шад болып киятырып, бирден түтигип кетти. Тисленгенде ернин жулып алар ма дейсең? Көзлери масаладай жанып,жүзинен ашыў, кимгедур өшпенлилик излери айқын байқалады. Хәрдайым Ақсүңгилдиң өзине, балаларына опадарлық ете алмағаны есине түскенде усылай күйинеди. Тап усы ўақытта көре қойса тарам-тарамлап жеп қояжақ ыңғайы бар. —Сен ийтсең, хайўансаң, Ақсүңгил! Адамшылық ийисиң болғанда үш бирдей қара көзди өз баўырыңнан айырып, қабызыңнан шыққан перзентлериңди усы парахатшылық, тоқшылық заманда «Балалар үйи» не апарып тапсырар ма единң? Ярыңның көзине шөп саласаң ба?

Усы қудай дегенниң бары рас болса еле сен меннен де жаман боласаң: мениң нәрестелеримниң көз жасы урады, услайды...

«Хә, Алла қудайым, душпанларға өлим, досларға жүрим бер!!! —Ол корзинкасын, арқалаған қапшығын жерге қойып пәтия етти. Сайымбет жинли жоқары маглыўматлы, бир ўақытлары оқыўшыларды коммунистлик руўхта тәрбиялаўшы муғаллим болыўына қарамастан қудай, яғный қандай да бир адамлардан ғәрезсиз, көринбейтуғын, бирақ адамларды бақлап отыратуғын сыйқырлы бир илахийда күш бар болыўы мүмкин, деп есаплайтуғын еди.



7322
MA'LIMLEME RESURS ORAYI
RESPUBLIKALIQ BALALAR KITAPXANASI
235554

Усының үстинде ол бурын институтта оқып жүргенинде атеизм пәнинен сабақ бериўши муғаллими менен тартысып та қалды...

Бир күни лекциядан соң қоңыраўға еле 10—15 минут ўақыт барынан пайдаланып, оқытыўшы студентлерге қарата:

—Түсинбеген сораўларыңыз болса бериң?-деди.

—Мен де бар, муғаллим.

—Қәне, қандай сораў, Жәлиев, түргел?

—Муғаллим күни менен қудайдың жоқлығы ҳаққында айттыңыз. Ал шынлығында жоқлығына өзиңиз исенесиз бе?

—Отыр, усындай да саўал болама екен?! Күни менен күйип-писип мен не деп отырман, «қобызым не дейди?». Уйқылап қалған жоқпа един? — Күлки көтерилди.

—Яқ, жақсы тыңладым. Мениң түсинбейтуғыным: лекция оқыйсыз, оқыйсыз. Лекин бәри бир, биз, студентлер «қудай бар» дегенге исене беремиз. Ол неликтен? Сизиң өзиңиз анық «жоқ» деп айта аласыз ба?

—Жоқлығы анық. Мен, Жәлиев, сеннен басқа студентлер де жоқлығына исенеди, деп ойлайман. Қәне, қудай бара ма, жоқ па? «Бар» дегенлер қолларынды көтериң.—Муғаллим кең аудиторияға нәзер таслады. Ҳеш ким қолларын көтермеди. Енди, «жоқ» дегенлер деп аўзын жумбады, ҳәммениң қоллары жоқары созылды. —Мине, сеннен басқалар жүз процент исенеди. — Усы ўақытта қоңыраў сыңғырлады да, муғаллим шығып кетти. Сайымбет те китап-дәптерлерин алып оның изин ала кабинетине кирди.

—Мәден аға, ашықтан-ашық сөйлесейик: ҳақыйқатынан келиң, жаңа студентлердиң барлығының қудай жоқлығына тақыйық исенип, қол көтергенине шубҳа келтирмейсиз бе? Қалай ойлайсыз, ямаса алдымыздағы имтиханнан қорқып көтерди ме? —Оқытыўшы ийнин қысты. Соң студенттиң бетине тикленип қарады:

—Ондайда болыўы мүмкин...

—Енди , Мәден аға, аудиториядағы сораўыма қайтып келемен: Сиз өзиңиз исенесиз бе? Сиясатты қойып, шынынан келиң.

Ол күлди.

—Ҳәй, сен өзи бәле бала екенсең... Мен ҳақыйқатынан келсем исенбеймен. Көпшилик муғаллимлер, оқымыслылар исенсе де, «биреўлерге айтып қояды, сөйтип диншил атанып, партия билетимди алдырып қояман», деп ашық айтыўға қорқатуғыны рас. Болмаса исенеди, көпшилиги. Ал, тәнҳә мен исенбеймен. Бизлер де сендей ўақытта өр көкирек болғанбыз. Бирақ адам турмысты емес, турмыс адамды бийлейди екен. Бизиң «парахат» дәўиримиз, «раўажланған социалистлик жәмийетимиз» өр көкирегимизди унтап таслады, наўада қалмады. Не деседе «ләббай тақсыр», деп қулындай шапқылап кете беретуғын халға келдим, келдик. Мәден ағаның айтқаны рас екен ғой дейсең, еле. Дәўирдиң, өмирдиң ығына шықпасаң мантығасаң, суў жутып ғарқ боласаң... Сайымбет иним, сениң жеке өзиң не ушын қудай бар деп санайсаң?

—Өйткени, Мәден аға, революциядан соң ҳүкиметимиз адамларды диннен бездирди. «Қудай жоқ» деп адамлар санасына, жаслар мийине қуйып келди.



Сонлықтан көпшилик қудайға исенгенди қойды, ямаса шын кеўлинен исенбейтуғын болды. Усының салдарынан халықтың әзел бастан бойына, қанына сиңген ҳасыл қәсийетлери: адамгершилик, ҳүждан, мириўбет... жоғалып, жаўызға айналып баратырғандай. Мениң ойымша, инсанның қанхорға айналып барыўы, бир-биреўин аямаўы, зулымлығы,қудайдың жиберген пәлекети—өш алыўы. Исениўге және бир тийкар—мендеги төмендегиге тәкәббил диний аңызлар:

Бир күнлери үш-төрт адам қула далада гөш асып, ол писип шығарайын деп атырғанда биреўи екиншисине:

—Мына аўқаттан жейсең бе? Қолыңды жуўып таярлан,—депти.

Екиншиси:

—Әлбетте, жеймен. —депти.

—Ҳәй, бәдбақ! Өйтип ҳәсиге кетпе. Қуда қәлесе де!

Аўқаттың шығарылып атырғанын көрип турғанлықтан исенимли түрде екиншиси:

—Қудай қәлесе де, қәлемесе де жеймен, со.—Ҳәр бир сөзин нықлап айтыпты.

—Маңлайы қурыған, сор қайнаған, еле де тәўбеге келип, қуда қәлесе десеңо, бир нәрсеге жолықпастан бурын,—деп бириншиси шыжа-пыжасы шығып, айтып аўзын жумбапты, қасындағы киси:

—Ҳех!—деген де қарнын услап, еки бүкленип қалыпты. Ишинен басланған бир иле тап жүрек тусына дейин келипти де, бийшара көз жумыпты...

Мен бул ҳәм буған сәйкес әңгимелерди ғаррылардан көп еситтим. Ҳақыйқатында да, өмирде усындай қубылысларды байқап, қудай барлығына исеним ҳасыл етесең...

Өзим гүўа болған бир ўақыяны да айтып берейин. Ол гезлери бес-алты жаста едим. Аўылымызда Еримбет гереҳ деген ғарры болды. Ериклери басқа үйлердикине қарағанда онлаған күн ерте писеди. Сонлықтан аўыл балалары менен қосылып урлыққа барамыз. Балалық-тә! Болмаса сарғайып, уўылжып пискеннен соң жылда өзи қағып бизлерге беретуғынын да жақсы билемиз. Бирақ соған дейин шыдамаймыз. Ал ол болса «Көклей жесеңиз тамағыңыз аўырады», деп бақырып, алғызбаў ушын таң азаннан қара қуптанға шекем еригиниң астында отырып, бағады. Бизлер болсақ, қайымын таўып урлаў менен әўеремиз. Басқа талап та жоқ, шынында.

Сол күнлерги мына ўақыя еле мениң көз алдыма келеди де турады. Қолында үлкен сырығы бар Еримбет гереҳ бир күни еригинен ҳеш алдырмады. Қанша урынсақта бир ерик те тисимизге тиймеди. Киштай деген бизлерден онлаған жас үлкенлеў бала бар еди. Сол:

—Ҳәзир мен Еримбетти артынан барып қыймылдатпай услап тураман. Сизлер тез өзлериңизге ҳәм маған алың,—деди. Сөйтип әсте тысырлатпай ғаррының артынан бара мойнынан қушақлап алды. Ол қылғынып атыр. Киштайдың ҳәм бизиң оның менен исимиз жоқ: ерик алғанды мәп көрип, қораның ишине секирип-секирип түсип, шақаларының сынғанына қарамай шапки, көйлектиң ишин толтырыў менен бәнтпиз.

—Ал, жиберемен, таярланың! —деген оның даўысынан сол жаққа қарасам,

басын кекшийтип артқа еле тартып услап тур екен. Ғаррыда не жан болсын, тырп ете алмай, сақалы селкилдеп отырыпты. Мен оларға жақын болғанлықтан қашып баратырып қарағанымда Еримбет гереңниң шүңирейген нурсыз көзлеринен жас парлап ағып атырғанын көрдим. Көз жаслары аппақ сақалына әжим қаплаған бети арқалы тамып, моншақтай жылтырап турғаны еле-еле көз алдымда тап күни кешегидей елеслейди. Қораның сыртына өтип алғаннан кейин және қарадым. Киштай оның мойнынан қысып турған қолын жаздырды да, турра қашты. Еримбет ғарры оны қуўмады да, таяғын силтемеди де. Оған шамасы да жоқ еди. Сол отырысында отырып қала берди.

Кеште апам менен ағам жумысларынан келиўден:

—Ерикке сен де бардың ба, қыршын? —деп бақырды көзлерин алартып жеп қоятуғындай.

—Яқ, —қутылыў ушын өтирик алдадым, төмен қарап.

—Хе, солай болсын, барма! Еримбет ағаға бағана Киштай күш көрсетипти. Ғарғап атыр. Оның ғарғысын алған адам оңбайды, балам,—деп жайшалап айтты.

Сондай урныққыр, киятырғанның кетпенин, баратырғанның балтасын алып қалып жүрген Киштайдың, кешегиде үй бетке барсам (армиядан келип пахта заводта ислеп атыр еди) бир қолын станок ийнине шекем шайнап кетипти. Адамлар болса:

—Бийшара балам, жасында Еримбеттей ақ көкирек адамның ғарғысын ала қойып еди. Ғарғысы келди,—деп гүңкилдесип жүрипти.

—Енди мени тыңла, Сайымбет иним. Жаңа «исенбеймен» дедим дурыс па? Алжаспадым ба?

—Аўа, солай дедиңиз.

—Өмирге жақсы, тереңирек түсингеннен соң исенбейтуғын болдым... Илимниң анықлаўы бойынша «қудай» деген түсиник әййемги ата-бабаларымыздың санасында хәр қыйлы тәбийий апатлардан: гүлдирмама, дәрьяның тасыўы, қатты суўық, яки ыссы, тағы басқалардан қорыққанлықтан пайда болған делинеди. Дин, Қудай түсиниклериниң социализм заманында жасап атырған бизиң санамыздан еле шықпаўының мәниси: биринпшиден, атаның баласының мийине кишкенесинен баслап қуйыўынан; екиншиден, турмысымыздағы хәр қыйлы былғасықлардан; үшиншиден, адамлардың санасы еле де төмен раўажланған; төртиншиден, ҳүкиметимиз хәр бир адамды туўылғанынан баслап өлгенге шекем өмирине керекли руўхый, материаллық азық пенен тәмийнлей алмайды. Егер ертең я арғы күни не кийемен, не ишемен деп ойламағанда, биреўден дәкки жеў, сөз еситиў жоқ болғанда, адам қудайды ядына да алмас еди. Дурыс па, Сайымбет иним?

—Келисиўге болады. —Басын ийзеди.

—Сонлықтан қыйыншылыққа ушыраған адамда дүньядан түңилиўшилик, бир затқа исениўшилик сезими пайда болады. «Куда кәлесе биз де жеткисермиз». «Қудай маңлайымызды қыршып қойған жоқ шығар», яки «Тәғдирде жазған екен, көнбек лазым» деп өзлерин алдарқатады. Соның менен бирге жаңағы сениң айтқаныңдай тосыннан болған хәр қыйлы қубылыслар да диниң өмир сүриўин узайтады. Адамлардың, сениң сананда «Қудай» дегенниң неге жасап киятырғанына түсиндиң бе?



—Аўа, рахмет, Мәден аға. —Ол муғаллимниң дәлиллемелеринен соң қудайдың жоқлығына исенгендей болды.

«Солай болса солай шығар,—деп ойлады сонда ол. —Егер барлық зат жеткиликли, қайғы-уўайым жоқ болса қудайдың бар-жоқлығы қызықтырмайтуғын шығар, адамды. Өзлеримиз ондай дәрежеге жетпегеннен соң билмеймиз. Қудайға жалбарына беремиз...»

Сайымбет еле сөйленип киятыр. Изинде тамамы балалар жабырласып:

—Маған бер. Маған бер,—дейди. Оның басқа жинлилерден өзгешелиги, албаў-далбаў болып жүргени менен балаларға, адамға зәлели жоқ. Қайта олар не десе де еситпегенсип үндемейди. Балалар басқа жинлилерди мазақлап, изинен кесек ылақтырып, уўда-шуў болып жүрсе, Сайымбетке кесек атпайды. Өйткени, ол тийин үлестиретуғын еди. Күни менеңги жыйнағанларынан гей күнлери дайысының үйине келемен дегенше бир тийин да қалмайды.

Ҳәзир де дайысы Қошмураттың сыртқы жарма қапысын ашайын деп атырғанда изинен келип, шапанының шалғайынан тартқан төрт-бес жасар қара балаға шекийнесиндеги соңғы жигирма тийинлықты берип, ишке сүңгиди.

## IX

Казармаға келип аўқатланды. Хәмме менен дизилисип кешки сынақтан да өтти... Кейин жатты. Кәтте жатырған оның көпке шекем көзи илинбеди. Өзиниң бес жыл қослас болған, соң «Мен сени бахытлы ете алмайман, кете бер» деп рухсат берип жиберген келиншеги Қаншайым көз алдына келе берди...

Қара торы, толықлаўдан келген, қыйғаш қас, жумалақ жүзли Қаншайым менен Қайып мектепте оқып жүрген ўақыттан баслап-ақ кеўиллери жарасып хат алысып, ушырасып жүрди. Екеўи де оқып жүргенде қосылды. Онда Қайып жоқары оқыў орнының, Қаншайым медучилищениң үшинши курсында еди.

Булардың барлығы тап күни кешегидей Қайыптың еле ядында...

—Қаншай,—деди бир күни жатырған келиншегине.

—Неўе? —Ол күйеўин қушақлап аймалай баслады.

—Бир гүррин жазып едим, оқып берейин бе? —деген еди сонда Қайып. Кейин қушақлап, салыўлы төсекке жыққаны, екеўиниң жипектей есилгени... «Қойса, Қайып. Оннанша гүрриңиңди оқы, еситейик» дегени, ал өзиниң «Соң...» деп оның ыссы қушағында балқып жатқаны... бәри-бәри, үсигиненүсигине шекем есинде сайрам-сайрам болып жатыр.

Бираздан кейин бир-бирин қушақларынан жаздырды.

—Маўқың басылды ма, ғарры? —деди Қаншайым күле шырайланып.

Олар жас болса да бирин-бири еркелетип «кемпир, ғарры» деп шақыратуғын еди.

—Басылама сирә, бинай өмиримде,—Қайып түргелип стол үстинде жатырған еки тийинлық сырты көк шахмақ дәптерди алды. —Оқый берейин бе?

—Мәрхамат, оқыңыз. —Еркелеген Қаншайым малдас қурынып отырған оның алдына жалп етти.

—Аты қандай?

—**«Аянышлы өмир»** деген.

—Онда революциядан бурынғы халқымыздың турмысы ҳаққындағы шығарма болды ғой, шамасы?

—Яқ, ҳәзирги ўақыттағы елимиздеги-ақ адамлардың өмири туўралы.

Қаншайым оған исенимсизлеў қарады да, соң былай деди:

—Өйтип бир бизиң дәўиримизде аянышлы өмир бар ма?

—Неге жоқ! Бир мысал: бизлер билетуғын Сайымбет муғаллимниң өмири не? Аянышлы емес пе? Буннан басқа да қанша адамлар заманның азабын тартпақта. —Қайыптың күни мененги жадыраған жүзи жабылып, суўық демин алды. Күйеўиниң қапаланғанын сезип, келиншеги гәптиң аңғарын басқа жаққа бурыўға урынды:

—Той берип оқыйсаң ба енди, болсеш? Бир гүрриң жаза қойған екенсең, адамды дилгир еттиң ғой.

Қайып оқый баслады.

## «АЯНЫШЛЫ ӨМИР»

*Гүрриң*

*—А-а-а, ҳим-м! —Бийтап киндигиниң тусындағы оң қапталын услап буратылып жатыр. Усылай жаны көзине көрингенликтен бақырып, ыңыраныўы атырғанына да бир қанша ўақыт болды. Еле бөтекесиниң услаўы тарқамады. Ап-ашшы өттей запыран қуспақта. Ара-тура қатты бурып па, шаншып па, айырыў қыйын,аўырғанына шыдамай: «Ўай-ўай, өлдим!» деп бақырады.—Тоңып баратырман, үстиме бир нәрсе таслаң.—Ол үстиндеги жаман ләттесин бас ушына тартса аяғы ашылып қалады. Сонлықтан аяғын баўырына алып, топ болып жатты.*

*—Не жабайын?—деди үлкен улы жыламсырап, өзиниң үстиндеги қырық жамаў бешпентин шешиўге қолайласып атырып.*

*—А-а-а!—Аўырыў киси тисленип арман аўдарылып түсти, «керек емес» деген сыяқлы қолын сермеп.*

*Бир ўақытта азғантай жайпарахатланыўынан пайдаланып, шуңирейген нурсыз көзлерин нәрестелерге тикти. Олардың кешеден бери нәр татпағанын еслеп, ишиндеги еслиси—үлкенин ымлап қасына шақырды. Қалтасына хәлсиз қолларын суғып, бир доллар шығарды. «Қалып қойды ма» дегендей және суңгитип еди, лекин бул рет қолына хеш нәрсе илинбеди.*

*Әкесиндеги ақшаны көрип, еки мүйеште көзлериниң астынан қарап отырған жалаңаш еки улы дәмеленип жутынып, еринлерин жалап қойды. Ал, естиярлысы болса әкесиниң қасы-қабағына қарап, иши шурылдап турса да билдирмеўге тырысты.*

*—Аға, бизлер аш емеспиз. Өзиңизге не әкелейин?—Спок мийзамшыл баласына кеўли толып, өзине тартып маңлайынан сүйди.*

*—Иштейим жоқ. Өзлериңе жетерлик нан сатып ала ғой. Кишкене үкеңе азмаз сүт-әм әкел, жетсе.*

*«Тамам енди, бөтеке пулы да түўесилди. Спок, енди сенде сататуғын не қалды?! :Жүрегиңди сатасаң ба?! Сатсаң биротала бул дүньяның ғалма-ғалынан қутыласаң ғой.—Ишинен өзин мысқыллады.—Аўа,сөйтиўим керек. Жумысқа жарамасам: күнде аўырады. Бундай тиришиликтен өлим анағурлым артық... Өлгенде өлип кете бермен. Сонда мына шым-шырқадай балларды кимге тапсыраман. Аяғыма тусаў болып турған усылар ғой. Болмаса қашшан...*

*Бийшара анасы да мендей жарымжанға қосаметкей еди-аў. Оны да көп көрди.—Спок қанша жыламайын десе де зайыбының қайғылы өлими ядына түсип, көзинен жас саўлап кеткенин билмей де қалды.*

*... Ол гезде Спок фабрикада тери ийлеўши болып ислейтуғын, сийрек аўыратуғын еди. Ал ҳаялы қоңсысы—Холл мырзаның сипсекеши. Ол ўақытта да өмир жетиспеўшилик, қайғы менен аралас өтсе де Спок айналасындағы кәмбағаллардың өзинен де төмен, аянышлы өмирин көрип өзин-өзи жубататуғын еди. Және ол гезлери қайғысын бөлисетуғын, хожалық машқаласын ийинлесетуғын адамы—зайыбы бар еди. Бир күн тоқ болса, еки күн аш отыратуғын сол турмысына да қайыл еди ғой, сорлы. Бирақ мийримсиз қудай оны да көп көрди.*

*Барлығы сол бир қайғылы ўақыядан соң шалт өзгерди.*

*... Бир күни анасы менен ерип барған Споктың еки жасар баласы мырзаның тентек улының ойыншығын алып ойнап отырып сындырып алған екен. Соннан ол бала шаўқым салып жылап: «Тазасын алып беремиз» дегенди де тыңламай, әкесине барып айтқан. Сурбет фабрика директоры—Холл мырза уялмай еки жасар нәрестени жазалай баслады: услап алып ҳайўанның баласы шелли көрмей, ылақтырып жиберди. Қара жерге қатты қолайсыз түскен бала шырылдап жылай баслады. Бундай зулымлықты көрген ананың дәти шыдамай, жүўырып келип мырзаға асылды.*

*—Аясаңшы, мырза! Ол еле нәресте ғой...*

*Мүсиркеў орнына ҳаялды да күш пенен ийтерип жиберди. Арық , ҳалы жоқ байғус тентиреклеп барып жалп етип қулады. Басы мраморлы жайдың пышақтың жүзиндей қырына сақ ете қалып, қан жосып кетти.*

*Спок жумыстан келип көп қан кетип хәлсиреген ҳаялына врач шақыртып еди, ақша бермегенликтен дурыслап қарамады. Сөйтип көз көреки түнниң бир ўағында зайыбынан айрылды да қалды.*

*Холл мырзаның берген бул умытылмас ақыретине шыдамай, судқа да берди. Бирақ пайда шықпады: қашшан мырза олардың аўзын гүм еткен. Барлық ғәремет еки жасар бала менен анаға жабылды: ҳаялдың өзи сүрнигип жығылған: суд «тексерип» сондай жуўмаққа келди.*

*Сол-сол екен, Споктың жорғасы кейин тарта берди. Оған бөтекесиниң тутыўының жийилениўи де қосылды. Соның себебинен жумысты оңлап ислей алмай қуўылып, үш баласы менен гезендеси шығып қалған еди...*

*Қолында бир бөлек наны бар баласы кирип келди. Ол соңғы долларды да саўып келген еди...*

*—Жумыс жоқ дегенге түсинесең бе, сен гезенде,—деп бақырды, ашыўлы, бетинен қаны тамған, кишкене бойлы, домалақ жүзли шахта директоры мурнын гиржийтип, жийиркенишли қарап. Оның жийеркенгенинше бар еди: Споктың үсти-басы алба-далба. Шалбарының тесиклеринен сиңири билеўленип билинип*

*турған, аяқ кийими де қарық емес: аўзы ашылып кеткен. Өзиниң де тек қаўсап сүйеги қалған. Жағы қуўсыйған. Көз жанары нурсыз, шүңирейген. Усындай суўықта тойып аўқат жемегенликтен аяғында зорға турыпты. —Мына суўықта өлип қалмастан бурын үйиңе жетип ал. Болмаса жумысыма кесент етип атыр деп полиция шақыртаман.*

*Спок полиция келсе жақсылық болмайтуғынын биледи: жазаламады деген-ниң өзинде урып-урып бул жерге қайтып изеп баспастай етип жибереди. Болмаса машинасына мингизип алып кетип, бийпул жумысқа жегеди. Сонлықтан қорқып кетпекши болып турды да және үйинде аш отырған қаршадай үш перзенти ядына түсти.*

*«Бос барыўға болмайды». Ол қайтадан мырзадан қайыр-сақаўат тилеп, үмитли көзлерин тигип қарады.*

*—Хүрметли мырза, шым-шырқадай үш баламды ая! Кешеден бери нәр таппады. Анасы да жоқ еди...*

*Шахта директоры сонда да еримеди. Хәтте, жуўап та қайтарғысы келмей, хызметкерине полицияны таўлаўға буйрық берди.*

*—Булар менен салғыласып отыратуғын шамам жоқ. Ўақтым да аз.*

*Енди қашпаса болмайды. Ол мойнын ишине тартып, жуўырып кетти. Жуўырған сайын жел де күшейип, үстиндеги кийимлериниң тесиклеринен хүўлеп кирип, тула-бedenин қалтыратады. Таса-паса менен үш- төрт көше айналған соң «Енди қутылған шығарман» деп жүриўин пәсейтти.*

*Ол жақпас аўқат жесе, аязласа бөтекеси аўырып тутып қалатуғын еди. Хәзир де белги берди. Сонлықтан қолы менен бөтекесиниң тусын басып, иймейиңкиреп киятыр.*

*«Бундай болып жасағаннан өлген жақсы. Жеўге, ишерге асың, кийерге кийимиң болмаса, бул жарық дүньяның неге кереги бар?!*

*Тамақ табыў ушын ислеўге жумыс табылмағаннан соң тойынбай нетерсең?! Лекин қатал өмир өлиўге де мурса бермей, қара көзлерди аяққа ораў етип қойыпты».*

*Ол усындай қыялларға берилип еңсеси түсип киятырғанда жанына бир жеңил машина келип тоқтады. Оның ишинен биреўдиң:*

*—Спок, кел, мин,—деген даўысы шықты. Оның жүреги зырқ ете қалды. Себеби бул даўыс қас душпаны, зайыбын өлтирген қоңсысы —Холл мырзаники еди.*

*—А-а!- деп аңырайып қарады, еситсе де исенбегенликтен екиленип. «Қашан бир гезенде, саяқты мырзалар бундай жумсақ орынлы машинаға мингизипти. Қой, алжас еситкен шығарман».*

*—Бол тез!—ол буйырып тур. —Споктың енди минбеўге шарасы қалмады. Қасарыса берсе, бул қусағанлардан хәр нәрсени де күтиўге болады. Мингеннен соң мырза әлпайым ғана хал-жағдайларын сорастырды.—Еле жумыс таппадың ба?*

*—Яқ.*

*—Қыйын болған екен!—Спок оның майлы тилиниң астында бир нәрсениң жатқанын аңғарды. Өйткени ешейиннен-ешейин бул сықмар мырзаның хеш кимди бундай етип машинасына мингизип сыйламайтуғынын, хәтте жыллы сөйлемейтуғынын да билетуғын еди. — Онда мен жәрдемлесип жиберейин, шым-шырқадай балларың да бар еди...*



*—Кәнекей, өмиримше умытпас едим...—Спок оның бүйириниң бурыўының себебин еле билмей турыпты. «Бир рехими түссе түскен шығар, бул да адамның баласы ғой», —Хүрметли мырза, биз қайда баратырмыз?*

*—Емлеўханаға. Бизиң үлкен баланың бир бөтекеси аязлап исип кетип, жарамсыз болып қалған. Соның орнына сен бир бөтекеңди бересең. Ал мен доллар... Келистик пе?*

*Спок мийрим-шәпәәт себебин енди түсинди. Дәслебинде ар-намысы жол бермей: «Қас душпанымның баласының өмири ушын пышаққа түсиўим керек пе?» деп ишинен айға шапшыды.*

*Өмирде хеш те бендениң айтқаны болмас екен. Болмаса ол жаўымның алдында өлмей бас иймеспен, деп серт еткен-ақ еди. Бүгинлигинде сол антынан тайыўға мәжбүр. Таймағанда, қорлықлы шәртине көнбегенде не қылады? Балаларына бир нәрсе апарып бериўи керек емес пе, ақыры? Жалғыз баслы болғанда бир сәри.*

*Холл мырза қыстастыра баслады.*

*—Сен болмасаң тағы биреў. Бирақ бундай қолайлы имканиятты қолдан жиберме.*

*—Қаншаға?...—Ашыўын ақылға жеңдирип келисти.*

*—... доллар беремен.*

*—Масқаралап атырсыз ба, хүрметли мырза? Ең қурығанда ... доллар болмаса келисе алмайман. Бүйректи алдырғаннан соң көпке шекем жумысқа жарамайтуғынымды да есапқа алыўыңыз керек емес пе?*

*—Яқшы, сизиң айтқаныңыз-ақ болсын. Келистик пе, онда?*

*—Аўа,—деп басын ийзеген болды, нәилаж.*

*Аўырыўханада оны уролог врач тексерип көрди. Урограммасына қарап басын шайқады.*

*—Оң қаптал бөтекеңде тас бар екен, жарамайды. Саўын бериўге қайылмысаң?— Оның сораўы орынлы болса да Спок негедур шамланды:*

*—Қайыл болмасам келемен бе, доктор. Сен де адамды жандырасаң-аў!*

*—Мен сени аяғанлықтан ескертип отырман. Өзиңиз билесиз... Усы операцияда екинши бүйрегиңдеги тасларды да алып таслайық па? Биротала бир қыйналасаң,—деди және.*

*Спок қандай мийримли доктор болса да операцияны биййпул ислемейтуғынын биледи.*

*—Канша аласыз?*

*Доктор бахасын айтты.*

*—Рахмет,—деди баханы еситкеннен кейин,—кеңесиңиз ушын миннетдарман... Хәзирше жаныма батып жүрген жоқ.*

*—Өзиңиздиң кәлегениңиз. Алдын алып емленбесеңиз, тас үлкейип кетеди.*

*Спок еситпегенсип, үндемей ары бурылып жатып алды. Операция басланды.*

*...Минекей усындай қыйыншылық пенен тапқанының да соңғы доллары жумсалып питти. «Ендиги жағында күним не кешеди? Болжаў қыйын. Жумысқа да жарайтуғын түрим жоқ. Операция орны питкени менен тас, доктор айтқандай үлкейип атыр ма, әйтеўир соңғы ўақытлары тутыўы жийиленип*

*кетти. Не ислесем екен? Урлық ислейин бе? Мениң қолымнан ол да келмейди-аў? Жуўыра алмасам... Көзимди сатайын ба? Нурсыз ләкет көз кимге дәри дейсең?! Жүректи де екеў етип жаратпаған екен, қудай. Усындай тарыққан, қысылған гезлери бизлердей пақырлар сатып, бес-алты айға өмирин узайтар еди.*

*Ол бир танысларынан ҳәр қыйлы тәжирийбелер ислеў ушын жасырын түрде адамды тирилей сатып алатуғын профессор ма, доктор ма, қулласы, әйтеўир, бир илимпаздың барын еситкен еди.*

*«Сол шыпакер келисетуғындай болса, балаларымды қуным менен өзлериниң тамақларын өзлери таўып алатуғын дәрежеге жеткенше асыраўға келисим дүзисиўим лазым»—Спок балаларын бирме-бир көтерип,баўырына басып,мийри қанғанша аймалады. Көзинен аққан жасы бетин жуўып кетти. Соң қолайы келсе өзин турысы менен сатыў ушын әсте-ақырын жаман шатпасынан сыртқа бетледи.*

*«Жолым болып, балаларымды усы ең соңғы көриўим болғай!» деп тилек тилеп баратыр.*

Екеўи де бираз үнсиз қалды.

—Жүдә аянышлы екен,—Қаншайым ғаррысының көкирегине басын қойды. Жанарына мөлдиреп жас келген. —Жумсартыңқырасеш! Буншелли қатты болғаның не? —Жаслы көзлерин сүлги менен сыпырып, күле шырайланып күйеўине тигилди.

—Турмыста усындай болса, қалай енди жумсартаман? Онда өтирик жазған болмайман ба?

Бираз тыныспадан соң Қаншайым және гәп баслады:

—Айтпақшы, сен бизиң елимиздеги адамлардың турмысы ҳаққында деген жоқ па едиң? Ал бундағы...

—Аўа, дурыс айтасаң. Мен бирақ капиталистлик елде болған ўақыя сыпатында сүўретледим. Ондай етпесем, газета-журналларға баспайды. Және капиталистлик елди жаманласаң сиясатшыларымыз да бир көтерилип қуўанысып қалады,—деген еди Қайып сонда электр жарығын сөндирип атырып.

...Ол усыларды ойлап жатып көзиниң илингенин де абайламай қалды.

## X

Сайымбеттиң дайысы Қошмурат бир биймәлел, ақ көкирек ғарры еди. Кемпири Улмекен де кел-кетимге зор. Булардың бир жақсы қәсийети: сен баслықсаң ба, пақыр-пуқарасаң ба, галстугиң бар ма, жоқ па, айырып отырмайды, шын кеўилин ашып, барын базарлық етип күтеди. Сайымбет те «жин» урғалы усы жерде болып киятыр. Қабағын шытпайды, хеш мусылманлар! Қайта аяп, Улмекен кемпир ғарры жанын қыйнап, кийимлерин жуўыстырып береди. «Шарапаты тийип жүрер, бийшараның», дейди олар. Сонлықтан да Сайымбет жинли бул жерге тартынбай, өз үйиндей көрип келе береди.

«Мына гербишлердиң барлығын мен қуйған едим-аў», —деп ойлады, жайға кирип баратырып.

Қошмураттың аўылындағы жайы буннан он бес жыл бурын өртенип кетип, баспанасыз қалғанда, усы Сайымбет оларға қаладан жер участка сатып



алып, жай салып берген. Сонда жазғы мийнет дем алысында усы гербишлерди қуйып берди. Қошмурат ғарры аўырыўлаў болғанлықтан жайға қол ура алмады да, аўырманлықтың бәри буған түскен еди. «Аўырыў өле ме, саў өле ме» демекши, татар дузы бар қусайды, еле сүйретилип жүрипти.

—Кел, кел, жийеним. —Дайысы әдеттегидей жыллы күтип алды. —Төрле. Аўқатты да жемей саған қаратып қойыппыз. Тез қолларыңды жуўып, дәстурханға келе ғой.

Сайымбет жинли тил қатпады. Барып қолларын жуўып қайтты да, корзинкасындағы қыяр, помидор, жамбылшаларды шығарып қойды. Ол хеш ким менен де ашылысып сөйлеспейтуғын еди. Тек гейде дайылы-жийен әжик-гүжик бола қалады. Соннан гәпти жийени буза баслайды. Керексиз нәрселерди айтып кетеди. Гәптиң мәниси қашқаннан соң дайысы да туўарыўға тырысады.

«Бурынлары Сайымбет қандай жигит еди: қосықшы десең қосықшы, шешен десең шешен, тилинен май тамған дилўар, палўан десең палўан, жигитлердиң бир султаны еди ғой. Бул қараң қалғыр дүньядағы мәккар, ҳүжданнан журдай болған инсапсызлар майырды да қойды. Усындай жигитти заяладыаў! Нетерсең енди! Көмиўсиз қалғыр Мырзамурат! Жүзи қара, инсапсыз Мырзамурат!... Үрим-путағың өспесин, ийшалла!», деди ишинен дайысы.

Бурынлары, шынында да, Сайымбеттиң дайысының үйине келиўи бир байрам еди. Өйткени бийперзент кемпир-ғарры жабығып отырғанда келип, аннан-мыннан гәп таўып, олардың қулағының қурышын қандырып кетеди.

Бир келгенинде гәптиң арасында дайысына қарап:

—Адамлар өзи не болып баратыр, кейнинде. Ақыйыр заманда биреўбиреўди жалмайды дейтуғын еди, кемпир-ғаррылар. Сол келди ме деп турман,—деп баслады сонда жамбаслап жатып.

—Хе, не гәп өзи?

—Хәй-й, не болатуғын еди, өзимиздиң Мырзамурат директорды айтамандә. Бағана дәлизде жүрсем бир класстың оқыўшылары шаўқымласып атыр екен. Барып қарасам, муғаллим жоқ. Соннан «Кимниң сабағы?» деп сорасам, «Фазыловтики» деди. «Қайда кетти?», «Билмеймиз», «Бурын өтип жүрип пе еди?», «Ара-тура». Дайы өзиң билесең, жийениңниң бундайға шыдамайтуғынын. Соннан директордың кабинетине барсам, шай ишип отыр екен.

—Мырзамурат, «8-в»да сабағың бар екен ғой,—дедим.

—Аўа, хе? —деди шайын сораплап ишиўин даўам етип. Жақтырмағаны бел-белгили болып тур.

—Өтпейсең бе?

—Өтемен бе, өтпеймен бе, сениң не жумысың бар-әй, әстаўпыралла! Анлыдын да жүрдиң ғой, мени я ...Қанша урынсаң да әнейиликте директорлықты ала алмайсаң. Тамырым беккемге кеткен.

—Директорлығыңның бир тийинға да кереги жоқ. Ол не дегениң, Мырзамурат? ... «Класын шаўқымласып атыр, басқа класслардың сабақ өтиўине кесент бермекте. Сабағыңды өт», деп атырман, тек.

—Билемен ғой, сениң ишиңдегини. Қашан көрсең күнлейсең де жүресең. Тырнақ астынан кир излейсең.

—Күнлемеймен, дурыс түсин. Тек сениң кемшилигиңди айтып атырман. Өтпеген сабағыңды «өттим» деп айлық жазба деймен. Бос штатларға жоқ биреўлердиң атын жазып, айлық алма деймен. Басқа не жазығым бар? Сол да тырнақтың астынан кир излеген бе?

—«Қолыңнан келсе қонышыңнан бас», деген, түсиндиң бе?

... Сайымбет саў ўақтында келгенинде дайысына өзиниң усындай Мырзамурат пенен келиспеўшилигин, улыўма адамлардың пейилиниң тарылып баратырғанын сөз етип, әңгимелесип отыратуғын еди.

—Не қыласаң енди?! Кемшилигин айтқаның менен жаман атлы боласаң. Жоқарыға жазсаң, арзагөй атанасаң. Және жазған мийнетиңе бир нәтийже шықса екен-аў. Келген тексериўдиң тамағынан бир нәрсе өткереди. Соннан ол «пыттықы-сыттықы» деп қайтып кетеди. Сениң тек жаман атың қалады. Соңлықтан, Сайымбет, әтирапыңдағы адамлар қәйтип күн кеширип атырса солар сыяқлы көрмегендей, тыныш жүре бер. Ҳәзир сондайдың: жағымпаз, мәккардың заманы. Бир өзиң қарсы шықсаң майырыласаң. «Жалғыз ат шаппа, шаңы шықпас».

—Қалай енди наҳақлықты көре тура көрмегендей болып, көзди жумып өтерсең. Оған ҳүжданым жол бермесе не қыламан?!

—Өзиңди зорлаўың керек. Жақсы, тыныш жасаўды қәлейди екенсең, ҳүждан, ар-намыс, адамгершиликти былай ысырып қоясаң. Болмаса бир бәлеге тап боласаң.

—Яқ, дайы. Мен өйте алмайман,—деди даўысын көтерип.—Ондай болып та көрейин, деп урындым. Бәри бир адамның қанына синген қәсийет қалмайды, өзгермейди екен: жағымпазлықты келистире алмадым, ҳақыйқатлық ушын гүресте қурбан болғанды абзал көрдим, басшының, пуллының алдында қырғаўылдай жорғалап жүргеннен...

Усыларды ойлап Қошмурат ғарры Сайымбет жийениниң жинли болыўына өзи де себепши-аў, деп қойды ишинен. «Өр көкиреклиқтен, ҳақыйқатлықтан пайда таптың ба?!» Саўат десе саўат бар еди, егер Мырзамурат пенен, райОНО менен мәмилеге келип ислей бергенде ғой, бул жинли емес, ең қапылғанында мектеп директоры болып жүретуғын жигитлердиң бири емес пе еди? Әттең!...»

—Жийен, ал аўқаттан.

Ол басын ийзеп қойып, қолды бадыя табақтағы шийрин сары палаўға басты.

## XI

Ол уйқылап атырып түс көрди...

Қаладағы бир бөлмели кирей жайында Қаншайым екеўи бурынғыдай әжик-гүжик болып шай ишип отырған екен.

—Түстен кейин де оқыўға барасаң ба? —деп сорайды келиншеги. Соған қарағанда ўақыт түстиң шамасы болса итимал.

—Яқ, қалмасақ болмай тур.

—Сабақтан қалмайтуғын едиң ғой. Не жумысың шығып қалды?



—Кеше емес пе Райхан апаның: «Бүгинге кирей пулды таклап қоймасаң, затларыңды сыртқа зыңғытаман» дегени?...

—Соның ушын не ислейжақсаң? Қарыз излестиресең бе?

—Қарызды маған ким береди?! Сорап-сорап шаршадым. Тап алдап кететуғындай таныстың өзи бергиси келмейди. «Жоқ» дейди.

—Қоңсы Әлимбай ағадан сорап көр. Бериўи мүмкин, ақшасы көп ғой.

—Ҳәй-й, қой-ш, оны. Белгили ғой, салфетканың орнына аўзын жигирма беслик пенен сыпырып ылақтырып жүрсе де қарыз бермейди. Өлимтик ғой, барып турған. Оған бетиңди белдей етип, жалынғаннан биреўдиң ҳәжетханасын тазалап, ақша тапқан жақсы.

—Жигирма беслик пенен аўзын сыпырған дейсең бе?—Қаншайым исенбеди, жағасын услады. —Әстапыралла! Журт ғой, жейтуғын нанына жигирма бес тийинди зорға таўып жүр... Ал, онда не қылмақшысаң?

—Вокзалға барып вагоннан зат түсиремен, тийеймен. Бир вагон затты төрт адам болып түсирсең адам басына отыз-қырық сом алатуғын қусайсаң, —деп атыр Қаншайымға.

—Қыстастыра бермегенде не қылады екен-ай, со!—Келиншеги ҳәрдайымғысынша қапаланған күйеўиниң кеўлин көтермекши болып, хожайын кемпирди жаманлап атыр. —Өзлери студент, деп ойласа болады ғой.

—Ҳәй-й, кемпир-әй!... —Ол суўық демин алды. —Студент болғанымыз ушын қырық сомға түсирип қойған жоқ па, енди? Не айып бар, онда?

—Сонда да «Стипендия алғанша тура тур, апа» деп жағдайды айтқанда да: «Мен билмеймен, ўақты өтип баратыр, төле!» дегенине, биле тура қыйнағанына ашыўың келеди-дә!

Қаншайым түргелип нәйлаж шәйнек-кесесин жыйнастырыўға кирисди.

—Шабазым, қапа болма, есабы болар,—деп ол да түргелмекши болып атырғанда, қайдан келгени белгисиз, әкеси Досмурат оның алдында пайда болды. Бир қараса, бунын сегиз жасларында аўырып қайтыс болған анасы Сулыўхан да жүрипти. Басынан аяғына дейин ақ таўарды орап алған.

—Ҳаў, аға, апа! Сизлер қаяқтан келдиңлер? —дейди Қайып қуўанғанлықтан ба, таңланғанлықтан ба,аўзына басқа сөз түспей. Бирақ өзи қыйналып жүргенде олардың ғайыптан келгенине қуўанып тур. Руўхый мәдет билип тур.

—Қай жақтан болатуғын еди —гөрден-дә. —Сулыўхан апа күлип: «Көрмей турсаң ба?» дегендей үстиндеги ақ сүп таўарға қарайды.

—Бир-бириңизди тапқаныңыз жақсы болған екен. Мен Сизиң қәбириңиз қойылған әўлийе тегисленип, пахта атызға айналып кеткеннен соң ағамды «Қотан» әўлийеге жерлеп едим,—деп Қайып өзин айыплы пишинде услайды.

—Жарамайсаң, улым, жарамайсаң! Жалғыз қәдирдан анаң «турған», жатқан әўлийени аман алып қала алмағаның...

—Мен бир тегислей қойын деппен бе? Қой-ш бир, апа, бақыра бермей. Сағынып қалыппан, жөн сөйлесейик.

Бирақ ол тилекке қарсы, Қайыптың сөзин еситпегенсип жаңағы гәптиң даўамын қуўды:

—Сен емес, басқалар екен: «Жер жәҳән қапылып усы жер қалдыма, енди!

Онда мени де қосып сүрип жибериң!» деп тракторының алдына дүс төменине түсип жатпайсаң ба, сонда! Не қылар екен... —Сулыўхан апа баласына кеўли толмаған кейипте басын шайқады.

—Якшы, апа. Меннен кемшилик кетипти.

—Хаў, Сулыўхан! «Сонша жылдан берли сағындым»,деген нен соң әкелип едим. Енди келе сала урысып атырсан? Оған бул бала емес, мен айыплыман. Ол ўақытта Қайып кишкене ойын баласы еди ғой,—деп арашаға әкеси түсти.

—Сөзден сөз шығып кетип, өкпемди айтып атырғаным ғой. Болмаса урысып не қылайын, жалғыз избасарыма, көзимниң ағы менен қарасына. —Анасы Қайыпты қушақлап, жағдайларын сорастырып атыр.

—Балам, сени зорға таптық ғой. Излемеген жеримиз қалмады. Неге көшесең? Ал көшкен екенсең, келгендеги жериң бе, усы таўық кетек?! Мениң өлимимди-ақ күтип жүр екенсең-дә!—деп енди әкеси доқ урды.

—Яғ-аў, аға. Оқыўға бола... Кейин қайтып барамыз ғой. —«Өлген адам, өкпешил бола ма деймен?!» дегенди қыялынан өткерди Қайып.

—Маған ақыл үйретип болып, ғарры-аў, енди өзиңниң урысып атырғаның не?

—Урысып не қылайын. Туўылып, кәмалға келген жайың хүўилдеп бос турса бир түрли болады екенсең.Соннан соң айтып атырғаным ғой, өкпемди. —Сулыўханға жуўап қайтарды да ғарры Қайыпқа қайта бурылды. —Солай болсын, балам... Қаладан өзиңниң аўылың артық, тыныш. Қала дегениң ырақтан-жырақтан жыйналған гилең уры, гәззап, жермен, менмен, тәкаббыр, нәмәрт... —Ол бирме-бир санағандай етип дизип айтты,—қосжақпаслардың уясы ғой. Бир-биреўге хүрмет, мириўбет деген жоқ, оларда. Аўа, балам, солай.

—Аўылыңда бар шығар, жүдә,—деп қарсыласып атыр, Қайып та. —Аўылдың адамлары емес пе, әўлийенди дүгип жүрген, Сайымбетти жинли етип жибергенлер?!

—Ондай әдеп-икрамлылық, интизам, әдиллик, сыйласық деген, ғарры, бизлердиң балалық дәўиримизде бар еди. Сен соған қарап аўылды мақтап отырсаң... Ақжигит дурыс айтады.

—Сонда да қалаға қарағанда пышақ арқасы жақсырақ, әдеп-икрам жағынан. Ондай бирли-жарым гезлеседи, барлық жерде де. —Досмураттың әрўағы да сөзинде турып алды.—Менинше солай. Мүмкин аўыл адамларына үйренисип кеткендики шығар... Ал, балам, бизлердиң жүретуғын ўақтымыз шамаласты.

—Хаў, шай-пай... Хеш нәрсе ишпедиңлер... Отырғанша демлесең болады ғой,—деп күни менен қапының аўзында отырған Қаншайымға бурылып еди, жоқ болып шықты.

—Бизлерге әўерелен бе, келин, —дейди Сулыўхан апа қапы бетке нәзер салып.

—Коймай-ақ қой, кетемиз, келин. —Досмурат та қапы бетке тигилди. Соған қарағанда Қаншайым орнында отырған болса керек. Лекин Қайып көре алмады. Ол оның сөзине жуўап та бермеди. «Оны кейин таўып аларман. Ағам-апам асығыслы ғой. Аўхалларын сорайын, деп ойлаған Қайып:

—О, дүньяда жақсы турып атырсыз ба? —дейди.



—Аўа. Ол жерде аўқат жемейтуғын, кийим киймейтуғын, «Оқыўға киргиз», «Жумысқа ал» деп биреўге пара бериў ушын ақша излемейтуғын болғанлықтан шығар, әйтеўир биреў менен биреўдиң иси жоқ. Ең жақсысы, хеш затты уўайымламайсаң...

—Сендей болып кирейге пул төлеў ушын оқыўды қойып вагоннан зат түсириўге бармайсаң,—деп қосып қойды, Сулыўхан апаның әрўағы...

—Тур, Қайып. Азан болды. —Өзин жулқылап атырған Сергейдиң даўысынан оянып кетти де түси үзилип қалды.

—Хәй-й,—деп изин көриў мақсетинде көзин жумып еди, көре алмады. Әри-бери жатты, болмады. Кейин: «тийе берсин, руўхларына!» деп өзинше пәтия етти де, турып кийине баслады: «Қәйтип жорысам екен, бала? Бийшара ағам менен апамның руўхы мениң усындай қыйналып, масқара болып жүргенимди сезип, тыныш жата алмай жүр-аў, со!» дегенди ойлады да, соң «руўх» дегенниң «жоқ» екенлиги ядына түсип, мырс етип қойды.

## XII

Азанда таң сәхәрден турып, базарда қул саўдасы бардай шайды урманпурман ишти де, қапшығын арқалап, етигин кийейин деп атырғанда саат сегизлерге шамаласып та қалған еди. Тап сол ўақытта Қошмураттың қоңсысы Марат ишке сүңгип кирип келди.

—Қошмурат аға, Сайымбетти бизге бир хәптеге берип турмасаң болмай тур. —Сәлем-әлем жоқ, келгендеги жумысын түйеден постын тасла ғандай етип дүрс еткизди.

—Хә, аманшылық па? Не қылмақшысаң?

—Өзиң билесең, аўылдағы жерге быйылғы бәхәрде де азғана жүўери таслатқызып един. Сол хәзир орақка келип турған қусайды. Басларын да қайырыў керек... Ҳақысын молдан төлеймен, Қошмурат аға.

—Сайымбетти Қошмурат хәр кимниң жумысына жегип, пайдаланып жүрипти, деп кимнен, қашан еситип едиң, я? Тур жоқ бол, атаңа нәлеттиң баласы! Кимниң мурнына жип тағып ойнамақшысаң?!... Сайымбет ақылы-зайыл болғаны менен де, ақшаның пуўы көтерип, не қыларын билмей жүрген сендейлердиң онынан артық!—Ғәзеби қайнап кеткен ғарры бирден орнынан атып турды.

—Күнин көриў ушын хәр кимниң хызметин ислеп жүр еди ғой, былтыр. Соннан соң келе қойып едим...—Марат ғаррының пәтинен айбынды да, мингирлеўге карады.

—Олар сендей болып Сайымбетти қул есабында саўдаласқан жоқ. Жағдайларын айтты. Сонлықтан: «Қуры бос жүрипти ғой, жәрдемлессе жәрдемлесе қойсын, қалыс», деп жибердим. Ал, сениң не жағдайың бар? Ден саўлығың мықлы. Дем алыстасаң. Билемен, мақсетиң—«әкесиниң қас душпаның ақшаға сатып алып, қул етип жумсап қойыпты», деген адамлардың сөзин еситиў. Сөйтип мардыйыў... Сайымбет ақылдан азғаны менен де еле досдушпанның парқына барады. Аштан өлип баратырғанда биреў: «Бир тислем

нан беремен» десе, оған күнликши жүриўи мүмкин-дә, ал сен: «Алтын беремен» дегенде де шыбығыңды сындырыспайды. Түсиндиң бе, енди?... Түсинсең, жоқ бол! Екинши үйге изеп басыўшы болма! Қуда қәлесе, мен тири турсам Сайымбетжан саған ойыншық бола коймас.

Мараттан саза шықпады. Өйткени «анаў мынаў» дейин десе ғаррының аямай хасасы менен уратуғынын биледи. Сайымбет муғаллими де бир нәрсени сезгендей жинкөзленип урыўға мейиллесип турған еди. Соннан қорқып, ол куйрығын қысқан көпектей сыртқа зып бериў менен болды.

Ол дәрўазадан шығып күндеги әдетинше базарға тартты. Ийнинде қабы. Оның ишинде астына төсеп отыратуғын көрпешеси, алдына жаятуғын шаршысы, китап-дәптерлери бар.Әдеттегидей сөйленип баратыр.

... Жинлиханадан шығып келип көшелерде, базарда қайыршылық етип отырыўды жаңа үрдис ете баслаған күнлериниң биринде дайысы оған урысып таслады.

—Бу не ислеп жүрген талабың? Жети насырымды бүктиң ғой! Не жетпейди, айт, өзим таўып берейин... Ел- халыққа, дос-душпанға мени жығып бергенше, масқара еткенше, бетиме қара күйе жаққанша үйде тыныш ғана-а отыра бергенде болмайма саған, я? Тұқымымызда жоқ әдетти баслап жүргениң не?! Түсинип турсаң ба, сен?... Сөйле! Сөйле деймен!... Усыннан және базарға барып отырып, өзиңди, мени масқара ететуғын болсаң, меннен жақсылық күтпе!—деген еди сонда Қошмурат ғарры арға шаўып, кәхәрге минип. Сайымбет болса пәрўайы-пәнсери жай парахат тура берди. Жақсы я жаман сөзи жоқ. Солайынша үйден шығып кетти.

«Бақырдым ғой, жети жүйресинен өтетуғындай етип. Айтқанды ислейтуғын шығар. Бақлап көрейин», деп қыялланған ғарры сол күни оның изинен аңлып жүрди. Сайымбет болса әдеттегидей бул сапары да күндебазардың нәхән дәрўазасының алдына отырып алды.

«Бул жерде үндемейин. Қуры «бармайман» деп төрт аяқлап турып алса, буннан бетер күлки болармыз. «Жинли менен жинли болмайын» деген ойға оралған Қошмурат ғарры ғырра бурылып қайтты.

Кеште ымырт жабылғанда келди, ол. Ертеңги азанда және үйден шығыўға қайымласып атыр еди, дайысы бос бир бөлмеге алдастырып киргизди де, сыртынан илгешегин илдирип, қамап таслады.

Сайымбет қапыны үсти-үстине дүрс-дүрс урып қақты, мушлады. Ақырысында тепкиледи. Жүдә болмағаннан соң малдай өкирип бақырды. Даўысы соныңдай қатты, ашшы хәм әбеший, қуйқаңды жуўлатар еди. Биресе жылайды, биресе тамды басына көтерип, күледи де.

Бир ўақытта тым-тырыс қалды. Буннан сезикленген ғарры: «Не ислеп атыр екен, көрейин?» деп қапыны саңлақ етип ашып ишке басын суққанда Сайымбеттиң қапшығын узынына кесип арқан есип отырғанын көрди. Қошмурат ғарры бирден жағдайды түсине қойды. Буны көрген Улмекен кемпирдиң де аяғында жаны қалмады.

—Қәне, ғарры, шығар! Не қылса сол қылсын! Қудайдан әжел келгенше жүре берсин... Бундай «нерби» бузылғанлар бир жерде көп турақлай алмайды,



дейди ғой. Қалаға барып көпшиликти көрип, желигин бассын. Өз еркине қой, ғарры! Қыйнама, өзиниң усы қабарып жүргени де жетер,—Кемпир көзине жас алып, жаўлығының ушы менен сүртти. Қошмурат ғаррының болса көз жаслары әлле қашан аппақ сақалын бойлап өңирине тамып тур.

Дайысы бара жийенин қушақлап, егитилип көп жылады...

Ол өзиниң әдеттеги орны—базар жайдың кирер аўзына келип отырды.

—Қудайым, малларың тойға буйырсын! Ел-халық абат болып, той бола берсин! Бала-шағаларың хәмийше аўырыў-сырқаўдан, жала бәлеқадасынан аман жүрсин!...

—Гейбир саў адамлар айта алмайтуғын жақсы тилеклерди таўып айта қояды-әй, я?—деп таңланды, базарға кирип баратырған еки келиншектиң бири.

—Қанында бар-дә, жақсы тилек, адамгершилик, хүрмет-иззет. Өзи де «Халыққа жақсылық ислеймен» лигинен усындай аўхалға дуўшакер болып отыр ғой, женге. Билмейсең бе?

—Қәйдем билейик, бийкешжан, бул қаланың «жилли» лериниң тарийхын.

—Бурын Сайымбет аға бизлердиң муғаллимимиз еди. Тарийхшы. Сондай бир биймәлел, ақ көкирек хәм саўатлы киси еди... Жаңа сен айтқан гей бир «саў адам»ларыңнан жақсы тилек, кеўлинде жоқ болса, қайдан шықсын,—деп сөйленип баратыр бийкеши.

## XIII

Бүгин жумысқа үйине барып қайтқан Мелиқул да келди.

Қайып екеўи сынған зәмберлерди оңлап атыр.

—Усы сен, Қайып, институтты қойып кеттим, дегендей болдың ба, баяғыда бир гәпиңде, шалалаў еситип қалып едим?...

—Аўа...

—Хе, не ушын қойып жүрсең?

—Хәй-й, жақпады,—деп қолын бир силтеди.

—Яғ-аў, бир себеби бар шығар...—Мелиқул исенимсиз түрде қарады. —Ямаса тәртипсизлик етип, яки имтиханнан өте алмай қуўылдың ба?

Қайып басын шайқады.

—Онда қалай өзиң қойдың, хайранман?! —Ол түсинбегенин билдирип, ийнин қысты. —Адамлар ғой алты-жети мың берип, зорға киреди. Ал, сен өз ықтыярың менен таслап кетесең...—Жүзинен еле исенбеўшилик белгиси сезилди.

Қайыптың көз алдына сол бир ўақытлар елеслеп кетти.

... Бир күни ол келиншегине келип:

—Муғаллим менен урысып қалдым,—деди.

—Хе-е, неге? —Қаншайым күйеўи тап қудайға тил тийгизип келдим дегеннен бетер бирден шоршынып кетти.—Не болып қалды? Имтиханнан өттиң бе?

—Өтиўин өттим ғой. Урыспай турғанда тапсырып едим... Енди оқыўды биротала қояжақпан.

—Дениң саўма өзи?! —Усы рас айтып турма дегендей бежирейип қарады. —Тапсырып болып, енди неге урысып жүрсең? Бәле көринди ме көзиңе? Қайта бермейсен бе, ала сала?

—Сәтбай менен имтиханнан шығып китап дүканнан айналыўға ўәделесип едик. Оны күтип отырып қалдым... Бир ўақытта,—Қайып неге урысқанын майдалап айта баслады.—Ол жуўап бериўге муғаллимниң алдына барды. Билеттеги сораўдың екеўине толық жуўап берди де, кейингисине шала-пала жуўап берип еди, «еки» қойып жиберди. Жалынып атыр. «Яқ, билмейсең» дейди қас қақпай. Ондай жерде тыныш туратуғын мен бе, өзиң билесең: «Өтемис аға, толық «үш»ке айтты ғой, қойып жибере қойың-са»—деп салдым.

—Хәй-й, бала, отырсаң-ә былшылдамай! Сеннен ақыл сорап отырман ба?—деп қызып кетти. «Яқшы, кеширерсиз, муғаллим» деп атырман мүлайымсып, жығырданым қайнап турса да. Лекин және былай дедим: «Сонда да «үш» қойғанда болар еди», соң әсте: «Ендиги рет гербиш қуйыўға жиберемен ғо», дедим. Себеби Сәтбай имтиханға кирместен алдын-ақ: «Мына муғаллим қоймайтуғын шығар. Кешеги де «Гербиш қуйыўға кел» дегенде бара алмай қалып едим» деген еди. Буннан хәммениң хабары болғанлықтан дүў күлки көтерилди. Өтемис ағаның әбден парты шықты. —Хәй, сен баланың аўзы жабыла ма, сирә. Обал- саўап, деген бола ма, сирә, оқыўда. Ақмақсаң ба?

—Болмаса бағана келе сала неге: «Үш» ке қайылларың книжкаларыңды әкелиң, қойып берип жиберемен» деп онлаған студентке билет те алдырмай қойып жибердиңиз?—Мен де көтерилип кеттим.—Солардың хеш қайсысы мына Сәтбайдай болып жоспақлай да алмайтуғын еди, шынына келгенде. Оларға қоясаң, ал мынаған мийнети менен алған «үш»инде қоймайсыз. Усы адамгершиликтен бе?

—Хәй,—деп ол ушып түргелди. —Аўзыңды тыясаң ба, жоқ па? Тыймасаң биротала тигип таслайман! Мениң менен салғыласасаң-ә! Көрсетемен еле саған беттен алыўды! Көзиңнен қаныңды ағызаман, қаныңды, билдиң бе?

—Ағызып болыпсаң! Көп болса алдағы сессиялардағы имтиханлардан қоймайман, деп отырған шығарсыз. Билимим менен биринши болып аламан!

—Алып бопсаң!

—Аламан! Ол жағынан ғам жемеңиз. Бирақ сизлер мениң әбден жығырданымды қайнатып болдыңыз: «Әдил болың! Сизлерди коммунистлик руўхта тәрбиялаў—бизиң бас ўазыйпамыз», деп лепиресиз де және биринши рет өзлериңиз «нәхән»ге жағымпазланыўдың, пара бериў, алыўдың небир үлгилерин көрсетесиз. Сонлықтан, түкирдим оқыўларыңызға, болды ма? Қалған жағында сизлерсиз-ақ оқыйман,—деп турдым да кеттим.

—Жақсы ис етпеген екенсең. —Қаншайым өкинишли бас шайқады.—Әнтек болған екен...

—Хеш әнтекшилиги жоқ... Қалай енди жазықсыздан- жазықсыз биреўди қыйнаса қарап тура аламан?!

—Басқалар қарап турмай айнадан ушып кетип пе еди?! Сениң қарап турмағандағы пайдаң ба? Енди изиңе шуңқыйып түсип алады, оқыўдан қуўдырады. —Шамасы келиншеги ериниң «оқыўды қойдым» дегенине исенбеген болса итимал.



—Онысыз да оқыўды қойдым. Пүткиллей жалықтым... «Устазлар тәрбиялайтуғын бирден-бир жоқары оқыў орны» дейди-аў уялмай, жыйналысларда, радио-телевизордан. Уят, уят! Соны айтып атырғанда бир жақтағы мен қысынып жерге кирип кетемен...

—Хәй, ғарры-әй! Не қыласаң, енди? Заманды дүзеў бир өзиңниң қолыңнан келмейди ғой, бәри бир ... Оннаншы барып кеширим сора. «Бир билмеслик кетипти, аға», де. Ашыў менен таслап кеткениң менен оның неси кетер дейсең. Қайта сениң үш жылғы мийнетиң күйеди. Белгили, ондай адамлар уялмайды. Қайта қуўанады.

—Яқ, үгитлеме, Қаншай. Қойдым—бир аўыз сөз,—деп кесип айтқан еди, сонда.

Қайып Мелиқулға усыған шекем айтты да қойды. «Жүдә диплом керек болып баратырса, сатып-ақ аламан» дегени, «Дипломды да сата ма екен?», деп оның сорағанын, ал өзиниң «Хәй-й, кемпир-әй-й, садасаң-аў! Хәзир не сатылмайды?! Малдың тезегинен баслап, адамға дейин сатылып атырғанда диплом деген не өзи!» деп жуўап қайтарғанын бүгип қалды.

—Келиншегиң дурыс ақыл-кеңес берген екен-дә, өзиң керек емес жерде «мәртлик» ете қойған екенсең. Расында да, оның неси кетеди... Хәзир де ислеп атырған шығар?—Мелиқул көпке шекем жорасының «ақмақшылығына» күйинип, басын шайқап отырды. Қайып болса оның сораўына жуўап ретинде басын бир екшеп қойды.

## XIV

Ол бир ўақытлары қапшығының аўзын ашып, ишинен төрт китап пенен қоса қалың дәптерлерди хәм бир буўат жазыў қағазы тигилген «папка» шығарды.

—Хә, халайық! Араңызда тарийхшы муғаллим бар ма?—деп жар салды, «папка» ны ашып атырып. Оның ишиндеги қағазларға жазыў машинкасы менен бир нәрселер басылған екен. Ал, усы бетлердиң ең үстиндегисине авторучка менен **«Көктерек» орта мектебиниң тарийх пәниниң муғаллими Жәлиев Сайымбет Омаровичтиң «XIX әсир хәм XX әсирдиң басындағы қарақалпақлардың миллий азатлық гүреслери» темасында исленген кандидатлық жумысының автореферaты»** деп жазылыпты.—Мине, мынаў кандидатлық жумысым.—Оған хеш ким қарап турмаса да тап биреўге көрсетип атырғандай усылай деди. —«Сиясий қәтелер, идеялар бар» деген сылтаў менен жақлаттырмады, қорқақ, симсиклер! Болмаса мениң жазып қойғанларым әдил нәрселер-ақ... Усыны енди күшли саўатлы, ақты ақтай, қараны қарадай көрсететуғын хақ бир тарийхшыға инам етпекшимен. Келе қалың, тарийхшы бауырларым! Тайын кандидатлық жумыс. Ақша алмайман. Ешейин беремен. Қартайдым, сонлықтан көзимниң тирисинде исимди даўам еттиреди-аў деген биреўге табыс етпекшимен. —Ол папканы көтерип даўыслап турыпты. Көпшилик «Не екен?» деп қызықсынып, үймелесип қалды. Биреўлер кәпелимде урып жибере ме, деп оған тығыла бериўден де қәўипсинеди.

... Сайымбет муғаллим болып ислеп жүрген дәўиринде тема алып, илимий жумыс пенен шуғылланған еди. Онда қарақалпақлардың миллий азатлық гүреслери, оның баслаўшылары—халық батырлары Айдос бий, Ерназар бий тағы басқаларды сөз етти. Тек усылар менен шекленип қоя қойғанда кандидатлық диссертациясын табыслы жақлап шығыўы да мүмкин еди. Ал, ол болса, буған қосымша Октябрь революциясы орнаў дәўириндеги жаңа заманға қарсы көтерилислер шөлкемлестирген Мәдияр, Жәлий мақсым, Барлықбай болысты да гәп етти. Сөз еткенде де оларды ақлаўға урынды: «Халық батырлары» деди.

Кандидатлық жумысын питкерип, илимий басшысы Тилеў Назарбековқа көрсеткен ўақтында-ақ ол бирден:

—Пай, Сайымбет иним! Оларды не қылайын деп едиң? — деген еди. — Олар миллий қаҳарман емес, халыққа, русларға қарсы шыққанлар ғой... Дурыс, сен олардың миллий қаҳарман екенлигин исенимли дәлиллеп қойыпсаң. Тарийхшы ретинде бул пикирлериңе мен де қосыламан. Лекин... ҳәзирги сиясатымызға сәйкес келмейди. Өйткени, олар қызыл әскерлерге, большевиклерге қарсы гүрескен ғой, халқының қанша жанашыры болғаны менен де.

—Урысса не болыпты? Оларға қарсы болғанлардың бәрин жаў деп есаплаў керек пе? Биз оларды да дурыс түсиниўимиз лазым емес пе? Ақыры тарийхтағы орнын әдил белгилеў дәркар ғой, Тилеў аға. Мениң пикиримшеәм, ҳақыйқатында да олар—халық батырлары. Өйткени (жумысымда да айтып қойыппан) большевиклерге, русларға қарсы гүрескенде өзлериниң дүньясынан айрылып қалыўынан қорқып емес, ал халықтың ғайры динге өтип кетиўинен қорыққан: халқымыздың өзине тән миллий үрп-әдет дәстүрлериниң, тилиниң бузылып, жоғалып кетиўинен қәўипсинген. Усындай апаттан қарақалпақ халқын сақлап қалыў ушын жан-тәни менен қарсы болған. Тилекке қарсы, большевиклер олар ойлағандай халықтың басына апат дөндириўши емес, қайта бахыт нурын себиўшилер екенин түсинбеген, алжасқан. Соның ушын оларды айыплы деп санаўымыз надурыс... Мине усындай дәлиллерге бола халық батырлары деген жуўмаққа келдим.

—Дурыс ғой, келисемен. Лекин сонда да, жүз процент кепиллик беремен, сен жумысыңның Барлықбай, Мәдияр, Жәлий мақсым... ларға арналған бөлимин алып тасламасаң, жақлай алмайсаң!... Ҳәмме сениң менен мендей болып ойлай ма, саған?! Ойлағаны, түсингени менен де көпшилик қорқып «тынышымызға жүрейик, кәпелимде урылып кетермиз», деп ҳақыйқатлық бетин ашыўдан гөре, қара басларының ғамын ойлайды: «Сиясатқа қайшы келеди, қудайдың бәлеси» дейди. Қулласы, түбинде жақлаттырмайды.

—«Ҳақыйқатлық майысса да, сынбайды». Әйтеўир бир ўақытлары жақларман.

—Усы қайсарлығың, мәртлигиң илим адамы ушын жақсы-дә, бирақ өзиңди қуртады, майырады,—деди сонда Тилеў ағасы көзиашықтай.

Шынында да Тилеў Назарбековтың айтқанындай болды: сол бир бөлим себебинен кандидатлық диссертациясын қорғай алмады. Көпшилик қарсы шыққан еди...

Мине усы жумысларын ол көздиң қарашығындай еле сақлап жүр.



Жинлиханадан келген соң Қошмурат дайысының үйиндеги китап-дәптерлердиң арасынан таўып алғалы берли қапшығынан тасламайды.

—Қәне берип тур. —Толықлаўдан келген, көк костюм-шалбарлы келте бойлы жигит қолын созды.

—Яқ, яқ! —Сайымбет тап сол жигит қолынан жулып алатуғындай жалмажан «папка» ны баўырына басты.—Булар қуры қағаз ғой. Исенбесең мынаң қара... Тилеў аға, сен маған дурыс түсинесең ғой, я? Айдос, Ерназар қолдаўлы, яқ, яқ, руўын айтпаў керек. Бизиң халықты қуртқан усы—руўшыллық. Соньлықтан Айдос, Ерназар қарақалпақлар деў керек.—Және «ылағып» өз байдалына кетти. Сайымбеттиң сөзиниң соңы суйылғаннан соң жыйналған аламан да тарай баслады. —Ерназар, Айдос қарақалпақларды миллий қаҳарман деп санасақ, Барлықбай, Жәлий мақсым, Мәдияр... ларды да халық батыры деп тән алмақ, мойынламақ лазым, шәрт!... Ҳәй-й бала, бери кел. Мә,—Қолындағы «папка» сын китаплары менен қоса Сайымбет жинли адамлардың туў сыртында турған бир жигитке усынды. Ол буннан бир ай бурын гезлескен, өзиниң қойын қалтасындағы сүўретке усайтуғын жигит еди.

## XV

Түсте аўқатланып болғаннан соң ўақыттың ертерeклигинен пайдаланып, жанында жүрген Свифттиң **«Лемюэль Гулливердиң саяхатлары»** китабын алды да келген жеринен баслап, ишинен оқый баслады. Аттың Гулливерге ехулар[1] ҳаққында **«...Ҳәр қыйлы иллетлерге ҳәм кемшиликлерге ийе бола турып, сол ҳайўанның (адамның—автор) гәрдийип, өзин ҳәммеден жоқары услағанын көрсем шыдамай кетемен»** деп айтқан жерине келгенде Қайып иркилип қалды. «Свифт те өз дәўириндеги Мырзамурат, Әлимбай, Өтемис, Марат қусағанлардан күйгенликтен адамды ҳайўанға, ҳайўан да емес, ҳәтте, ҳайўанаттан да төмен мақлуқ—ехуға теңгерген екен-аў» деп қойды ишинен.

Ол Мырзамураттың алдына жай алыў ушын барғандағы түр-түсин көз алдына елеслетиўге урынды.

... Онда Қайыптың оқыўды биротала қойып, қаланың ишиндеги бир қурылыс мәкемесине кирип, ислеп атырғанына да бир жыл болып қалған еди. Қаншайым да питирип, жумыс табылмағаннан соң (дурысырағы параға ақшасы болмағанлықтан) емлеўханада сипсекеш болып ислейди. Олар аўылға қайтпайтуғын болып келисти —Қайыптың барғысы келмеди.

— Сен енди биротала оқыўды қойған болсаң аўылға барып ислейик. Атамлардың жайын қаңыратып қойып, өзлеримиздиң кирейде турғанымыз болмас,—деген Қаншайымға:

—Қалай бараман? «Оқыўды да келистире алмапты. Әкесиниң күши менен кирип еди. Ҳәтте, оқыў түўе, күнин көре алмай айналып келди ғой, ийттен хор болып» деп күлмейме халық.—Ол усылай деп келиншегин бет

---

[1]. **еху**—жеркенишли мақлуқ—адам. **Автор**

бактырмады. Солай етип, түбинде қалалы болатуғын болғанлықтан коммунал жайға да қашшан арза берип таслады. Бир күни Қаншайым:

—Қайып, қашан жай алыў гезегимиз келер екен?—деп қалды.

—Кесек гүллегенде. —Шалқасына жатыўынша қозғалмады.

—Усындай арқайынсаң-дә. «Дәрья тасса тобығына келмейди». —Келиншегинин ашыўы келип тоңқылдай баслады.—Отырысымыз мынаў, еки бала менен төртеўимиздиң биреўдиң кетектей бөлмесине тығылып. Хәр қонақ келген сайын қысынғаннан бир өлип-тирилемен.

—Соның ушын не қылайын, кемпир? Арқайын болмай, жуўырып-жортқаным менен жай бере ме, маған?

—Мына қоңсымыз Әлимбай жақында үйленген баласына демде-ақ, анаякка-мынаякқа жуўырып жай алып берди ғой. «Общежитияға арза беремиз» деп жүргени де кешегиде еди. Ал, бизлердикине болса үш жылға шамаласты, хәзир.

—Әлимбайға жарысасаң-аў, кемпир. Хәддиңе бақ, хәддиңе! Ол жуўырғанда қалтасына буўат-буўат ақшаны толтырып жуўырды. Ал, мениң параға беретуғын бақыр тийиным да жоқ болса, асыққаннан не пайда?!

—Бирақ солай-аў, —Қаншайым пәсине қайтты. —Айтпақшы, Қайып неге айлығымыздан жыйнай бермеймиз, ақша талап ететуғын болса?

—Хәй-й, кемпир-әй, баланың сөзин сөйлейсең—түсинбейсең. Көрип отырсаң ғой, бир айлық, бир айлыққа зорға ушласады. Сонда қай жақтан жыйнамақшысаң?

—Қалай болмасын аўыстырсақ... Хәр айлық алған күни жигирма-отыз сомнан аршаға салып таслай берсек. Кейин дым алмасақ. Сөйтип көрейик пе?

—Көр-көр,—деди садалығы ушын хаялының үстинен күлип.

—Хәзир айына келетуғын табысты есаплайман. Мүмкин, оннанда көплеўден жыйнаўға болатуғын шығар... Ручка-дәптер қәне?—деп ушып түргелип Қаншайым излей баслады. Әлленемирде излестиргенин тапқан ол Қайыптың жанына дүс төменине созылып жатты.—Так-к, мениң айлығым сексен сом, сеники ислегениңе қарай. Шама менен орташа айына бир жүз отыз сомнан қояйық. Дурыс емес пе?

—Аўа,—деди ықлассыз ғана. Себеби ол келиншегининң биймәни ис пенен шуғылланып атырғанын жақтырмай отырыпты. Лекин кейин кеўли ушын хәзиллести. —«Пулыма сәйкес жер бериң»[1] ниң қахарманы бол-ә! Сөйтип отырып «жинлихананын сегизинши бөлмесине» түсип қалма?

Қаншайым болса еситпегенсип, өзинше сөйленип отырып, есаплаўын даўам етти.

—Айына бизики сексеннен, жылына—тоғыз жүз алпыс сом. Сеники бир жүз отыз, көбейтиў он еки, тең—бир мың бес жүз алпыс. Оған тоғыз жүз алпысты қосамыз—еки мың бес жүз жигирма.

Қайып та жата-жата иши пискенликтен ақ көкиреги менен қумбыл болып есаплап атырған келиншегине қарап аяп кетти:

---

[1]. Әзиз Несиннин гүррини



—Хаў, сен бир айдикин емес, жылдикин есаплап атырсаң ғой.

—Аўа, болмаса кийимге жумсалған ақшаны шығарыў қыйын болады екен. Себеби ай сайын кийим алмайсаң ғой.

«Кийим» дегенде Қайып өзиниң кийип жүрген тозығы жеткен етигине, илдиргиштеги курткасы менен малақайына урлана қарап қойды. «Қашан Мурaтдикиндей, Әлимбайдикиндей қундыз малақай, импорт пальто кийеди екенбиз?!»

—Енди еки мың бес жүз жигирмадан кирейге кететуғын төрт жүз сомды алып таслаймыз...

—Тоқта, жылына еки мың бес жүз жигирма толық үйге кирмейди ғой, —деп келиншегиниң алжасқанын көрип, шыдамай Қайып та есапқа араласып кеткенин билмей қалды.

—Хе, неге?

—Неге болатуғын еди? Сениң үйге ноль-ноль сексен сом әкелген ўақтың болды ма?

—Дурыс, дурыс, қәтелескен екенмен ғой. Профсоюз, комсомол взнослары, той тағы басқа да, деп бес-алты сом услайды. Сеннен де сондай. Сонда екеўимизден он сомнан жылына бир жүз жигирма сомды «пыттықы-сыттықы» деп бухгалтерия услап қалады екен.

—Жыл бойылық табысымыз онда еки мың төрт жүз сом болады,—деп кейнин есаплап кетти, келиншеги. —Кирей пулды алсақ—бир мың тоғыз жүз жигирма сом... Нан айына он сомлық. Гөшке жигирма сом қояйық—отыз сом. Сонда жылына үш жүз алпыс манат... Бир мың бес жүз алпыс манат қалама?... Енди гүриш, ун, қатық, ақ май, яқшы, сары май жемеймиз дейик... Және сүт, шай—бәрине қырық сом қояйық. Төрт жүз сексен сом болады... Бир мың сексен манат қалады. Және не қалды?—деп сораўлы пишинде келиншеги Қайыпқа қарады.

—Аўқатқа карточка, пияз салмайсаң ба?

—Еле солар бар екен-аў. Гешир... хәммесине—еки жүз елиў сом. Сонда сегиз жүз елиў. айтпақшы, отыз сом қала ма? Енди кийим-кеншекти есаплайық... Саған жылына еки көйлек, еки шалбар: көйлек он бестен—отыз, шалбар қырықтан—сексен, тең бир жүз он сом. Ишки кийимлериң он сом дейик—бир жүз жигирма: енди үш жылда бир пальто. Арзан пальтоның өзи бир жүз елиў. Сонда жылына елиў сом. Еки жылда бир етик. Жылға шаққанда жигирма бес сом. Төрт жылда бир малақай, жүз сомлық, жылға бөлгенде жигирма бес, бәри жүз сом. Анаў бир жүз жигирма еди, хәммеси еки жүз жигирма болады. Маған... так-к,—Есаплаўын даўам етти. —Еки жүз елиў сом. Оны сеникине қоссақ, төрт жүз жетпис... Сегиз жүз отыздан алып тасласақ үш жүз алпыс қалады... Сонда жылына үш жүз алпыс сом-ақ жыйнаймыз ба? —Қаншайым күни мененги мийнетиниң зая болғанын көрип, бир түрли болып кетти.

—Усыны жыйнағанда да хеш гәп еди, шабазым!—деди Қайып орнынан турып айна алдына баратырып. —Бирақ еле китап, газета-журналларға бөлмедиң ғой... Жақынлардың, достлардың тойларына, туўылған күнлерине шақырса оған да қуры қол бара алмайсаң... Еле машын пул да бар: жылына

кем дегенде екеўимиз ушын еки жүз отыз—еки жүз елиў манат қайнақай кетеди, күниге отыз бес тийиннан есаплағаннын өзинде.

—Ух-х!—унжырғасы түсип, кейпи бузылған келиншек суўық демин алады. —Онда үш жүз алпыс сом жетпей де қалады ғой... Кино, театр... бәри ақша.

—Әне саған пул жыйнаў!

—Сонда бизлердиң Түркияның гедейлеринен де төмен болғанымыз ба? —деп таң қалған Қаншайым зырқырап аўырған басын услап, төмен қарап жатты.

Қайып сол күни ашыў менен. «Неде болса қалалық совет атқарыў комитети баслығының алдына кирейин. Ол да адам ғой. Жағдайды айтсам түсинер», деген қыял менен бир күнше жумысты да туўарып, барып өлдим-талдымда гезек жетип, қабыллаўына кирди. Иште, өзиниң он жыл билим алған «Көктерек» орта мектебинин директорын—столға еңтерилип отырған Фазылов Мырзамуратты көргенде, аң-таңы шығып, лал болып, не қыларын билмей гибиртиклеп қалды. Өйткени, оның бул жерге баслық болып келгенинен түк хабары жоқ еди.

Қапыдағы тахтайшаға да қарап кирмегенине өкинди. «Әстапыралла! Өзи жағымпаз, жалатай, зулым болыў керек екен-аў. Болмаса Сайымбетти көз-көреки жинли етип жиберген адамға усы орын ылайық па?! Мениң қолымда болғанда ғой, қолына қыйсық таяқ услатып малдың артына салар едим, әттең!» деп ишинен ойлап тисленди. Қайтып шығып кетиўди наҳолай көрип, алдына жүрди.

—Ассалаўма-әлейкум!—Қолын усынды. Мырзамурат оның бетине тиклеп қарады да, өз иси менен қумбыл бола берди. Қолы ҳәўада созылыўы менен қалған Қайып не ислерин билмей, түтигип кеткен еди, сонда.—Ассалаўма әлейкум! —Даўысын көтериңкиреп сөйледи. Ол қайтадан қағаздан басын көтерип қол ушын берди.

—Хе, аманшылық па? Не жумыс? Бул жаққа қай самал ушырып келди?

—Жайдың сүргини, аға...

—Арза берипппе един?

—Аўа.

—Ондай болса бөлимлерге барып хабарлас. Гезек номериңди көр. Сөйтип, үйиңде «яқудай алла» деп жата бер. Гезегиң келсе шақыртып беремиз.

—Гезегимниң жақынлайтуғын түри жоқ. Соның ушын алдыңызға келип отырман... Кирей жайда отырып-отырып заққы болдық... Балалар да өсип киятыр. Қыйын болып тур...

—Қыйын болса не қылайын? Бир бөлмемди берейин бе?—деп ол «Сайымбеттиң жалпылдағы, алдыма келип жалыңдың ба?» дегендей мысқыллы түр менен Қайыпқа бежирейип қарады. Креслоға шалқайып, аяғын созып жиберген, темекини бурқыратып тартып отырып, бир қолындағы ручкасын ылақтырып қақшып ойнап, бет-әлпетинен менсинбеўшилик, мисе тутпаўшылық, паңсыўшылық белгилери анық билинип турған сол ўақыттағы оның сүлдери Қайыптың хеш ядынан шықпастай тәсир қалдырған еди. Соңғылығында да жексурын келбети көпке шекем көз алдынан кетпей жүрди. Өзин қайыр сораған диййўана шелли көрмеген оны, ханасына сыймай турған Қайып бара



сала қос қолды кегирдекке салып, буўындырып тасламақшы болды да және өзине хай берди:

—Жайыңды бер деп атырған жоқпан!—деп қатты қызып сөйледи, ашыўлы ол. —Бергенде де отырмайман. Мениң айтатуғыным: неге үш жылдан берли гезегим жақынламайды? Басқа ақшасы көплер не ушын бес-алты айдан ала қояды?...

—Мен қайдан билейин,—деди пәрўайы-пәнсери ҳалында. Шамасы Қайыптың әбден қанын қыздырмақшы болса керек. —Нешинши гезек еди?

—Арза бергенде жети жүз отызыншы болып тиркелген едик. Жаңа бес жүз сексенге түсиппиз. Сонша жайлар питип атыр. Ал, бизиң гезек сонда да жақынламайды. Ҳайранман!

—Ҳайран қалатуғын жери жоқ. Жақынлағансаң ғой. Оның несине булқынып ашыўланасаң. Нервиңди сақла, керек болады,—Мырзамураттың бул шағып сөйлегенлери оның делебесин қоздырғаны соншелли:

—Дадымды саған айтып отырған мениң есим жоқ... Ҳәй-й, сеннен халық ағасы болып... Барып турған жермен, қанхорсаң... Бетсиз, биреўдиң гүлдей хожалығына ўайранды салып жинли етип жиберип, қалай ғана адамлардың жүзине қарап жер басып жүресең я?! Сен гуигнгнм[1] нен де пәс, жаман ехусаң! —Усылай деп қапысын тартып урып, шығып кеткен еди, сол күни...

Усы ўақыяларды кино лентасындай көз алдынан бирим-бирим өткерген ол қыялға берилген гездеги маңлайына тиреген қолын түсирип, китаптың сол бетин қайта ашып оқыды.

**«...Мен әжайып ден саўлығыма ҳәм жанымның сондай тынышлығына рәҳәтлендим. Маған бул жерде өз елимдегидей дослардың сатқынлығынан... қорқыўдың хеш кереги жоқ. Уллы мәртебели адамлардың ҳәм олардың фаворитлериниң алдында жағыныў ушын оларға пара бериўге ҳәм жарамсақланыўға умтылыўдың да кереги жоқ. Өз басымды өтирик-өсектен ҳәм зорлық- зомбылықтан қорғаўдың да кереги жоқ. Бул жерде мениң денеме зыянын тийгизетуғын врач та, мени гедейлендиретуғын юрист те, биреўлерден ақша алып мениң үстимнен домалақ арза жазатуғын арзагөй де жоқ. Бул жерде биреўлердиң үстинен күлетуғын адам да, өсекши де, қалтаман да, тонаўшы да, изиңнен аңлыўшы да, мылжың да, даўкес те, баскесер де, жалатай да жоқ, тюрьмалар да... жоқ... Мақтаншақлық пенен даңқпаразлық та жоқ. Шыррық та, жәнжелпаз да, мәскүнем де жоқ. Өшпенли даўрық та, биймәни адамлар да жоқ. Өзиниң жарамсыз қәсийетлериниң арқасында абырай-атаққа ерискен нәкаслар да, ийгиликли ислери ушын жәбир-жапа шеккен жақсы адамлар да жоқ...»**

«Қандай әжайып орын!» —деп қойды ол қызықсынғаннан. Соң:

**«...Ийгиликли ислери ушын жәбир-жапа шеккен жақсы адамлар да жоқ»** деген соңғы гәпти қайталап оқыды. —«Нағыз Сайымбет ағаға, Сүйиндикке ... керек орын екен-дә! Әттең!... Ондай жер, хәй қәйдем билейин, жер шарында табылмайтуғын шығар. Егер барын еситсем, қайсы түпкирде болса да, белди буўып, жеңди түрип биринши кетер едим».

---

[1]. **Гуигнгнм**—Свифттиң романындағы ел басқаратуғын атлар.

Шийрин әрманлар құшағында отырған оны Меликул түртип жиберди.
—Кеттик жумысқа.

## XVI

Сайымбет жинли күндебазар жаўылғаннан соң үйине қайтып киятыр. Бүгин қаланың арқа тәрепине емес, қубла жағына қарай жол алды. Соған қарағанда туўысқан бөлесиниң үйине бармақшы болса итимал.

—Айсәнем, апасының емес, ағасының қызы, я, Айсәнем?! Палсәнем, жылай берсең қыз қылмайман. Жылама, яқшы ма?! Ақудай дейди ағасы, кел-кел дуў көтеремен... Шабазым! Хә, Ақсүңгил, аўқатың писти ме? Писсе әкел тезирек, Ерназар да оқыўдан шаршап келди. Аш та болған шығар...

Оның Айсәнем, Палсәнем, Ерназар деп отырғаны өзиниң перзентлери еди. Хәрдайым Сайымбет сағынғанлықтан ба, олардың атларын айтып усылайынша сөйленеди. Сағынбай қәйтсин, айра түскенине де онлаған жылдың майданы болып кетти: бул «нервтен аўырып» жинлиханаға түсти. Ал перзентлери «Балалар үйине» тапсырылған. Усыннан кейин әке менен балалардың бир-бириниң дийдарын көриўи қыйынласты.

Жинлиханадан шыққан ўақытта ол туўры үйине тартқан еди. Лекин келген менен көриў несип етпеди: Ақсүңгил қашшан ул-қызларын «Балалар үйи»не тапсырып өзи жайды сатып, Мырзамураттың қаладан салып берген жайына көшип кеткен екен.

—Хәй-й, адамлар! —Даўысының барынша бақырған еди, сонда Сайымбет бурынғы жайының алдында турып.—Жақсылыққа жақсылық бар ма, жоқ па?... Жоқ екен. Мен сизлер ушын усындай аўҳалға гириптар болдым: Мырзамурат қусағанлар менен «айқасып» майрылдым, мертиктим. —Бул ўақытта аўыл адамлары «тайда туяқ қалмай» жәмленисип, оны қоршап алған еди. Жаңа болған жинлиниң сөйлегенин, хәрекетлерин қызық көреди. —Кеше шығып аўылға киятырғанда, мен сизлерди қашшан Мырзамуратты пуштарлап таслаған шығар. «Адамға азап берген, ақырет берген мынадай болады» деп арқасынан таспа алған, табанын тилип, дуз қуйған шығар, деген ойда келген едим. Яқ, өйте алмапсызлар! Өкинишли! Тири жүрипти, еле. Бағана көрдим.

Әзизлерим, жерлеслерим! Асыра айтсам кеширерсизлер, сизлердиң талағыңызда бийтиңиз жоқ, нәкаслар екенсизлер! Бәриңиз шетиңизден нәмәрт, қорқақ, симсиклерсиз! Амангелди, Ерназар, Мыржықтың әўладларымыз деп қалай айтасызлар я, енди шермендеңиз шығып отырып?! Қайсы бет пенен солардың үрим-путағымыз дейсизлер?! ... «Амангелдидей болмаға, қай бириңниң шамаң келди!»

«Жалғыз жүрип ат шаппа», деген. Бир тәрептен сизлердики де дурыс аў, бала. «Тек жүрген тоқ жүреди». Солай емес пе?—Ол бирден көтерилип кетти. Қолындағы таяғын оңлы-соллы силтеп, гез келгенди ура берди. —Солай емес пе, хәй, Амангелди, Ерназар «әўладлары?»! Неге қашасызлар? —Өкирип жылай баслады. Негедур көзлери масаладай жанып тур. Хәр бир келип қолындағы хаса таяғын аўылласларына силтелейди.—Бәриңизди жыртық кемеге салып,



дәрьяға ығызып жибериў керек. Талағында бийти жоқ, жарамассызлар! Сонлықтан мен енди қайтып бул әтирапқа изеп баспайман.

—Бизлердиң тилегимиз де сениң келмегениң. —Қашып баратырған биреўи қышқырды.

Демде-ақ хәмме тым-тырақай қашып, үйлерине кирип кетти. Сыртта тек Сайымбет жинли жалғыз өзи калды. Ол еле сөйленип, сөгинип жүрипти. Бир шамадан соң ол бақырып-шақырыўы менен аўылдан узап кетти. Аўылды тәрк әйледи.

Машина менен сол күни «Балалар үйи»не келди. Келсе Палсәнем менен Айсәнемди ойнатып үлкени Ерназар шарбақ ишинде жүрген екен.

—Ерназар, Палсәнем, Айсәнем! Балларым, барсыз ба?... Қаракларым! —Көзине жас алған Сайымбет жинли дәрўазадан кирген жерде иркилди.—Қәне, бери келиң...

—Жинли келди, жинли! Ўай-ўай! Хәй, қаш!—деп ойнап атырған балалардың бәри қаша жөнелди. Үш жасар Айсәнем де оларға қосылып, түргеле сала қашпақшы болғанда Ерназар көйлегинен услап тоқтатты. Себеби, ол дәслебинде танымаса да өзлериниң атларын атағаннан соң анықлап қарап шырамытқан еди. Уқсатса да, буннан бир жыл бурын толықлаўдан келген, ақ қуба, жақсы кийинип, сақал-муртына пардоз берип, галстук тағып әнедей болып жүретуғын әкесин, жинлиханаға түсти, деп еситсе де демде бундай жағдайға түсип қалды, деп ҳасла қыялына да келтирмеген еди. Сонлықтан «Еле де ағам емес шығар» деп екиленип, турған орнында қалшыйып қатып қалды.

Үстки кийимлери кир-кир Сайымбет жинли балаларына жақынласып киятыр. Қолында таяғы бар. Аяғына усы ыссыда керзовой етик кийген. Шаңнан көринбейди. Түри өртең шалғандай. Өзиниң де қуў сүйеги қалған—арық... Басында жаман қара қалпақ. Шеп қолында—корзинка. Арқасында заты бар—қапшық.

—Ерназар алакөз! Хә, Ерназар алакөз!—деп сүренледи, жақынлап киятырып. Бурынлары да ол улын кеўилли, йошып отырған пайытларында усылай еркелетип шақыратуғын еди.

—Аға-а! ... Палсәнем, Айсәнем, ағам! ... —Ерназар кишкене Айсәнемди қушақлай ала алдына жуўырды. —Ағам келди!

Олар жуўырысы менен бара қушағына бойларын атты. Сайымбет жинли де қолындағы, арқасындағы ол-булларын таслай сала еки қызын, баласын баўырына басып сүйип атыр. Жән-жаққа қашқан балалар жинли адамның өзлериниң досларын қушақлап атырғанына қызықсынып хәм таңланысып узақтан тамашалап турыпты.

—Аўқат, шай иштиңиз бе? —деп сорады Сайымбет.

—Аўа, шокалад, мармалад бейди, пәшийне жедик. —Кишкене Айсәнем шүлдирлеп жуўап берди.

—Апаң базардан келди ме? Қай жақта ол? Үйде көринбейди ғой? Я Мырзамурат пенен қалаға кетти ме? Тез-тез «Буфетке зат әкелемиз» деген сылтаў менен директордың «девитине» минип, қалаға кетиўи зор еди-аў, қаншықтың. Бир бәлеси бар екен-дә! —Балалар әкесиниң бул сөзлерине таң-

ланысып калды. Және оны аяды да. Ол болса сөйленип атыр. —Мырзамуратты көрмедиң бе, Ерназар? Өлтирейин деп едим... Қанын бир ишсем қумардан шығар едим. Бойым жеңилленип, сап-сау болып кететуғындайман...

—Аға! —Әкесиниң бундай аўҳалына соңында тақат берип тура алмаған Ерназар өкирип жылап жиберди. Мойнынан қапсыра қушақлады. Айсәнем менен Палсәнем де ҳеш нәрсениң паркына барып жетпесе де, қосылысып жылай баслады.

—Қалжан апа, кел тез! Ерназарды бир жинли киси урды. Жылатып атыр. —Бир бала қышқырыўы менен жайдың ишине жуўырып кетти. —Қалжан апа, бола ғой-сеш!

Еки тәрбияшы келиншек иштен атлығып шығыўын шықса да, Сайымбет жинлиниң түр-түсинен қорықты ма, есиктиң алдында турып қалды. Азмаз егленип жүреклерин басқаннан соң ғана бир-бирине «Жүр барайық» деп түрткишлеп, әсте жақынласты.

—Ассалаўма әлейкум, әзийз аналар! —Сайымбет олардың алдына еки қолын созып күтип алды. Тәрбияшы келиншеклер және қорқып, үрпейисип, қашарын я қашпасын билмей албырап, бир-бирине қарасады. —Келе бериң, тиймеймен,—деди. —Бирақ сизлердиң орныңызда Ақсүңгилди көргенимде ме, тутип жер едим!... Мен жигит, ол қыз болды-аў бир заманларда! О-хо, не деген бахытлы, алтын дәўирлер еди, десеңизши! Әттең, бийопа шықты ғой, кейнинде. —Ол өкинишли түрде басын шайқайды.

Әкесиниң аўыр жағдайын сезип, он еки жасар Ерназар «Енди не ислеймен» дегендей тәрбияшыларын қушақлап, егил-тегил жылады.

—Қой, Ерназар. Ҳаў, үлкен жигит те жылай ма екен?! ... Ағаң тәўир болып кетеди ғой, еле,—деди биреўи.

—Жылама, уят болады. Үкелериңе қара, сениң жылағаныңды көрип үрпейисип турыпты,—дейди екинши тәрбияшы апасы.

—Ерназар алакөз! Балам, жылама! Енди қайтып келмей-ақ қоярман. «Әкем жинли екен. Ҳәммениң көзинше келип, абырайымды төкти», деп жылап атырсаң ба?... Енди келмеймен.—Ол корзинкасын, қапшығын алып түргелиўге ыңғайласты.

—Як, аға, як! Оған емес, кетпе! —Әкесиниң қолына асылып бала пақыр әкеси ушып кетип баратырғандай жан ушыра бақырды. —Кетпеймен десе, аға! —Жалынышлы сөйлеген бала оны қушағынан жаздырмай еле турыпты.

—Ал, яқшы кетпеймен... Ҳаў, Айсәнем, Палсәнем! Қызларым, Сизлер де бул жерде екенсиз ғой. —Қызларын жаңа көргендей қушақлап сүйди.—Базарлық әкелдим, мынаң қара. —Қапшығын шешип, ишинен еки қыз, бир ер бала көйлек ҳәм алма, жүзим, шоколадлар шығара баслады, —Жеп алың. Мынаны кийиң, болама. Ҳәзир жумыстан келгенде Ақсүңгилден пайғазы сораң, яқшы ма?... Ал, мен кеттим, жумысқа. Ойнап-күлип жүре бериң. —Алма-гезек қушақлап сүйди де, шай көтергендей бирден турып шарбақтың дәрўазасынан шығып кете берди, сонда.

Буннан соң да еки-үш рет барды. Соңғы барғанында:

—Балам, мен енди келмей-ақ қояйын. Жораларың да мазақлайды.



«Жинлиниң баласы» дейди. Ондай сөз еситкенше, мениң ойымша, әкесиз жүргениң артық... Мени умыт, өлген әкеңмен,—деген еди, Ерназарды қундақтағы баладай алдына алып отырған қәлби.—Мени «әке» деп сен ҳеш зат арттыра алмайсаң. Қайта уттырасаң: өзиңнен жаманлардың өсек сөзине қаласаң. Сонлықтан мени пүткиллей естен шығарып жибер, балам! —Егитилип жылап отыр. Көз жаслары алдындағы баласының шашларына тамады. —Сол жақсы, өсиўиңе... «Жинлиден шыққан не оңады» деп бетиңе басады, адамлар. Аўа, адамлар дегениң жаман, аямайды. «Әкем Сайымбет» десең биреўге батырып сөз айтыўдан, тикленип қараўдан да қаласаң. Сонлықтан «әкем әлле қашан өлип қалған. Жетиммен, журдай» дегил. Сол абзал.

—Як, аға! Тирисең. Өйтпеймен...

—Як, сөйтиўиң керек! Анық мениң балам болсаң дәлилле: айтқанымды еки етпе, жан балам!... Ал, мен кеттим онда. Қарындасларыңа көз қулақ болып жүре гөр,—деди де сол келгенинде де шайқус көтергендей ушып турып, бәдар кетти. Сол кеткеннен «Балалар үйи»не қайтып изеп баспаған еди...

Ол жүрип баратырып ыңылдап қосық та айтып қояды.

## XVII

Қолына балта, шөккиш, мыйықлар салынған тахтай қобдыйшаны көтерген Мелиқулдың изинде жарғы, пышқы услаған Қайып баратыр. Бәрқулла бир жерде ислегенликтен бе, бойының келтелигине қарамай ғоддаслап жүретуғын оны басқалардан гөре жақынырақ көретуғын еди. Әлпи алысып, сөйлесип, ишки дәртлерин шығарысады. Бирақ айырым ўақытлары екеўи әйтеўир нәрсениң үстинде демде тартысып та қалады. Соң және ҳеш зат болмағандай ашық-жарқын сөйлесип кетеди. Қайып бунның себебин оның, басқалардан гөре өзин көбирек ойлайтуғынынан көреди. Ол Мелиқулды «Ҳақыйқатлықтың ҳәмме жерде өмир сүргенин қоллап-қуўатлайды. Лейкин усы ушын гүрес ҳәзирги заманда пүткиллей қыйынға соғатуғынын, айырым ўақытта, ҳәтте, өмирден ўаз кешиўге туўра келип қалатуғын да жағдайлардың ушырасатуғынын билип, қашқалақлайды. Бирақ жеке өзиниң жақсы турмыс кешириўинде алдында тосқынлықлар ушырасса әдил шешиўге умтылады. Сол жағынан Мелиқул қуўатлаўға турарлық деп баҳалар еди ҳәм келиспей қалатуғынымыз усы минезинен шығар деп шамалайды. «Мелиқул турмысқа тап усындай көз-қарасы жағынан мен жақсы таныйтуғын кимгедур усайды. Кимге еди-әй? —Изинде киятырған Қайып оның ким екенин ядына түсириўге урынды. —Марат емес, Әлимбай, як, ол да емес. Сонда ким болды?! Хе, Азат дайым».Бир мәртебе оның менен усы үстинде қызыў әңгимелескенин есине түсирди.

... Қайып бир ретинде Азаттың үйине арнаўлы түрде келди.

—Дайы, саған жумыс пенен келдим,—деди аманлық- есенликтен соң.

—Айта бер, қулағым сенде. Аманшылық па, әйтеўир?

—Аманлық, аманлық... Паспорт дизимине тиркелиўдиң сүргини. Әйтеўир нәрсениң бундай мени сергизданлыққа салғанын сорама! Үх-ҳ!... Барсам

болды, домком: «Районнан адам алмаўға бизге буйрық берилген», деп справка бермей қайтарып жибереди. Басқа биреўлер әп-әнедей тиркелип-ақ атыр, ҳайран қаламан. Усындай қай нәрседе де талабым жүрисип кете бермейди. Өзимнен бе, билмеймен. Сонлықтан, көптен бери қалада жасайды ғой, жөн-жосағын сорайын» деп сизге келип отырман, дайы.

—Хәй-й, аңқаў жийеним-ай! Бунның несин сорайсаң. Онланшы бир доғалакты сол адамның қалтасына тықпайсаң ба? Тамағынан ҳеш зат өтпегеннен кейин, әлбетте «районнан енди адам алмаймыз» дейди-дә. Соған да ақылың жетпей ме?

—Шын сөзим, дайы, оған пәмим алыспапты. —«Алысқанда да оған беретуғын ақшам ҳайран қалып турған жоқ».

—Ҳәзир барлық жер ақша болып кетти. Бир нәрсе бермесең, әпиўайы справкиге де жүз қатнатыўдан жалықпайды, атаңа нәлетлер! —Азат дайысы Қайыпқа тигилип отырып. —Тап мөр, бир жапырақ күйип-писип сөйледи, Қайыпқа тигилип отырып. —Тап мөр, бир жапырақ қағаз әкесиникиндей жүз қатнатыўдан уялмайды, бермей... Солай, жийеним. Соның ушын бир нәрсе қалтасына тығасаң. —Ол жамбаслап жатырысынан түргелип шәйнекке қолын созды. Үш рет қайтарып, шәмбеси тынсын деп кесесине қуймай қойды. —Енди, жийеним, келе қалған екенсең, жәрдемлесейин: келин екеўиңизди де бир тийинсиз дизимге, өзимниң жайыма өткерип берейин, поссовет баслығы арқалы-ақ. Бул жердеги поссовет те, домкомың да меннен қорқады.

Қайып дайысының бул кишкене баланикиндей соңғы гәпине күлкиси келип, жымыйып қойды. Бирақ езиў тартса да, өзин соншама қыйыншылыққа салған ол адамлардың, мына әпиўайы муғаллим дайысынан қорқатуғыны қызықтырып қалды.

—Сондай-ақ күшлисең бе, дайы?—Ҳәзиллесип, билегин қысып қойды.— Қара күшке қараса әкесин танытар едим-аў, мен де,—дегенди қосты, күйгенликтен.

—Үстинен арзаны қардай боратамыз, айтқанымызды етпесе. Сонлықтан, бул жердегилер мени «арзагөй» дейди... Меннен айбынатуғын, «сыйлайтуғын» тек бир домком, поссовет емес, мектептиң директоры да, дүканшы да, улыўма поселкадағы ийге тартар, атқа минерлердиң ҳәммеси де көрген жерде «Азат аға» лап, үлкен болса «Азат иним» леп алдымнан жуўырып шығады.

—Дурыс ислейсең. Усындай етип өз ҳақыңды алыўың керек. Лекин биреўлердиң кемшилигин айтсаң, мысалға дүканшыға: «Неге тийин, ақша қосып сатасаң?» десең, «Бар, баратуғын жериңе! Жаўдыратуғын тасыңды жаўдырып, жуттыратуғын қурбақаңды жуттыра бер», деп жиберетуғынлары да бар ғой...

—Ондайлар менен абайлап қатнас жасайсаң. Өйткени әри-бери «жазаман» деп қорқытсаң да тайсалмай көкирекке ура берсе—сүйенген таўының үлкен яшыүлкенлерден болғаны. Олардың үстинен шағым етип те абырай ала алмайсаң. Арзандағы кемшиликлердиң ҳеш қайсысы комиссия келип тексерсе де тастыйықланбай қалады да, сени домалақ арза жазғанға шығарып, гүлли масқара етеди. Соның ушын: «Бизлер де оңысайық» деп пәсиңе түсип, келисесең.



—Егер, сонда саған жақсы бир пальто керек болып таўып берсе, басқаларға бар болса да «жоқ» десе, сен даўласпайсаң ба?

—Не ушын?... —Ол Қайыпқа аңырайып қарады. Түсинбеди, шынында да. «Түсинбеди» деў де жалған: түсинди, лекин жийенин бундай дәрежеде ақмақ деп ойламағанлықтан сәл ўақыт ҳайран қалған еди.—Хаў, гешше екенсең ғой,—Ыржыйып күлди. Ҳәзил есабында айтса да шыны да усы. «Түсиникли. Усы бир гәпиңнен-ақ сениң келешегиңнин жоқ екенлигин абайладым» деп те айтыўға окталды да және «Биротала кеўлине тийип аларман» деп сыртқа шығармай қалды. —Басқа менен не жумысың бар. Ҳәмменин арын арлап, жыртысын жыртып ушлығына шыға аласаң ба? ... Солар сен сөйткениң менен, далада қулап қалсаң үйиңе апарып тасламайды, бир тислем нансыз отырсаң да бир шымшым ун бермейди, жийеним.

Қайып дайысының сөзлеринен оның барып турған пәс адам екенин абайлап, бирден түңилип кетти. Оған деген бурынғы исеними, ҳүрмети өшти де қалды. Сонлықтан алдына келген аўқаттан да мейилсиз жеди.

«Бурынырақ бундай екенин билгенимде келмес едим» дегенди қыялынан өткерген еди, сол күни оның үйинде отырып...

«Бир жағынан оныки де дурыс сыяқлы». —Ол жүрип киятыр.

—Егеўди алыппа едиң, Қайып? —Меликул тынышлықты бөлди.—Пышқы менен жарғының жүзи қайтқан екен, жумыс басына барып егеп алайық.

—Аўа, қалтамда.

## XVIII

Сайымбеттиң туўысқан бөлесиниң аты Әлимбай деген еди. Үйи қаланың қубласындағы «Аққум» поселкасында. Сол жерге барып: «Әлимбай қараўылдың үйи қайсы?» десең, ғаррысынан баласына шекем көрсетип жибереди. Өйткени оның жайындай үлкен, еки қабатлы, жақсы етип безелген, хийўа дәрўазалы сарай бул поселка түўе, қаланың ишинде де жоқ шығар. Бар болса да бир-екеўден аспас.

Сайымбет жинлиниң Әлимбайдан басқа да бөлелери баршылық. Екеўи қалада турады, басқалары аўылда. Бирақ Сайымбет ушын Әлимбай бир төбе, әзелден. Өйткени Әлимбай адамның тилин тапқыш, соныңдай майлы тилли. Улыўма, Сайымбеттиң кеўлин таба алады. Кеўиллери жарасады. Оның әзелден ымпыл-жымпылы бар, адамға жалынышлы сөйлейтуғынларды жақтырмайтуғын әдети болса да бул бөлеси, әйтеўир кеўлин таба алады. Сонлықтан да бурынлары Сайымбеттиң аўылына тез-тез қыдырып баратуғын еди. Ол келсе—үй иши байрам. Сайымбет дәрҳал Ақсүңгилдиң қолына түйетаўықтың қанын сорғалатып услатады. Соң өзи қонақ бөлмеге кирип оның менен гүрриңди гүжитеди.

—Бул дүньяға шыққаннан соң жақсы жасаў дәркар. Оның ушын пулың көп болыўы керек,—дегенди көп айтатуғын еди, бөлеси мақпал көпшикти жамбаслап жатып, шайдан бир уртлап қойып. —Пулды қалай табыўға болады?! Айлықтан жыйнап, жай салып, машина алыў мүмкин емес: ишип-жемиңе

зорға жетеди, айлық дегениң. Сонлықтан бир жақтан түсиримиң болыўы лазым... Усы муғаллимшиликти қойсам ба деп жүрмен. Бир жоралары "Ақша жоқ, жетпейди", дей бергеннен соң «Муғаллимшилигиңди қойып, онда бизге келе ғой, қараўылшылық таўып берейин» деп еди. Соған барғым келип жүр.

Сонда бул сөзлерге Сайымбет ҳәз етип күлип алған еди.

—Келистиресең-аў, Әлимбай... Жораң да бар екен... —Маза етип күлип алды. —Муғаллимшиликке шақырса бир гәп еди. Қызық екен?...—Ийнин қысты.

—Сен түсинбедиң, бөле. — Әлимбай да күледи.

—Хе, неге түсинбедим? Қараўылдың айлығы асып кетсе жетпис бес сом. Ал, муғаллимшиликте, қапылғанда — аз алдым дегенде бир жүз жигирма сирә қалтаңа түседи.

Әлимбай басын шайқады.

—Еле түсинбедиң, бөле, түсинбедиң. Ҳаў, мен жаңа емес пе, айлық пенен күн көре алмайсаң, «левый»ың болмаса дегеним...

—Ал, қараўыллықта не «левый» болыўы мүмкин? Ҳеш болмаса мастер, бригадлыққа шақырса екен...

—Тутыныўшылар жәмийети складының қараўылының пайдасы, жаңағы сен айтып отырған мастир-пастир, бригад-сригадыңның түсириминен қалыспайды, еситиўимше.

—Түсинсем буйырмасын. Қараўылда не жеп жүрген түсирим, пайда. Зат сениң қолыңда болмаса: тек сырттан қараўыллайсаң: дәрўазаны ашасаң, жабасаң.

—Ҳәй-й, бөле-әй! Ҳәзир мен айтсам ғо, маған да қараўыллық орын таўып бер деп жалынасаң.

—Жалынбай-ақ қояйын, айт. —Сайымбет жүдә билиўге қызықсынды.

—Ол жерге киргеннен соң складшы, товаровед, тағы басқалар менен бирге ислейтуғын болғанлықтан таныспайсаң ба? Танысасаң. Соннан кейин әсте анжақ-мынжағына шығып, өтимли затлар аласаң, өз баҳасына. Сөйтесең де көтере, бөлшеклеп сататуғын ҳаялларға пул қосып ысыра бересең.

Ол жерге не келмейди дейсең?! Бай-бой-й, тап қоянның сүтинен басқасы табылады, десем лап болмас. Ҳәзирлери өзиңнинде хабарың бар, ҳинд шайы, ҳаял-қызлардың етиклери, малақайлар... қулласы, дефицит емес зат бар ма? Әне сондайлардан аласаң да, пуллай бересең. Егер складшы бергиси келмесе, оның да урлық затын дәрўазадан шығармайсаң. Соннан соң өзи ушын: «Әлимбай аға, бүгин бизге жақсы импорт пальто келди. Аласаң ба?» деп жалбыраклап келеди... Әне сондай, бөле. Еле өзим ислеген жоқпан ғой, еситкенлерим...

—Сен маған ойласып отырсаң ба, я былайынша айтып отырсаң ба?

—Ойласып...

—Онда мениң айтарым: ақша, дүнья табылады, бөле, ар-намыс таптырмайды, сатып та ала алмайсаң. «Бийшараның муғаллимшиликти қойғандағы тапқан жумысының сыйқына қара», ямаса «Саўдагер болып кетипти ғой» деп адамлар, оқыўшыларың күлмейме, ертең саған. Ар-намысты ҳәр қашан



бийик усла! Қудайға шүкир, тамағың тоқ, көйлегиң жыртық емес, халық қатары күн көрип отырсаң ғой. Ондай иплас иске қол урма! Маған ойласып отырған болсаң таза жүр. Сонда ҳәмме ўақыт жүзиң жарқын болады.

—Усылай дейтуғыныңды билип, билдирмей-ақ қояйын деп отыр едим. Сөзден-сөз шыққаннан соң айтып салыппан. —Әлимбай солғын түрин билдирмеўге тырысып, кеңк-кеңк күлди. —Күлген күле бермей ме? Ҳәзирги жүрисиме, сениң жүрисиңе: «Интеллигентлер, бес жыл оқығанда меннен артықшылығы қайсы? Қайта кем» деп күлмейди дей аласаң ба, қассап жораң, дүканшы достың, «жумыссыз» қонсың?! Жо-оқ, айта алмайсаң? Жеңил машинада сени орпаң шаңға көмип баратырып, солай дейтуғыны анық. Сонлықтан сондайларды көрип турып ызам келеди, жығырданым қайнайды. Қараўыл болып, қақырамды дүктирип орнына үлкен етип жай салып, дәўранды мен де сүрсем бе деймен. Сөйтип күлгенлердиң ҳақынан шыққым келеди.

—«Машинасы жоқ. Күнин зорға көрип отыр» деп айтқанлар айтып, күлгенлер күле берсин. Улыўма өзиң әдил, ҳақ болсаң болды-дә... Бөле, усы сениң ҳүжданың, ар-намысың наҳақ жолдан жүриўге қалай жол береди? Ҳайранман! Бизлер ғой, адамды алдап ақша табыў түўе, жерге түсип қалған биреўдиң ақшасын таўып алғанның өзинде бийжағдайланып, отыра алмай, уйқылай алмай шығамыз. Ақыры сол пулды ийесине қайтыс еткеннен соң ғана өзимизге келемиз.

—Дурыс ғой, бөле. Ҳақ жасағанға не жетсин. Дурыс «достыңның бир көзи қыйсық болса, сен де бир көзиңди қысып жүр» деген бар ғой. Заман соны талап етсе, не илаж. Басқалардай қурғын жасаўды унатасаң. Усы тилегиңди орынлаў ушын не ислеўиң керек?! Оның ушын саўдагершилик етесең, яки абырайлыға, ҳәмеллиге басыңды ийесең, жағымпазланасаң. Оны ислемейди екенсең, арсынсаң—асығың алшыламайды. Ҳүждан, ар, уят, дегенди былай ысырып қоясаң. Сонда бир тапқаның бир тапқаныңа жетеди.

—Онда бизиң адамгершилигимиз, хайўаннан айырмашылығымыз қайда?

—Пай, Сайымбет бөле деймен-аў! Садасаң-аў, садасаң! Адамгершилик, шынлық дейсең де жүресең. Оны ойлап жүрген адам барма, айтшы, ҳәзир? — Сайымбет тығылып үндей алмай қалды.—Ҳәтте жоқарыдағылардың өзи үлкен минберлерден: «Адамдағы ҳасыл қәсийет: ҳүждан, ар-намыс, ҳақыйқатлық. Соған садық болыў лазым!» дегени менен биринши солардың өзиниң иси сөзине сай емес. Басшылар сөйткенде, қосшы—бизлерге не турыс.

—Әлимбай бөле, бери қара. Жоқарыдағы басшылар ҳүждансыз екен, деп бизлер де сондай болыўымыз шәрт пе?! Яқ, алжасасаң. Инсандағы адамгершилик қәсийетлер лаўазымға қарамайды... —Усы ўақытта кишкене Ерназар қолына ләген менен қуманды көтерип келди. —Қәне, түргеле ғой. Суў әкелди. Қолыңды жуў, аўқат жейик... Улыўма, бөле, ар-намыс, ҳүжданды ысырып қойып бай жасағаннан, әдил болып жарлы-ақ жасағаным абзал. Ата-бабам да машина орнына ешек минип, сарай орнына қақырада да күнелткен, адамға тойымлық, инсап керек. Ол жоқ болса тонналап алтыны, миллион-миллион пулы болса да дүнья жыйнаўды қоймайды. «Адамның көзи дүньяға емес, бир уўыс топыраққа тояды» деген ибратлы гәп бар. Тек өзиңниң нәпсиңди тыйыўын

лазым. Өйтпесең, бәри-бир ақыбетинде: Пушкинниң «Алтын балық...» ертегиндеги тойымсыз, барға қәнәәт етпейтуғын кемпирдей жер сыйпап қаласаң...

—Яқ,—Тауықтың бир жамбасын ғайзап отырған Әлимбай да өз пикиринен қайтпады.—Қалай болмасын жақсы өмир сүриўге умтыламан. Ҳақыйқатлықты бетине айтып, ҳүжданды байрақ етип көтергениң менен сени ҳеш ким де адам есабына санамайды. Ал, дүньяң көп болып, анаў-мынаў дегенди пул менен урып жықсаң, сеннен жақсы, сеннен ақ көкирек, сеннен ҳүжданлы, мәрт адам жоқ... Усыған тәкаббыл халық арасында әпсана да бар ғой. Бир дүньясы көп жигит жораларына келип: «Ана жерде бир сыйырды гүрре емип атырыпты» деген екен, ҳәммеси жапырылып: «Аўа, бизлер де көрдик» депти. Бир күни сол жигит жарлыланып қалыпты және жораларына келип: «Ана жерде бир қызыл сыйырды ала бузаў емип атыр» деген екен, ҳәммеси жабырласып: «Мынаның дени саў емес екен ғой, қызыл сыйырды да ала бузаў еме ме екен» деп отырыспақтан қуўып жиберипти. Әне сондай, Сайымбет бөле. Барлық нәрсе пулға байланыслы... Усы гезге дейин әдиллик, адамгершилик деп шырлап келгеним жетер. Ендиги жағында сөйтемен...

—Ондай жарамас ислерге қосылыўдың орнына, қарсы гүресиў керек. Оның ушын шыдамлы, жигерли, еркиң күшли болыўы дәркар.

—Гүрес—пайдасыз. Оларға қарсы гүресиў—қатты тезлик пенен жүрип киятырған поезды билек күши менен иркиў ушын алдына шыққан менен барабар. Поездың епкининиң өзи-ақ адамды онлаған метрге ылақтырып жиберип, бир жериңди сындырып, мертиктириўи тәәжип емес...

Сайымбет автобустан түсип, узақтан-ақ «мен мында»лап турған, қасындағы жайларға салыстырғанда шөжелердиң анасы секилли бирден-ақ көзге тасланатуғын сарайға қарай нәзер алды.

## XIX

Кеште жумыстан шаршап болдырып келиўине қарамастан ол аўылдың анаў-мынаўын, өткен-кеткенди сөйлесип, маўқын басыў ушын жорасы Ҳәмирдиң қазармасына барды. Ол Қайыптың бурынғы шериги еди. Бес жылға судланған.

Қайып келгенде жорасы үй ишине хат жазып отырған екен.

—Ҳаў, кел, Қайып жора!—деп кәдимгише жалбырақлап атыр. —Қалай жағдайлар? Ден саўлықлар аттай ма? Келмей кеттиң ғой? Барайын десем, мениң де қолым тиймей атыр.

«Ақ көкирек жигит,—деп қойды ишинен Қайып. Сөйлегенде иши-баўырына кирип кетеди. Бирге жүрсең ҳеш жалықпайсаң. Қайдан болса да әйтеўир, гәп таўып отырады. Киши менен де, үлкен менен де әлпиниң алысып кете беретуғынын айтпайсаң ба?!

Ол да мен қусап әдалатсызлықты көрсе қаны қызып кетеди: жаны төзбейди. Лекин ишинде сақлай алады: мендей болып ол да түсиндиреди. Бирақ түсинбесе, жағасынан ала кетпейди.Үндемей қоя қояды, сабырлы».

—Аўылдан қандай жаңалық бар?



—Не жаңалық болсын,—деп иркилип турды да соң Қаншайымнан хат алғанын билдирди.

—Ҳаў, усыдан үлкен жаңалық бола ма? Пай, сенде бир келистиресең-аў! «Қатынын сағынған» деп күледи дегендей айтқың келмейди я? Бәри бир жүзиңнен, көзиңнен билинип тур ғой... Аўа, не жазыпты? Оқып берсек мүмкин бе?

—Жанымда жоқ. Томпышкиде қалып қойыпты.

—Ҳәй, сен де бир, сөйтесең-дә! Алып келсең болады ғой. Ямаса «тәнҳа өзлеринизге мәлим болыўы керек сыр» болып таслап кеттиң бе? Ўа-ҳа-ҳаҳа-а!—Басқылап кетти.

Қаракеңниң усындай басқыласпасы қалмайды-дә! Шынында да, бизиң халық дәлкекшил, ойыншыл ғой. Еки қарақалпақтың басы қосылса болды, усындай басқыласып атырғаны. Қанымызға сиңген әдет, бул. Улыўма жақсы дәстүр, кеўилли отырасаң, жүресең. Шаршағаныңды, қапашылығыңды умытасаң. Аўзыңды жумып, тымсырайып жүргенниң неси жақсы?! Лекин бул ҳәзилди бет-перде етип, өзиниң мақсетин орынлаўға—жаман көргенинен өш алыўға, муқатыўға, ҳәмменин көзинше масқара, күлки етиўге урыныўшыларға жығырданың қайнайды-дә!

Қайып күлеширайланып, ҳәзилге ҳәзил менен жуўап қайтарды.

—Сеннен жасыратуғын бизде сыр болмайды ғой, Суўмурын жора. —«Суўмурын» деген лақап баяғыда—вокзалда вагоннан зат түсирип жүрген ўақытта оған жабысқан еди. Шынында да, оның мурны айтарлықтай узын, қырлы.

Қайып ҳәр қашан да биреў менен сөйлескенде, ҳәзиллескенде кеўлине тийип алмаўға ҳәрекет ететуғын еди. Ҳәзир де сылап-сыйпамай етип, усылай деди де қойды. Болмаса шынтлап басқылағанда Суўмурынның «қоя қойса енди» деп жыламағаны менен, жалынатуғыны сөзсиз.

—Не жазған? Айтып бере қойса, аўзымыздың суўын қурта бермей.

—Не жазсын... —Суўық демин алды. Күлеширай берген жүзине салдамлылық түс енди. —«Сен кете бер» деп рухсат бергенде кетип қалғаныма өкинемен. Сағынып жүрмен. Дым умыта алмайман. Расында, сениң тек «кете бер, бахытлы ете алмайман» дегениңе кеткен жоқ едим. Адамлар да: «күйеўиң уры» деп қоймады. Оған сениң «рухсатнама» ңда қамшы болды. Лекин ҳәзир ойлансам, сен —ҳақ, сол гезде түсинбеген мен ақмақ екенмен» деп атыр.

—Ҳәй-й, жора-әй! —Ҳәмир де күлиўин қойған. Бет-әлпетинен жорасының тәғдирине қыйналыўшылық белгиси байқалады. —Ҳеш қапа болма, өмирде не болмайды?!... —Кеўлин алыўға ҳәрекет етип атыр. —Қызықлы әңгимелер көп билетуғын едиң ғой. Солардан айтса.

—Ҳәзир ҳеш ядыма түспей тур.

—Қаншайымнан басқасы ма? ... —Жеңил ҳәзилге басты. Кейин Суўмурын отырып-отырып гәп тапты. —Баяғы Мараттың сениң алдыңда зир-зирлеп аяқлары дирилдеп турғаны ядыма түссе еле күлким келеди. Пай бала, қоян жүрек екен-аў я, Кәпеке?

Қайып та есине түсирген болса керек «аўа» дегендей басын ийзеп, күлип жиберди.

... Ол гезлери Қаншайым менен бирге туратуғын еди.

Жаздың күнлери. Қайып күнде бир мезгил (Бул ўақытлары оқыўды таслап кеткен жоқ еди) вокзалда күнкөрис ушын вагонлардан көмир, тахтай ағаш, азот ... қулласы, не келсе соны таңламай түсире береди, яки жоқары қалаларға алып кетилетуғын қаўын-ғарбыз, алма қусаған затларды тийейди. Усы жерде өзи қатарлы үш жигит: Хәмир, Тилеп, Сейдулла менен танысып, жора болып алды да, төртеўи биригип иследи.

Бир күни қағаз қалта менен келген селитраны өлип-өшип түсирип атырып, сиресип қалған белин жазыў ушын тикейип қарағанда, өзлериниң вагонынан сәл былайырақтағы тахтайларды аралап жүрген бир жас жигитке көзи түсти. Қара шалбар, ақ көйлек кийген, галстуклы, орта бойлы бул жас жигит Қайыпқа таныстай туйылды да, төмен қарап жумысын ислей берди.

«Ким екен бала? Таныс-билис болып күлип жүрер, танымасын» деген қыял менен басын көтермей, вагонның үстинде турып Хәмирге селитраны биримлеп алып берип атыр. Көзиниң астынан қарап бақса Маратқа уқсайды. Оның Ташкенттеги институтлардың биринде оқып атырғанын класслас жораларынан еситкени бар еди.

«Питкерип келген екен-аў! ... Өлер болсаң өл, Қайып! Хәзир анаў көрсе сениң бүйтип хор-зар болып жүргениңди пүткил жәҳәнге паш етеди».

Таныттырмаўы ушын әри-бери төмен нуқырып-ақ ислеп атыр. Бирақ оннан да пайда шықпайтуғын жағына қарады—Марат әсте жағалап усы тәрепке киятыр.

«Ал, енди рельске бойыңды атып өл!»

Мине, селитра түсирилип атырған вагонның да жанына келди. Қайып ол өтип кеткенше бой тасалаў ушын бирден вагоннан секирип арғы жағына түсти. Усы мәҳәлде Мараттың:

—Қайып! —деген жиңишке таныс даўысы еситилди. Ернин қатты тислеп алғаны соншелли, үзилип түскен шығар, деди Қайып ишинен қан аралас түкирик таслап атырып. Сөйтти де:

—Хәмир, сен бе шақырған? —деди билмегенсип.

—Яқ, мына бир жигит ғой. Бери кел.

—Ким-о? Қәне? —Қайып еле көрмеген, билмегенге салып сөйлеп атыр. Лекин тақыр жерде буққанның пайдасы жоқлығын билип, ким екенлигин билиўге қызықсынған киси қусап, вагонның астынан тез еңбеклеп екинши жағына өтти.—Хаў, Марат, сенбисең? Қалай жағдайлар?

Жорасы жуўап та бермей, сөйлей баслады:

—Бул не жора, жүк түсиретуғын кран болып кеткенсең бе? —Ғарқылдап күлди. Табалап, мысқыллап атырғанын билмей, жорасы ҳәзиллеспекте, деп түсинген Хәмир, Сейдулла, Тилеплер де қосылысып езиў тартысты.

—«Дизеңди сызлатып, мийнетиң шегип,
Жеген бир зағараң палдан жақсырақ» деген жора.

—Жасап билсең, дүньяны белшериңнен бас, деген де сөз бар ғой. Билмейсең бе?—Кекесинли күлмекте ол.

—Ондай гәплерди билгим келмейди. —Қайып шамланды.

Бул екеўиниң гәплериниң рәмәўизине қарап ҳәзил емес, айтыс кетип



атырғанына жаңа түсинген Хәмир, Сейдулла, Тилеплер жумысларын туўарып, мурнын гиржийтип турған Маратқа бежирейисип қарасты.

—Хәзирги пайытта сениң гәпиңнен гөре, мениң айтқанымды билген абзал, пайдалы.

—Керисинше! Себеби «есабын тапсаң еки аса» дейтуғынлар көбейип баратыр. Соларды азайтыў, жоқ етиў шәрт!

—Адам болатуғын жигитлердиң бири деп жүрсем, сен де Сайымбет жиллиниң кейнинен кеткен екенсең ғой. «Ҳақыйқатлықты орнатыў, әдепли болыў лазым. Дүньяны жин-жыпыр ийелеп алды. Оларды нықпырт етиўимиз шәрт... «Қудайдың мәркиси» дей беретуғын еди, ол да. Абайла, сен де соның кейнинен кетип қалып жүрме. «Жораң жилли болып кетипти» деген сөз бизлерге де жақсы емес. —Еки ийни селкилдеп, кеңк-кеңк күледи.

«Ох-х! Қандай шағады. Қара қумырысқаның ништериндей ашшысына қара бул атаңа нәлеттиң сөзиниң!... Мен саған адамның үстинен күлиўдиң қандай болатуғынын көрсетемен, ҳәзир». Қайып тисленип дүрлеп басатуғын қораздай пәтленип, оның ийегиниң астына тақалып-ақ барып қалды.

—Баяғы тепки-мушларды умыттың ба? —Қол жумсап жибериўге сәл қалып, өзин еплеп ирикти. Қайыптың түринен сескенген оның жүни жатып, кейин шегиншеклей баслады.

—Қой-ш бир, Қайып жора. Ҳәзиллескенди де билмейсең бе? —Жарамсақланып күлип, қолын оның ийнине салды.

—Тарт қолыңды! ... Қуйрығына жип тағып ойнайтуғын тышқаның мен емес, түсиндиң бе?

.....

—Түсинсең бар жоғал! Хәзиллестим деп сылап-сыйпағың келеди-ә, сум сениң!

Келгендегидей ҳоппыйып емес, муғаллимниң алдындағы сабағын таярламаған баладай болып турған Маратқа күлкиси келген Сейдулла, Хәмир, Тилеп өзлерин зорға тыйып турыпты. Ол болса тахтайлар бетке қарай сымпыйып кетип баратыр. Алысланқырап кеткеннен соң «ўа-ҳа-ҳа-а» ласып күлкиге көмилип атырған жораларына қосылып Қайып та ыржыйып қойды. Ашыўы сәл басылайын деди.

—Болар енди усы дем алғанымыз. Түсирип таслайық бир «ҳоп» деп,— Хәмирдиң бул сөзинен кейин ҳәммеси түргелип жумысқа қызғын кирисип кетти.

Бир мәҳәли Тилеп:

—Жаңағы жораң және киятыр ғой.—деди. Төртеўи жалт қарасты. Шынында да Марат аяғын санап басып киятыр екен.

—«Өлимине асыққан тышқан пышық пенен ойнайды» —Қайып кекесинли күлип қойды.

—Арқасы қышып баратырған ғой, өртенип. —Бул Хәмирдиң кишкене, бирақ нық денесине сай келмейтуғын жуўан даўысы еди.

Олар көрмегенсип қапшықларды түсирип, жыйнай берди.

—Харманлар, жигитлер! —Мараттың келгендеги биринши гәпи усы

болды. Жигитлерди болса күлки қысқаны соншелли, өзлерин зорға иркип турыпты. Ҳәтте өзин услай алмай қалған Сейдулла мырсылдап күлип те жиберди. «Уят болады» дегендей Ҳәмир оқырайып қарап, көзи менен түсиндиргеннен соң ғана езиўин жыйды.

«Ҳе, сөйтип сен де адам болса», —Қайып қуўанғанлықтан оның менен ашылысып сөйлесе баслады.

—Бар бол! Тахтай бетте не қылып жүрсең?

—Жай поллаўға шамалы алып кетейин деп едим... Соны тийеўге сизлерден жәрдем керек болып тур. — Мулайым ғана сөйлейди.«Қой аўзынан шөп алмайтуғын» жигит болып қалған демде.

—Болады. Қырықлаған қалта қалып еди. Соны түсирип болайық. Кейин шарта-шурт демде тийеп жиберемиз.

—Он минутқа апармай-ақ бежерип таслаймыз, —Ҳәмир де сөз қосып қойды.

—Бизики де онша көп емес—төрт куб тахтай, —Марат қалтасына қолын суғып төрт онлықты шығарды. —Қырық сом. Бола ма? —Қумбыл болып, қағаз қалталарды биримлеп түсирип атырған Қайыпқа жақынлап барды. Ол да артына қайырылып қарады.

—Ҳәй-й бир, обалың жоқ адам екенсең! Барлық нәрсени ақша менен ғана өлшеп үйренип қалған пәслигиңе бардың ба, және? —Қайыптың даўысы жүдә қатты шықты. Вагоннан секирип түсти.—Сеннен пул сорадық па, айтшы?...

Қайқайған ийегиниң астына муш тақалғанда Мараттың көзлери патлыйып, уясынан шығып кете жазлады. Ая-қоллары бағанағыдай қалтырай баслады...

—Ҳәй-й, жүдә бир қорқақ, ақша болса болды, барлық нәрсе сатылады, деп ойлайтуғын келте пәм еди-аў, Қайып, я сол «жорақ»?

Ол «аўа» дегендей басын екшеди.

## XX

Сайымбет жинли нийетлеп киятырған бийик, еки қабатлы сарайдың алдындағы орынлықта семизлеўден келген, тапалтас киси отырған екен. Ол балалардың «жилли киятыр» деген шаўқымын еситип, жолға мойнын созып қарады да, асығыс түрде дәрўазадан ишке сүңгип кирип кетти.

Шамалы ўақыттан соң дәрўазасының кишкене есигинен гүрредей овчарка жерди тимискиленип шықты.

Тамамы балалар изине ерген ол сарайға жақынламақта.

Дәрўазаға он бес-жигирма қәдем қалғанда шубырысқан олар ийттен қорықты ма, бирим-бирим қала берди. Ал жинли болса жүрип баратыр. Ийттен қорқыў деген қыялында да жоқ.

«Ҳәзир талайды. Жеп қояды». Күни менен шаўқымласып, мазақласа да балаларда оған деген рехим оянды: тым-тырыс болып узақтан бақламақта. Айырымлары «Ийт талайды, қаш!» —деп қышқырады.

Сайымбет болса еле ийт-пийтиң менен жумысы жоқ—алға ентелеп баратыр. Балалар: «Ал, енди талайды» деп турғанда, оны қудай аяды ма, я ийттиң де «жаны ашыды ма» әйтеўир, бирден жерди тимискиленип басқа жаққа жортып кетти.



Жинли есикке келип тартып көрди. Ашылмағанлықтан қаға баслады. Иштен хеш ким даўыс та бермеди, шықпады да. Усы ўақытта қайдан келгени белгисиз, жаңағы овчарка ийт жуўырып келди де, оның артынан секирип, еки аяғын ийинге салып тура қалды. Ийтерип жерге түсиремен деп қолы менен ҳәрекет етип атырған жинлини гүрредей ийт жығып, талай баслады. Сайымбет астында жатып қан жосыған қоллары менен тамағынан қатты қыса баслады. Ийт те жан айбатқа салып, аяқлары менен тырнамақта. Аўзы менен тислеўге урынады.

Бул айқас шама менен он минуттай созылды. Усы гезде жәрдемге муртлаш жигит жетип келди. Еки адам тамағынан буўғаннан соң ақыры ийт әсте ҳәлсизленип, тәслим болды.

Сайымбеттиң аяқларынан, қолларынан қан ағып тур.

Бир ўақытта дәрўаза бирден ашылды да тапалтас, семизшик киси зытып шықты. Ийтиниң созылып атырғанын көрип, оның жаны шығып кете жазлады, көзлери патлыйып кеткен.

—Ҳә, атаңа нәлеттиң жинлиси! Неге өлтиресең?—Келе сала Сайымбеттиң жағасынан услап сабаўға киристи. Ол болса тапалтас, семизшикке қол қатпады.

—Ҳаў, бөле. Әлимбай! —қайта күлип, қушағын ашып жүрипти. Жинлимисең деген. —Сени сағынып қалыппан. Бармайтуғын болып кеттиң ғой, үйге.

—Мениң сендей бөлем жоқ. Не өзи сандалап турғаның, абырайымды төгип? Жоғал, кет! Танымайман, сендейди! ...Ийтимниң қунын төлеп кет, бирақ. Бол төле!—Ол бақырып еле урып-теўип жүрипти. Бир гезде муртлаш жигит қызып кеткен болса керек, жуўырып барып Әлимбайдың жағасынан тартып турып, көкирегине тоқпақтай мушы менен дүрс еткизди. Ол қаңбақтай ушып кетти.

—Ҳаў, Жақсымбай? Ол не? ... «Қыяметлик күни қоңсыңнан тап» деген бе? Сен неге болысасаң, бир саяқ жиллиге? Нең еди, ол? —Түргелип үсти басын қағыстырды. Бираз пәсине қайтқан.

—Хеш кимим. Ал сениң—бөлең!

—Мениң бундай бөлем жоқ. Сен билеўик болып кеткенсең бе?

—Неге жоқ! Баяғыда үлкен балаң үйленгенде ала қашарды алып келген ким-о? Усы Сайымбет емеспе еди? Енди пайдасы тиймейтуғын болғанлықтан танымайман деўине қара, иплас, саўдагер, безбүйрек... Ийтиңниң қунын төлейин бе? —Муртлаш жекиринип сорады.

—Өзи төлейди... —Әлимбай миңгирледи.

—Намыссыз, хайўан екенсең, барып турған! Мә, ал! —деп қалтасынан бир буўат ақшаны шығарып берди де, жыйналып қалған аламанның ишинен бир жас балаға бурылды. —«Тез жәрдем» ге қоңыраў ет, жаралары мүмкин емес ғой. Емлеўханаға жатқарайық, бийшараны.

Бул ўақытта Сайымбет жинли уялып па, бүккесине түсип жатып, өксип жылап атыр еди. Биресе «ўа-ҳа-ҳа» лап, ишек-силеси қатып күледи, сөйленеди.

—Бул дүньяға шыққаннан соң жақсы жасаў керек... Соның ушын муғаллимшиликти қойып, қараўыл болмақшыман. Бир жорам: «Муғаллим-

шиликти таслап, бизге қараўыллыққа кел» деп еди... Гүресиў— пайдасыз. Ол катты жүрип киятырған поезды қол күши менен иркемен, деп алдына шыққан менен бара бар нәрсе. Поездың епкининиң өзи-ақ адамды ылақтырып жиберип, бир жерин сындырыўы, мертиктириўи мүмкин... Аўа, сөй деди. Дурыс айтты. Әлимбай—ақыллы, дана... Як, —деп бақырып жиберди бир пайытта, бирден ушып турып. —Як, як! Ол жарамас—иплас! Ар-намысын, адамгершилик қәсийетин биле тура дүньяға алмастырған хүждансыз! Әлимбай қайда, мен оның менен сөйлесейин?... Яғ-аў, сөйлескенде оған бақырмайман. Сен дурыс ислепсең, Әлимбай... Поездың епкини мени мертиктирди. Аўа майырды.—Еле сөйленип атыр. Не айтып атырғанына түсингенлер түсинип, түсинбегенлер қәдимги сандырағына санап қойды. —Бизиң бөле дурыс жол таңлады. Соның нәтийжесинде мынадай сарайға ийе болды, —Сайымбет жинли жатып атырып жайды қолы менен нусқап көрсетти. Кимге көрсетип, сөзин кимге мақуллатып атыр, белгисиз. —Астында «Волга», «Нива» ҳәм бир емес үш қатыны бар...

—Алып кетиң мынаны! Аўзына келгенин қусып атыр ғой, —Әлимбай сырларымды паш етип қояды деп қорыққанлықтан жан ушыра бақырды.

—Жилли болса да ҳақ сөзди айтып атыр. —Ҳасалы бир ғарры аққуўдай сақалын тарамлап турып сөзге қосылды.

—Ҳақ жүремен деп мен не арттырдым. Қайта ҳаялдан, бала-шағадан айрылып, тентиреп жүрмен... Яғ-аў, Әлимбай, ойнап айтып атырман. Мәс болмайақ қой, мақтағанға. Сен барып турған дүньяқоңыз, намыссызсаң. Мен жилли болсам да намысым бар, абырайым сеникинен төмен емес, түсиндиң бе? Сени адамлар қорыққанынан «сыйласа», мени ҳақ кеўиллеринен ҳүрмет етеди...

Усы гезде «Тез жәрдем» машинасы да жетип келип, оны мингизип алып кетти.

## XXI

Ол «аўа» дегендей басын екшеп:

—Әкесине тартқан ғой, —деди.

—Әкеси ким?

—Мырзамурат Фазылов не... Қалалық атқарыў комитетининң баслығы.

—Хе-е-е. Аўа-аўа. Соның баласы деген екенсең-аў, баяғыда...

—Мырзамурат дегениң машинаны түнде жатқанда бармағына байлап жатқан адам. —Масқаралап Ҳәмир «ўа-ха-ха-а» ны салды. —Әкеси сөйткенде баласы не қылмайды?

—Қалай, қалай? Байлап дейсең бе? ... —деп сорады ядына түсире алмай қалған Қайып.

—Соны да умытып кеткениң бе?! Пай, сенде де «памийт» бар екен-аў. —Оның шынынан да есине келтире алмай атырғанын билип айта баслады. —Мырзамуратқа биреў «ГАЗ-24» утқан лотереясын «саўға» етип, бир-еки-үш күнликте сол «Волга» сын алыпты, деп еситтим. Соны урлап жоқ етейик пе, дедиң ғой бир сапары... Енди ядыңа түсти ме?...



—Хе-хе? Аўа-а. —Қайып мақуллап, басын ийзеди. «Урлық ислерим де соннан басланды-аў». —Ол қыял дәрьясына шөмди.

Қурылыста ислесе де жетпесинликтен қол ушы талап пенен еле айланысып жүрген ўақытта болған саўда еди, бул...

Вокзал басшылары менен келисип, әдеттегидей төртеўи вагоннан көмир түсирип атыр. Үсти-баслары, бет-аўызлары қап-қара күйеден көринбейди. Ҳәтте, қулақ-мурнының ишлерине де көмир тозаңлары кирген.

Бир мәҳәли:

—Суўмурын, нағыз негр болыпсаң ғой,—деп күлди Тилеп.

Ҳәммеси оған қосылып масқаралап кетти.

—Әстапыралла-а! Адам деген ең дәслеп өзине қарап, соң басқаға күлгенде не қылады-әй?! —Ҳазарсыз ғана жуўап берди. Себеби Тилептиң өзи де морыдан шыққандай, тек тиси ғана сөйлегенде аппақ болып жалтырайды.

Қайып сонда олардың күлкилерине мейилсиз жымыйды да қойды. Соң бирден кимге екени белгисиз, ызасы келип, белди ылақтырып жиберди.

—Буған күлиў емес, жылаў керек!

Қалған жигитлердиң жүзлериндеги күлки излери де бирден семди. Ҳәммеси тым-тырыс болып ойланып қалды. Қайыптың «неге жылаў керек» дегенине жақсы түсинген сыяқлы.

—Жылағанда бир жағдайымыз, турмысымыз оңалып кетер дейсең бе? ... Жумыс ҳәм оқыўдан соң, дем алыс күнлери бундай болып қара күйеге батып жумыс ислемейтуғынымызға кепиллик берсең, жылайық. —Бул Ҳәмирдиң дарылдаған жуўан даўысы.

—Тап әкемиз өлгендей қатты «ўай-ўай»ды салып жылап берейик-со. —Тилеп те тоңқылдыға қосылды, Қайыптың сөзин жақтырмаған кейипте.

—Дурыс, күлгенде де, жылағанда да хеш ким хеш нәрсе бермейди. —Сейдулла ақылгөй төрелик ете баслады. —Жылаған менен пайда түспейтуғын болғанлықтан бир есаптан Ҳәмир, Тилеплердиң де «ўақ-шағы» дурыс. —Усыннан соң жүзин Ҳәмирлерге бурды. —Сизлер Қайыптың «жылаў керек» дегенин де туўры түсиниң. Оның да мәниси бар. Усындай етип өлип-өшип, дем алысыңыздан да ўаз кешип мийнет етесиз, етемиз. Сөйтип алғанымызды жыйнап-терип «ийт-қусқа» жем етемиз. Тилептиң еки бөлме қақырасын есапқа алмағанда ҳәммемиздиң де жайымыз жоқ—кирей жайда отырыппыз, дурыс па? —Басқалар үнсиз ғана мақуллағанын билдирип басларын ийзеди. —Кирейде отырғаннан соң қара мийнет пенен тапқаныңыздың бир бөлегин хожайыныңызға апарып бересиз. Бул не? Ақшаңыздың ийт-қусқа жем болғаны емес пе?! Бирақ хожайынларыңыз хеш бириңизди төбесине мингизип яки арқалап жүрген жоқ, берсе бир кетектей бөлмесин берип қойыпты. Сонда да ай сайын қырық-елиў манатыңызды шыртып алып отырады.

Усындай күннен қутылып, коммуналлық жай алыў ушын гезекте турыпсыз. Өлдим-талдымда, он жыллап сарғайып күткен гезегиң келсе де бир бөлмели жай ушын бир мың, еки бөлмелиге еки мыңды қалалық атқарыў комитетиниң баслығына, яки соның әтирапындағыларға бермесең жай тийиспейди. Рабочийлық жумысқа кириўдиң өзи ушын жүз-жүз елиў сом атасаң...

Бул не? Акшаларыңыздың ийт-куска жем болғаны емес пе?! Олар болса курыдан-куры сизлердиң мийнетиңиздиң рәхәтин көреди: «Еккенде жок, тиккенде жок, кырманда таяр». Және бир мысал: өзлериңизге мәлим, справканың түри көп. Солардың кайсы бирин үш манат, бес манатсыз алып көрдиңиз? Ешейин яки таныссыз алғаныңыз бар ма? ... Жо-оқ... Айта берсең бундай мысаллар ызғып атыр. Сонлыктан да Қайып, бул мийнетлериниң рәхәтин көре алмайтуғынын билгенликтен ызаланып «азалап жылаў керек» деп атырыпты.

Сейдулланың узын-шубай болса да тәсирли сөзлеринен кейин хәмме отырған-отырған жерлеринде силтидей тынып калды. Тек әлленемирде ғана Қайып тилге кирди:

—Жигитлер, дүнья жин-жыпырдың уясына айналып кетти ғой. —Өкинишли түрде басын шайкап бираз сам-саз калды. —Баяғыда аўылымызда Калмурат деген ғарры болды. Аўылдың молласы еди. Сол ғарры адамсыз гөне жайға, бизлер, баллар, жасырынбақ ойнағанда кирейин десек бақыратуғын еди: «Гөне жайға бас суқпаң. Оларды жын-жыпыр, шайтанлар ийелеген. Тилден, кулактан, кулласы, бир мүшеңизден айырылып қаласыз» деп, ал өзи яки үлкен адамлар зәрүр болып кирмекши болса таякқа шүберек орап, алыстырып, от алып киретуғын еди. «Оттан, жарықтан жин-жыпыр қашады» дейди.

Жәмийетимиз, дүнья жин-жыпыр ийелеген сол бизиң аўылдағы гөне тамға усап кетти.

—Дурыс.—Хәмме бир аўыздан мақуллады.

Хәмир:

—Арамыздағы жин-жыпырды қашырыў ушын бизге де От керек.—десе Тилеп:

—Яки биротала бузып, тегислеп басқа «жай» салыў лазым, орнына.—деди.

—Бузыў, от пенен аласлаў бизиң-сизиң қолымыздан келмейди, гәптиң расында. —Сейдулла таласлы пикирлерге ноқат қойды.

—Мен енди жай да сыбамайман, вагоннан зат та түсирмеймен, атасына нәлет! Мүмкин жумысты да қоятуғын шығарман.—Қайыптың күйгенликтен усындай шешимге келип жүргени қашшан еди. Гәптиң рети келгенликтен ойларын жораларына да жайып салды.

—Күнкөристи не қыласаң? «Ислемеген-тислемейди» дегенге уқсас социалистлик жәмийетимиздиң принципи бар ғой. Күнде радио, телевизордан да қақсап атырған. Ямаса ядыңнан шығып кетти ме? —Суўмурынның басқылағандағысы.

—Кәлдей қатты қыздың ғой, бирден, Қайып жора? Әстерек, аштан өлип қаларсаң. Бир ашыўыңды бер. Райдан қайт. —Изин ала Тилеп те тыныш отырмай мазақлап кетти.

—Хеш те аштан өлмеймен-ғо.

—Күнликшилик етпесең, хүкиметтиң де жумысын қойсаң, «Алма пис, аўзыма түс» деп жатып алсаң, аштан сен өлмегенде мен өлемен бе, енди?! Төрт жанға Қаншайымның бир өзиниң сексен сомы не болады?! —Сейдулла ақылгөй (ақыл айта беретуғын болғанлықтан усы лақап тағылған еди, оған)



хәр қашанғысынша кеңес берип атыр. —Оннаншы ислей бер, табылғанын. Сениң бир өзиң емес, өмирден, жәмийетимизден түңилип, нәлет айтып жүрген.

—Ақылгөй екениңди бурыннан билемиз ғой. Тура тур, сөйлейик бизлер де,—Қайып Сейдулла ашыўланып қалмаўы ушын әсте күлди. —Мен «ислемеймен» дегенде аяқты аспанға көтерип жатаман деген мәнисте айтқан жоқпан, жора. —Ол суўық демин алып, темеки тутандырып, бираз ойланып отырды. —Расынан келгенде, қара мийнет ислеп тапқанымыздың, жаңағы сен айтқандай «ийт-куска» жем болыўы адамның жанына әбден батып кетти...

—Сонда не қылмақшысаң? Қолыңнан келетуғын бир зат бар ма? Я асылып өлежақсаң ба? —Хәмир хәзиллести.

—Як, өлмеймен де. Ол — нәмәртлердиң иси. Гүресиў керек... Олардан өшимизди алыўымыз лазым.

—Қәйтип аласаң? «Пәленше пара алады», «Төленше пара береди де, бара береди» деген менен жуўмақ шықпаса... —деди Тилеп.

—Өш алыўдың бир жолы бар. Сизлер келисесиз бе, келиспейсизбе, билмедим. Қосылмасаңыз бир өзим-ақ ислермен-дә...

—Қандай жол? Айт-са бир, саққыздай соза бергенше?

—Ол жол—урлық!

—Урлық! —Сейдулланың жаны шығып, орнынан ушып турғанын билмей қалды.

—Аўа, урлық ислеў. Парахордың, хүкиметти теспей сорып атырғанлардың дүньясын урлап, талан-тараж етип өш алыў...

Мениң де адамлар қусап жасағым: үлкен сарайда турғым, кәлегенимди кийип, ишип-жегим келеди. Машина минип, қыдырыўды күсеймен. Усыларды иске асырыў ушын не ислеўим дәркәр?! Биреўден пара ала алмасам: өзим—рабочий (егер баслық болғанда да алмас едим), саўдагершиликти де келистире алмайман (бул да мениң тәбиятыма жат). Соның ушын мен урлықтан басқа қолайлы жолды таппадым. Көптен бери усы үстинде ойланып жүрмен.

—Дурыс пикир. —деп қуўана қуўатлады Хәмир өзге адам жоқпа дегендей жан-жаққа қарап. —Мен қосыламан. Рәхәтин көрмесек бундай қара мийнет ислеўдиң неге кереги бар?! Хеш ислемей-ақ Қарунбай болып жүр ғой, биразлар.

—Мен де қосыламан сизлерге,—Тилеп тилегин билдирди. —Олардың биреўди жумыстан шығараман деп қорқытып алғаны, ямаса лаўазымы жағынан қысым жасап, мәжбүрлеп алғаны... урлық, басқыншылық емес пе? Қара мийнет пенен тапқан пақыр-пуқаралардың, хүкиметтиң ақшасын хәр қыйлы жоллар менен ийелеп отырған хәрекети адамгершилик нызамына да сыйыспайды.

—Дурыс айтасаң, —Қайып оның сөзин хошлады. —Ал, бизлердики адамгершиликке жатады. Өйткени биз урлағанда жерменлердиң, парахорлардың, мәмлекеттиң бир ийнинде отырып алып, аш кенедей сорып атырған хүждансызлардың дүньясын ғана урлаймыз, буны урлық деўге де болмайды... Урлатқан затыңды қайтарып алыў дегенге сәйкес келеди... «Урыны қарақшы басты» етемиз. Сөйтип, хақынан шығасаң, олардың.

—Милицияға усланып қалып, темир торға түсип қалмаймыз ба? «Урлық түби—қорлық» деген.—Сейдулла ақылгөй қорқашалды.

—Ол жағынан ғам шекпе. Акша менен олардың да үнине суў куямыз.

—Қайып дурыс айтады, Сейдулла. Оннан қорыкпа. —Ҳәмирдиң жуўан даўысы. —«Қамыр ушынан пәтир» дегендей, берип турсаң биреўи де «ың» демейди. Ҳәзир ҳақ милиция бар деп ойлайсаң ба? Үгитлегеним емес, Сейдулла. Шынында да усындай.

—Акшаның кеспейтуғын жери бар ма, сирә бир?! —деп Тилеп сөзге қосылды.—Бир күни үйге ғаррының узаклаў жийени—Әлимбай деген қыдырып келди...

—Аўа, танrealизман, бизиң қонсыларымыз ғой. Қараўыл болса да бай... Ал айта бер, —деп оған ийек қакты Қайып.

—Аўа шишкар... Сөйтип ол арақ ишип, буркып отырып айтпай жүрген бир сырын әшкара етип қойды. Оның баласының биреўди урып, басын жарып, қолын сындырып қойғанын еситкен едик. «Қалай аман алып қалып жүрсең?!» деп сорамасы барма ағамның, гәптиң арасында. Сондағы оның айтқаны:

—Ҳәй, дайы, садасаң-аў. Қалай аман қалатуғын еди—акша менен-дә.

—Солай ма? Биз ғой, еле мүгедек болып қалған сол жигиттиң өзинде айып: мәс болып баласы Ержанға тийискен. Әри-бери қол көтермей қорғанған екен, анаў баспалата берген. Соннан кейин ийтерип жиберген, әсте. Мәс болғанлықтан не халы болсын: дилграмға дүгип, басы жарылған. Қулағанда қолы қайырылып, салмағы менен сынған, деп еситкен едик.

—Бәри бийкар гәп, Қайып, —Тилеп қолын бир силтеди. —Қызығы бар енди, изинде: сөйтип Әлимбай мыналарды айтып берди: баласын дәслеп қамап таслаған. Соннан туўры ГОВД баслығына барып «Мине он мың» деп бир буўат жүзликти алдына таслаған. «Бизиң баланы қалай болмасын шығарып бересең! Яқ, анаў-мынаў десең туўры министрге барып-ақ босатып аламан.Бос қалып қоясаң» деген «мәртлерше» бетине. «Якшы» деген, майор да. Сөйткенде жаңағы сен айтқандай етип акт дүзген де, хүжжетлерин сазлап шығарған да жиберген. Бир күнлери «қутылдық па» деп жүрсе және шақырып қамап таслапты. Сөйлесип көрсе, қайтадан айып бизиң ғаррының жийениниң баласына тағылған екен. Соннан Әлимбайдың қуйрығына шоқ басылғандай өрден-ыққа зыр жуўырған. Сорастырып қараса, таяқ жеген жигит душпанында кеткен өшин алыў ушын (Расында наҳақтан таяқ жеген екен. Сонлықтан ашыўы келген.) әри-бери баслыққа, министрге шағым еткен. Сөзин тыңламағаннан соң, илажсыздан, қалай болмасын кегин қайтарыў мақсетинде ол да ГОВД баслығына он бес мыңды атқан. Сол екен, қайтадан тексериў жүрилип, қайтадан санкция берилип қамалғаны. Соннан (Әлимбайдың өзиниң айтыўынша) министрдиң үйине кеште барып, енди ол жигирма мың берген. «Баламды қутқар» деген. Сөйтип ертеңине-ақ баласын қутқарып алған екен... Әне, көрдиңлер ме, акша дегенниң қудиретин? Кеспейтуғын жери жоқ. —Тилеп сөзин тамамлады.

—Мен де қосыламан, —деди Сейдулла усыннан соң.

—Бизде зорлап, үгитлеп топарға киргизиўге болмайды. Ықтыярлы қосылыў керек, хәмме. Сонда ис жақсы болады. —Шамасы Қайыптың бул гәпи Сейдуллаға тийип кеткен болса итимал, ол шарта былай деди:



—Үгит-пүгитиңизге еретуғын мен емес. Өз ықтыярым менен қосыламан. Тек милицияға усланып қалған жағдайда не ислеймиз деп сорай қойып едим, басым бөлеге қалды ғой... Қорқып отырған мен жоқ. —Шамалы ашыўланғаны сөз рәмәўизинен байқалды.

—Ашыўланба, Сейдулла. Сени қорқып отыр деп атырған жоқпыз, —Тилеп көўлин алыўға умтылды.

—Бизиң ақылгөй батыр. —Ҳәмир тынышына отырмай басқылап кетти. Оған Сейдулла көзин алартып қарап, жуўап қайтарыў ушын аўзын жасқай бергени, Қайып ирикти:

—Қәне, жигитлер, хәзирше хәзил-дәлкекти, қысыр гәпти туўарып, оның орнына жақсылап келисип, не ислейтуғынларымыз жөнинде ойласып алайық... Бул шөлкемимиз адамгершилик нызамын басшылыққа алатуғын болғанлықтан мынандай шәртлери болыўы керек деп ойлайман. Бириншиден, биз тек биринши гезекте аса кеткен парахор, өзимшиллерди тонаўымыз; екиншиден, инсаныйлыққа жатпайтуғын хәр қандай хәрекетти (мысалы: урлық ислегенде, үйине басып киргенде балаларына, хаялына, улыўма үйиши адамларына, илажы болғанынша қол жумсамаў, тағы басқалар) ислемеўимиз; үшиншиден, хеш нәрсе болмай қалса да мәмлекет затына (дүканға, складка) урлыққа түспеўимиз лазым. Мениңше усылар. Кимде қандай қосатуғын, алатуғын усыныс, пикирлер болса айтсын...

—Алатуғын жоқ-тә, қосыўға мынандай усынысым бар: төртиншиден, егер биреў усланып қала қойса, басқаларды сатпаўымыз хәм хәммемиз оны шығарып алыў илажларын көриўимиз дәркар. — Сейдулланың пикири.

—Дурыс, —Хәмме бир аўыздан мақуллады.

«Түскен олжа теңдей бөлистирилиўи керек» деген усынысты Ҳәмир айтты.

—Және кимде бар? —Қайып сораўлы пишинде шериклерине көз жуўыртып шықты. Бирақ хеш кимнен саза болмады. —Онда усы шәртлер қабыл етиледи. Төртеўимиздиң де булжытпай орынлаўымыз шәрт. Бузғанға шара колланамыз... Келистик пе?

—Аўа.

—Мақул.

—Аўа, солай болсын.

Барлығы келисип қол урысқаннан соң Қайып сонда:

—Жигитлер, қалалық атқарыў комитетиниң баслығы Фазыловқа бир басшы «ГАЗ-24» утқан лотерея билетин «саўға» еткен. Сол «Волга» сын бир-еки-үш күнликте алған қусайды. Кеше биреўден еситип едим. Бүгин түнде соның гүмин шегейик пе? Өзи де көп адамды зар қақсатқан хүждансыз, барып турған хайўан ғой, —дегенди айтқан еди.

—Сайымбет ағаны жинли еткен сол ғой.Емлеўхананың—жинлихананың врачлары менен келисип нервти бузатуғын дәри салдырған.

—Солай ма еле? —Тилеп Ҳәмир суўмурынға таң қалған пишинде бурылып қарады. —Жүдә бир тасбаўыр, рехимсиз фашист екен ғой, онда. Аямаў керек.

Олар сол күни кеште Қайыптың бөлмесинде отырып, түнниң бир мезгили болыўын тақатсызланып, бир жағынан хүрейленип пе, абыржып па күткен еди. Сол арада Тилеп пенен Хәмир суўмурын барластырып, көрип те қайтты.

Саат түнги үшлердиң шамасы. Қала халқы тегис уйқы қушағында. Мүлгиген тынышлықты тек төрт жигиттиң аяқларының сести ғана бузбақта. Көшеде басқа селт еткен жан көринбейди.

Олар Мырзамурат Фазыловтың сарайдай етип салынған жайының сыртқы дәрўазасы алдына келгенде тоқтап, шамалы ойласық етти. Соң қалтасынан бир буўат хәр түрли гилти бар Хәмир суўмурын гербиштен бийик етип өрилген дийўалдан ишке асырылып түсти.

Әлленемирде үлкен темир дәрўаза сес-семирсиз ашылып, қалған үшеўи де ишке енди.

«Волга» бастырманың астында қантарыўлы тур екен. Ал оннан еки-үш қәдем былайырақтағы сыпада Мырзамурат ҳаялы менен қосылып қорылдыны жиберип атыр.

Сес шығармай аяқларын еп пенен басып, олар машинаның жанына жақынлады. Ийтерип шығарыў керек болғанлықтан арткы жағына баратырған Тилеп бир гезде «тоқтаң!» дегенди бармағын аўзына апарып билдирди.

—Сабақ. —Еситилер-еситилмес үни шықты. Шынында да. «Волга» ның кейинги есигиниң тутқасына қармақтың жипек жиби байланған екен. Оның екинши ушы болса, ай жақты болғанлықтан, Мырзамураттың көрпесинен шығып атырған аяғының бас бармағына байланғаны көринди.

Күлип жибериўге сәл қалған төрт жигит, жипти Сейдулла қолындағы өткир пышақ пенен кесип жибергеннен соң, машинаны әсте ийтерип сыртқа шығарды. Кейин суўмурын қалтасынан және қудайдың көп гилтин алып, қулыпқа хәр қайсысын бир салып көрип, әйтеўир өлдим-азарда ашты. Енди жүргизип кетейин деп атырған мәхәлде Қайып бирден машинаның қапысын ашып сыртқа шығып:

—Тура тур, —деди рульдеги Тилепке қарата.—Хәзир оны қызық етемиз. Ядында узақ сақланатуғындай етип пәнт берейин.

Түсе сала дәрўазадан ишке сүнгип кетти. Соннан бес-алты минуттан кейин келген ол машина қапысын жаба сала «ўа-ха-ха-а»ны салды.

—Хе, не қылдың?—Айдап баратырған Тилеп те нендей қызық ҳәдийсениң жүз бергенин билмесе де, әйтеўир, күлкили жағдайдың болғанын аңлап әсте жымыйды. Басқалардың да қыялларындағы сораўлары усы еди.

—Сыпаның қасындағы еки бағанның ортасына тасланған ағашта таўықлар қонақлап отыр еди, ғой, абайлап па едиңлер?

—Аўа.

—Аўа.

—Соған зәңгини қойып минип, жаңағы тутқаға байланған жипти сайлап таўықлардың ишиндеги үлкен гүләңгир қоразының аяғына байлап кеттим.

—Онда бүгин ерте, таўық пенен бирге турады десеш!

—Азанда «Волга» орнында қоразын көрип, түсим бе, оңым ба, деп ҳайранлар қалатуғын шығар.

—Қатырыпсаң, Қайып жора! Яша!



Хәммесиниң ишек-силеси қатып, көзлеринен жас аққанша хәз етип күлисип алды.

«Волга» туўры Қызкеткенниң ғырра жағасына келип «шуй-й-к» етип тоқтады. Барлығы түсип болғаннан соң Қайып хеш затына тиймей суўға ийтерип жибермекши екенин айтқанда Сейдулла ақылгөй және ақыл таўып қылмады.

—Есиң дурыс па? Хаў, ең қурығанда баллонларын ашып алып қалайық. Хәр қайсысын кеминде бир жүз жигирма-отыздан тийгизбей алып кетеди. Хәзирги пайытта бизлерге ғәрежет те керек ғой. Солай емес пе? —Шериклеслерине бирим-бирим тигилип қарады. Жөн пикирди хәммеси де мақуллап, баллоннан басқа да керекли-керекли (өтимли-өтимли) деген бөлеклерин «шешип» алып, соң «Волга»ны каналға ийтерип жиберди...

—Сол «ГАЗ-24»ти «мантықтырып өлтиргенимиз» ядыма түссе, елеге шекем ишим ийт жыртқандай болады-әй. —Хәмир суўмурын узын қырлы мурнын тартып қойды.

—Сол күни-ақ «Айдап жүре алмаймыз. Усыннан қолайлы жолы жоқ. Хеш кимге де буйырмаған екен» деп айттым ғой. —Қайып оның ийнинен қағып қойды. Соң күлди. —Хаялыңнан бетер уўайымлап жүрсең бе, еле?

—Қалай енди уўайымламассаң, шылт жаңа «Волга» ны?! Хүкимет оған қанша пул сарплап соқтырды,—Суўмурын басын шайқап отыр. Қайып болса гәпти туўарғысы келип, оған ләм-мим демеди. Соң түргелип саатына қарады. —Ал жора, мен қайтайын. Бираз отырып қалыппыз ғой. Ўақыт та оңға шамаласыпты. Жатып дем алайық.

—Өзиң бил. Яқшы, онда. Усы тойғаның менен қайтасаң, —деп хәзил дәлкек етти. —Келип турсеш, тез-тез.

—Болады, өзиңде барып тур.

## XXII

—Ўай-ўай, жилли емеспен! Укол салмаң. Мени неге азаплай бересиз? Бул жерге не ушын әкелдиңиз? Мырзамураттың өзи жилли, бузақы...!

—Сени жинли деп атырған адам жоқ. Тынышлан! Ийт тислеген. Соның ушын жараларыңды таңып, укол етип атырмыз. —Сулыўшықтан келген, аққуба келиншек—медсестра оны тынышландырыў мақсетинде мүлайым сөйлемекте.

—Ақсүнгил менен бирге жатыр екен, атаңа нәлеттиң баласы! Соннан кейин урдым. Ким болса да шыдап тура алмайды ғой, хаялың менен жатырса. Солай емес пе, қарындасым? ... Онда неге мени «жилли» деп жиллиханаға жатқарып қойыпсыз? —Сайымбет укол салдырмаўға урынды. Сонлықтан көмекке медсестра қыздың шақырыўы менен ер врач келип, оның аяқ-қолларын тас қылып, қыймылдатпай басып отырды.

Сайымбет бул сөзлерди буннан онлаған жыл илгери айтқан еди...

Ақсүнгил ол гезлери мектептиң буфетин ашады. Сайымбет болса оттай муғаллим.

Бир күни ол аш болғанлықтан аўқатланып қайтыў ушын буфетке келсе сырттан илик екен. Саат төртлердиң шамасы. «Ақсүңгилдиң қайтатуғын ўақты болған жоқ ғой. Қайда кетти екен? Зат әкелиўге кетти ме? Неде болса арткы есигин көрейин, мүмкин иште отырған шығар» деп барса, бул есик те иштен илик екен.

—Ақсүңгил, хә Ақсүңгил! Аш!—деп даўыслады. Иштен хеш даўыс еситилмеди. Соннан соң шаршап уйықлап атырған шығар деген қыял менен есиктиң тутқасын услап қаттырақ тартып қалып еди, иштеги шыңғаның шегеси шығып кетип, қапы айқара ашылды. Тапшанда шалбарының илгеклерин иле алмай әўере болған Мырзамурат пенен, шашлары уўдар-дуўдар, ярым жалаңаш Ақсүңгил не қыларын билмей албырасып қалды. Сайымбет ишке ашыўлы пәт пенен кирди де оқлаўды ала сала Мырзамураттың маңлайына сарт еткизди. Кейин Ақсүңгилди бир тепти. Екеўи де усыннан соң қайымын таўып сыртқа турра қашты.

Сол күни кеште түтигип келгени де сол еди, «Тез жәрдем» милиция машинасы менен жетип келди.

—Нервиңди тексеремиз, емлеўханаға жүр. Жазықсыздан-жазықсыз директорыңды, хаялыңды урыпсаң, —деди врач буйырып сөйлеп.

—Не, мен бе? Жазықсыздан-жазықсыз ура берип жилли емеспен ғой. —Сол жерде не ҳәдийсе жүз берсе, түсигине шекем қалдырмай айтып берди. Лекин милиция хызметкери тыңламады.

—Бир мектептиң пилдей директоры өтирик сөйлей ме? Оның үстине қатының да мақуллап отыр. Мине тилхатлары, исенбесең?

Оның айтыўынша ол (Мырзамурат) буфетке тамақланайын деп келсе, сен хаялыңды урып атыр екенсең. «Ҳаў, Сайымбет жора, бул не? Не жазығы болды, қостарыңның?» деген екен, сен:. «Ара тура сабап турыў керек, сени де ураман», дей сала бирден оқлаўды алып, абайсызда турған оның маңлайына да бир қойыпсаң. Исип кетипти. Ҳәзир емлеўханада жатыр. Жәбиркештиң өтинишине бола сениң саў яки саў емеслигиңди тексеремиз... Ден саўлығыныңның жақсы екенлигине исенсең несине қорқасаң? Қайтасаң ғой, жүр. —Олар алдастырыўға урынды.

—Не сандалап турғаның, жолдас милиционер. Өзим жанып, партым шығып турғанда неге қыйнайсаң, буўынсыз жүрге пышақ салып?! Не ушын намысыма тийесең?! —Ол бундай қорлыққа, бассыныўшылыққа шыдамай түтигип кетти.

—Азамат Жәлиев, биз сени тексериўимиз шәрт. Тез мына «тез жәрдем» ге минин! —Буйырып сөйледи.

—Ал,яқшы отырайын. Тексериң, тексере ғойың. —Илажсыздан минди. Соннан оны әкелип нейрохирургия бөлимине жатқарды. Ертеңине келген дайысы оның хал-жағдайын сорастырып болып:

—Ақшаға сатылып врачың диогнозыңды қәте қойып жүрмесе болғаны ғой,—деген еди, төмен қарап жер сызып отырып, налып.

—Қой-ш бир, дайы! Ҳәзилиң қалмайды-дә, сениң! —Сайымбет күлди.



—Неси хәзил? —Ол суўық демин алды. —Ҳеш ойын емес. Ислейди, оны да. Бул сөйлесиктен бир-еки-үш күн өткеннен кейин азанда емлеўши врач келди.

—Кийин! Изиме ер!

—Қай жаққа барамыз? —Оның түр-түсинен, сөзиниң рәмәўзинен бир жаманлықтың ийисин сезгендей-ақ гүдикленип, тигилип қарады. Усы врачтың Мырзамурат пенен еки күнликте теректиң астында пинҳамы сөйлесип турғанын көрген ол соннан бери қәўипсинетуғын еди.

—Тахиатасқа. Нервиң бузылған.

—Рас айтып турсаң ба, Қуўандық аға? Я ойның ба?

—Сениң менен хәзиллесип дайыңман ба, я жезденмен бе? —Жекиринип жиберди.

—Ҳәзиллеспесең не айтып турғаның?! —Еле өтирик шығар деп жүдә қаттыға бармай турыпты. Лекин сонда да азмаз ашыўланайын деди.

—Тексерип көрдик. Нервиң бузылыпты, аязлап. Түсиндиң бе, енди? Шамалы күн сол жақта емленип қайтасаң.

—Не дедиң?! Қайталап айт!... Нерви бузылмаған сениң бе айтып турғаның, усы сөзди! Сениң нервиң бузылған, түсиндиң бе?! —Бундай азапқа төтепки бере алмаған (адам баласының хеш бири де төтепки бере алмас) Сайымбеттиң қаны қайнап кетти. —Ҳәй, Қуўандық, саған айтаман, азапқа салма мени! Қорлама! Дурыслап, хағына тексер!...

—Тексердик, тексердик! Неше мәрте айтыў шәрт саған, я?!

—Сен өзиң адамсаң ба? Инсаныйлық ийисиң бар ма, сениң?! —Сайымбет оны жеп жибererликтей бежирейип қарады. Даўысы қатты шыққаны соншелли, пүткил палатаны, бөлимди басына көтерди.

—Мынаны тез апарып машинаға тығың! Жилли менен жилли болатуғын шамам жоқ мениң. —Ол қасындағы еки ер врачқа буйрық берди де өзи палатадан шыға сала бир есикке зып берип кирип кетти. Шамасы қанша арсыз болса да бети шыдамаған болса итимал.

—Жибериң мени! —Сайымбет еки қолынан беккем етип услаған еки жигиттен қутылмақшы болып күш салып ийтереди. —Жибериң деймен! Мен ҳәзир ондай иплас, пулға сатылған врачтың қанын шашаман! Азаплаған қандай болатуғынын көзине көрсетемен! —Қызып кетти. Көзлери қызарып, қутырған буғадай жулқынады. Ақырында жулқынып-жулқынып екеўинен жаздырылды да Қуўандық кирген есик таман жуўырды. Сол пәти менен кирип барса иште Қуўандық пенен Мырзамурат балық суўға киргендей шадығоррам болып күлисип турған екен. Ол кирип келиўден даўыслары суў серпкендей басылды.

—Ҳайўанлар! —Кире сала Мырзамураттың жағасына жармасты. —Азғана болса да адамгершилик ийиси бар шығар десем, ҳайўаннан да өткен бир жеркенишли мақлуқ екенсең ғой, барып турған!—«Бундай иплас исти, хәтте душпанына да, адам аяп көрмеген Македонский де, Шыңғысхан да рәўа көрмеген шығар» деп ойлады. —Сен хәм уры, хәм үстем болғың келеди, я?! Сизлерге адамды қорлаўдың қандай болатуғынын көрсетип қояман? — Сайымбет оның жағасынан мықлап услап алып, қылғындыра баслады.

—Ўай-ўай! Көмеклесиң! Жилли өлтирди ғой, мени! —Мырзамурат даўысының барынша даўрық салды, кылғынып, жаны көзине көринип атырса да масқаралаўын қоймай, буўынсыз жерге пышақ салып, уўлы жыландай шағып алады.

—Ким жилли, я ким?!... —Оннан сайын тамағын буўа түсти.

Сәлден соң жан ҳалатында қолларын сермеп атырған оны жаздырды да, суўық демин алды.

—Сизлер әдил суд алдында жуўап бересиз.

Усы ўақытта кирип келген бағанағы еки жигитке, қорқып бир мүйешке тығылып турған Қуўандық:

—Биреўди өлтирип қоймастан алдын тез алып кетиң, жиллиханаға!—деп бақырды.

— Менин сизлер екеўиңизден басқаға зияным жоқ. —Ол түйилген мушын силтеп Мырзамурат пенен Қуўандыққа қарады. —Ҳәзир туппа-туўры милицияға барып үстилериңизден арза беремен. —Өзиниң күни менен қанқызбалық пенен ислеген ислериниң, врач жинлиге шығарып ҳүжжетлестирип қойғанлықтан зияннан басқа бир түйир пайдасы жоқлығын түсинген ол өзин басып, жайы менен сөйлеўге урынды. —Бас врачқа барып: «Мени басқа врач тексерсин» деймен...

—Неге қарап турсызлар? Алып кетиң! —Қуўандық не ислерин билмей, гибиртикленип турған еки врачқа қышқырып, кейий баслады.—Болың шаққан!

«Командир» ден қыстаўлы буйрық алғаннан кейин шарта-шурт екеўлеп жабыла сыртқа сүйреп еди, күшлери келмеди. Сонлықтан Мырзамурат та, Қуўандық та асылып, көтере сала сырттағы машинаға апарып, аяқ-қолларын тас қылып шандып байлап таслады.

Сол күни машинада баратырған Сайымбет түси я оңы екенин айыра алмай, ар-сары шығып, көзи бақырайып жатты. «Түсим» дейин десе, ояў сыяқлы: бәрин билип жатыр: «Тез жәрдем» машинасының Әмиўдәрья көпиринен өткенин де көрди. Ал, «оңым» деўге социалистлик елде, қала берсе, «парахатшылық дәўир» де бундай истиң болатуғынына ҳасла исенгиси келмей, ақылы лал болады.

«Бундай болған социализми қурысын! ... — Руўхый соққыдан аз-маз өзине келгеннен соң ишинен күйинип атыр. —Яқ, дүзимде турған не гәп бар, социализм принципин бурмалаўшылар қурысын!»

Машинада Мырзамурат та отыр еди. Ол басына қара қалпақ кийип алған. Үстинде—сур плащь, аяғында—ушы биздей жылтыр қара туфли. Тапшанда жатырған Сайымбеттиң бас ушында отырған оның бет-әлпетинен ызғарлы күлкиниң, өз-өзине кеўли толғанлықтың изи байқалады.

Бир ўақытта әсте еңкейипСайымбеттиң қулағына сыбырлай баслады:

—Әне, «достым» ким-кимди жеңди?!... Исиң тамам енди. Өмириңше хор болып жүресең. —Езиў тартып күлди. —Сен мениң жумысыма кесент етпегениңде: «ҳақ ислеймен, қылаплық етпеймен» дей бермей, басқалар сыяқлы «келисип» ислей бергенде бәле жоқ. Сени буншелли азапламас та едим. Усындай қорлықты өзиңниң тик минезиңнен таўып отырсаң. Саған зулымлықты



(егер усылай деўге сәйкес келсе) миясар көриўиме өзиң бәрҳәма мәжбүрлеп келдиң. Ақырында мине, қолайы келди, «достым» ...Оның ушын өкпелеме. Тәнҳа өзиң бәрине айыплысаң... Егер пикириңнен қайтатуғын болсаң, адам қусап жүриўиңе еле мүмкиншилигиң бар. Ойлан, жақсылап...

—Ҳақыйқатлық жоқ заманда адам қусап жасаў мүмкин емес, Мырзамурат. Маған неге ондай дейсең? Садағасы кетейин, бундай өмирдиң! Оннан да хеш нәрсениң парқына бармайтуғын жилли-ақ болғаным абзал. Жәмийеттеги шынлық, әдалатлықтың тамырына балта урып болып, сол жәмийетте маған жасаўды усынғаның не?... Сендей жексурынлар менен мәмилеге келип жасаўға ҳүжданым жол бермейди... Әх-х! — Ол көзинен сорғалаған жасты көрсетпеў ушын бүккесине түсип жатты.

«Еле де гүресемен бе, деген ойым бар еди. Илаж қанша!» Аўыр гүрсинип алды.

Сайымбет хеш нәрсе ислей алмады. Буннан былайғы жағында да өшин ала алмайтуғынына, ҳәзир барғаннан соң бир укол менен естен айырып, анық жинли етип жиберетуғынына көзи жетип, ишлей егитилип жылаған еди.

—Жаўыз! Жексурын! Қолыңнан келген жаманлығыңды ислеп қал! — Буннан кейин тисленип турып айтқаны усы болды...

Врачлар Сайымбет жинлиниң қолларындағы, жүзиндеги ийттиң тислериниң, тырнағының излерин спирт пенен тазалап жуўып, дәри жақты, таңды. Тынышландыратуғын укол салды.

Бул ўақытта қас қарайып та қалған еди. Сонлықтан түнниң ишинде бир өзин жибериўди жөн көрмеген Қошмурат ғаррының қоңсысы—медсестра келиншек Қаншайым машина менен оны сол үйге әкелип таслады.

## XXIII

Кәтине келип узынына созылып жатырған оның бир мәҳәли, неликтен де, Қаншайымның хатын және бир оқығысы келип кетти де, сол жатысында қолын көпшигиниң астына сукты.

**«...Қайып, мен сеннен кеткеннен соң, өзиңниң де хабарың бар шығар, жақынға дейин отырдым... Жақында... жақында... үш-төрт айлықта кеширилмес гүна ислеп қойдым—күйеўге шықтым. Үйдиң ишлери: «Басың жас. Көп отырма, изиңе сөз ереди» дей берди. Сөйтип басымды бир бөлелеримизге шатты,** —Қайыптың көзине қуйылған ыссы жас қағаз бетине тырс-тырс тамып турды. **—Әлбетте, мен қуўанышлы емеспен. Олай ойлама? Басқаның ҳаялы болғанша сениң жесириң болып жүргенди артық санап-ақ жүр едим. Әттең! ...Қалай бирден сасқанымды, көзимди қайсы қудай байлағанын билмедим. Мүмкин, әке-шешем қайыл болып, айтып турғаннан соң қыймадым ба, яки изимнен сөз ерип кететуғынынан қорықтым ба (булардың хеш қайсысының мени ақлаўға себеп бола алмайтуғынын жақсы сеземен), билмеймен, қулласы, қудай алжастырды, көзимди байлады, тастай етип. Көзиңе шөп сала қояйын деген ой ҳасла қыялымда болған жоқ-ақ еди, Қайып. Дурыс түсин. Жағдайымды туўры түсинетуғыныңа да исенемен... Кешир мени! Кешир, мендей бир сорлы соқыр гүбелекти!...**

**Әлбетте, оның менен көп тура алмайман—жақсы билемен. Сүймегениң менен жақсы жасаў мүмкин емес екен.**

**Қайып, Мақсет пенен Сайып өсип атыр. Ағам менен апам мени узатарда ( усы сөзди жазарда қанша қыйналғанымды көз алдыңа келтирип көр) алып қалды. Ҳәзир сол жақта болып атыр. Күн ара барып тураман. Сениң жиберип турған ақшаларыңның бир сомында керекли затыма жумсамай, солардың пальто, етиклерине, жейтуғын шоколад, музқаймақларына саўып атырман. Баяғыда екеўимиз түскен реңли сүўретти үлкейттирип, балалардың бөлмесине «көзлери үйрениссин, ертең келгенде жатсырап жүрер» деген қыял менен қыстырып қойыппан. Ҳәр барған сайын «сағындық» дейди. Сениң шығыўыңа неше жыл, неше ай, неше ҳәпте, ҳәтте қанша күн қалғанын да ядтан биледи, олар.** —Қайыптың кеўли және бузылып, елжиреп кетти. Аўзы кемсеңлеп, жылап жибермеўи ушын бармағын тистеледи. **—Саған ашыўланып кеткениме еле, еле, еле өкинемен. Адамлар: «күйеўиң—уры, гәззап» деп бетиме баса бергеннен және Мақсет, Сайыпларға да қоңсылардың балалары: «Әкең—уры» дегенге жылап келе бергеннен кейин ашыўланып, шыдамай саған: «Усы исиңди қоймасаң—кетемен» деп айтқанымда сен: «Қаншайым, мен—ҳақпан. Адамлар, қоңсылар «уры» десе дей берсин, ҳеш нәрсеге түсинбейди. Солай дегенлердиң өзлери—аўыш, ақмақ. Өйткени, мен урлық ислегенде солардың мийнетиниң рәҳәтин көрип жүрген қасқырларды, ҳүждансыз, жерменлерди тонап жүрмен ғой. Яким мениң биреўдиң маңлай тери менен тапқан дүньясын урлағанымды көрдиң бе?» дегенде мен гешше саған дурыс түсинбей: «Сонда да адамлар бәри бир «уры» дейди, деп өз сөзимде турып алдым-аў!... Кейин сениң: «Мен коймайман. Егер сен көнбейтуғын болсаң илаж қанша» деп баўырыңа тартып, қушақлағаныңды еслесем, елеге дейин тамағыма өксик тығылып, көзимнен жас селлеп кетеди. Сениң ҳақ, әдил екениңе енди-енди түсинип бармағымды тислеп жүрмен.**

**Ал, басқа не айтайын. Сәлем менен жолыңа айдай қараўшы қостарың Қаншайым.**

**24-октябрь, 198... жыл».**

Хатты оқып болды да, Қайып бир «үх» леп алды.

«Мен де бир, қурбанлыққа шалынған мал да бир. Аўа, жәмийеттиң қурбанлығыман». Хаттың: **«Ҳәр барған сайын «сағындық» дейди. «Сениң шығыўыңа неше жыл, неше ай, ҳәтте, қанша күн қалғанын да ядтан биледи»** деген жерлерин иштен қайталап және оқыды. «Қамасаң қама» деп әнтекшилик еткен екенмен-дә! Бир алжасқан жерим сол болды» деп өкинди, балалары ядына түсип сағынғанлықтан, ол. Шынында да. «Буннан түрме жақсырақ шығар. Қама, тезирек» деген өзиниң аўзынан шыққан сөзи еди.

... Бир күни Қайыптың топары отырыспақларда: «Мениң ақшам буўаты менен қатарластырып қойғанда Тахтакөпирден Шымбайға дейин жетеди» деп паңқып жүретуғын РесПОның баслығы Сәрсен Базарбаевичтиң үйине әйнектен адам жоқта түсип, шифоньердиң қарамындай сейфин өлдим-азарда бузып, буўат-буўат ақшаларды еки үлкен портфельге салып, енди шығайын



деп атырғанда усланып қалды. Сол жерде олардан тек Сейдулла ақылгөй ғана қайымын таўып қашып қутылды.. Соңынан булар үшеўин түрмехананың тергеў изоляторына қамап таслады. Ашылмай атырған бираз қылмыслар да оларға жабылды. Енди пара берип қутылмаса, ҳәр қайсысының мойнында ең кеми алты-жети жыл тур еди. Сонлықтан Қайып бир есабын таўып, жигитлери менен ойласық қурды.

—Не қыласыз? Түрмени де көрип қайтайық па, яки? ... Мениң тәнҳә өзим түрмеде отырғанды жақсы көрип турыппан. Бул жердеги адамлардың жағымпазланып сөйлеўи, менсинбеўи, тәкаббырлығы, қызғаншақлығы... адамды руўхый жақтан езип жиберди. Пүткиллей жалығып кеттим. Еситиўимше, түрмеде бул жерге салыстырғанда жағдай жақсырақ—жаңағыдай қәсийетлер азлаў, бир-биреўди адамгершилик қәсийетине қарап сыйлаў басымырақ қусайды... Сизлер не қыласыз?... «Барамыз» яки «қаламыз» десеңиз де өкпе жоқ. Ҳәр ким қабырғасы менен ойласып шешсин. Асықпаң, бул жерде тәғдир шешиледи. Егер барғыңыз келмесе айтың, дәрҳал Сейдуллаға хабарлаймыз. Тергеўшиге ҳәр биримиз ушын он мыңды атып жиберсе, шығып турмыз.

—Жаман болса да үйренискен жерим ғой, қала берейин,—деди өлпең даўыс пенен Тилеп.

—Болады. Ал, сен не, Суўмурын?

—Сениң менен бирге көрип қайтажақпан. Жүдә жақпаса сол жақта-ақ бир илажын ислермиз-дә.

Бир ҳәптеден соң Тилеп қутылып шықты. Ал Қайып пенен Ҳәмирден тергеўши күнде саўал алады.

Тергеўши Турдиев Аяп деген арықтан келген тапалтас киси еди. Ол Қайыптың классласы—алтын медаль менен питкеретуғын Меригүлдиң әкеси. Бурын районда исleди.

—Бизлерди неге қамап қойыпсыз?—деди оған Қайып бир тергеў жүрип атырған ўақтында түйеден постын таслағандай етип.

—Ақыл-ҳуўшың өзиңде ме? Еки жыл удайы қаланы зирлеткен гәззап болсаң неге қамамайды екенбиз?! Қайта еле де қолға кешлеў түскениңе қуўан. —Мысқыллап сөйлейди екен.

—Мени «уры» деп намысыма тийгениң ушын үстиңнен шағым етемен.

—Сен бала менен сөйлесип отырған мениң есим жоқ. Аўылдағы Сайымбет муғаллимниң артынан кеткен сен де жилли екенсең ғой.

—«Жилли» дегениң ушын да үстиңнен дүсирлетип арза жазаман.

—Арзы етсең ет. Ҳәм уры, ҳәм үстем болғың келеди я?! Урлық үстинде усланып турып және «мен уры емеспен» дегениңе ҳайранман. Мүмкин, онда мен қарақшы шығарман, солай ма? —Ол күйип-писип қалды. Қайып болса салдаманлы, аспай-саспай отырыпты.

—Өзиңниң қарақшы екениңди еле билмейтуғын болсаң, сен де мәжгүн екенсең.—Мысқыллап ол да күлди.

—Адамды масқаралағаныңды туўар, қәне!—деп бир басып бақырып алды. —Сениң адам тонаўшы екениңди пүткил қала халқы биледи. Тек усы ўақытқа

шекем урлық үстинде усланбай жүр един. Енди тырп етип көр, қудайдың баласы екенсең.

—Мен саған «уры» деп айтпа дедим ғой. —Қайып оннан бетер партын шығарыўды гөзлеп отыр. Бирақ, өзи қызбай бир қәлипте сөйлейди. Оның бақырғанына ашыўланбайды. Қайта тас-талқан болып ашыўланғанына күлкиси келеди. —Мен гәззап, жөлик емеспен: ҳақпан, әдилмен.

—Ҳақ емиш! Сөзин қара бул сумның! Гәпинен-ақ сумырай, уры екени анық билинип турыпты.

—Жолдас Турдиев, сениң өзиң ҳақ, ҳүжданлысаң ба?

—Типиў-ў! —Ханасына сыймай кеткен тергеўши стол астына түпирди. —Мениң наҳақ, ҳүждансыз екенимди дәлийллеп бер, қәне?

—Жолдас тергеўши, партыңыз шыға бермесин, өзиңизге зыян: қан басымыңыз көтерилип кетеди... Мен сизге «ҳақ емессиз» деп отырғаным жоқ. Тек ҳүжданлы, адамгершиликлисиз бе? деп атырман.

—Аўа, өзиме жетерли ҳүжданым бар. Ҳақыйқый инсанман, не қылайын деп един? —Ол және қандай нама шертер екенсен, дегендей айыпкердиң бетине ашыўлы түрде бежирейип қарады.

—Ондай болса бизди шығарып жиберип, усы қамап қойғаның ушын кеширим сора.

—Болды-ы! —Бақырып, кишкене мушы менен столды «тақ-қ» еткизип бир урып еди, колы аўырды ма, бирден аўзына апарғанын билмей қалды. —Болды! Сениң менен салғыласып отырғандай шамам жоқ.

—Болған жо-о-қ! —Әбден күйдириў ушын Қайып та столды мушы менен сарт еткизди. —Бизди шығарып айыплыларды қама. Соннан кейин болады. —Кейинги сөзди көтериңки айтты.

—Сөзиңниң рәмәуизине қарағанда «айыпсызбан, аппақ хожаның ақлығыман» деп отырсаң ғой, шамасы, солай ма? Дәлиллеп бер маған. Қәне, қәйтип исендирер екенсең.

—Дәлиллеўге зәрүрсең бе? Яқшы, «жоқары билимли юрист» бола турып түсинбеген болсаң, дәлиллеп-ақ берейин. —Бул сөзлер және Турдиевтың жулынына тийип, әбден тырыстырса да, ашыўын зорға басып, не дер екен, дегендей тым-тырыс, сынын бузбады. Бирақ қабағы еле жаўатуғын булттай түнериңки. —Мениң де адамлар қусап жасағым, хожалық бағыўым, қыдырыўым, жайлы болғым, машина мингим... келеди. Ал буған табысым жетпейди. Затлар қымбат. Парахорлық, алымсақлық күшли. Ақшамның жартысына жақыны параға, саўдагердиң затқа қойған үстеме баҳасына кетеди. Усындай жағдайда не ислеўим керек?! Жақсы жасаў деген тилегимди қанаатландырыў ушын урлық иследим. Басқа қандай жолы бар еди? —Оған сораўлы пишинде тигилип қарады. Оннан болса саза шықпады.—Мийнет ислеў жақпай емес, ал зәрүрликтен, басқа илажым жоқ болып иске қол урғанлықтан да мен ҳақпан... Сиз де жаңа «ҳақпан» дедиңиз. Шын солай болса енди сен дәлиллеп бер: мени шығарып, нағыз қарақшы, гәззапларды қама. Нағыз «высший марки» уры —Сәрсен Базарбаевич, Мырзамурат Фазылов, Әлимбайлар...



—Тоқта! —Тергеўши сөзди бирден бөлди. —Аўзыңа қарап сөйле, қуса бермей. Олар қалай уры? Урлығын көрдиң бе, сен?

—Барып турған мәңгүр, жилли өзиң екенсең ғой. —Бағанағы өшин алыў ушын қырсығып айтты.—Ҳаў, көрип услаў шәрт пе? Үлкен еки қабатлы сарайларды, еки-үш машинаны айлықтан салды, сатып алды, деп ойлайсаң ба? Ал кассадағы мың-мыңлаған, жеке үй сейфлериндеги еки жүз-үш жүз мыңлаған сомды да айлықтан жыйнады ма? Сәрсен Базарбаевичтиң, басқа дүньяларын айтпағанда, үй сейфиндеги бизлер урлаған еки корзина толы ақша—160 мың сомды да айлықтан жыйған деў ақылға сирә уғрас келе ме? Айтшы өзиң-ақ, —Қызып сөйлеп отырған Қайып оған тесилип қарады. Оннан жәнe үн шықпады. —Бәри халықты сорып, мәмлекетти алдап жыйналған ақшалар емес деп айта аласаң ба? ...Машинасы, үйинде онлаған, жигирмалаған гилемлери, сырт ел мебельлери, хан сарайындай жайлары... бар үйлердиң бәри—уры, тонаўшы. Тергемей-ақ сотлай берсең болады, шетинен. Обалына қалмайсаң. Ал бизлер тек солардың урлағанларын ғана тонадық. Және урлығымыз (урлық деўге минәсип келсе) олардың қасында «қамыр ушынан пәтир» дей бир нәрсе. Сонда айыпкер ким? Олар ма, я бизлер ме?». «Айран ишкен қутылып, шелек жалаған тутыла бере ме?» Соның ушын да, сен егер өзиңди әдил деп есапласаң, дәслеп соларды әкелип қама, терге! Болмаса қой!

Аяп Турдиевке, шамасы, «жынаятшы» ның сөзлери қатты тәсир етсе керек, мәңгүрдей отырыпты. Әлленемирде:

—Ҳә-ә! —деди уйқыдан жаңа оянғандай. Бирер минуттан соң өзине келди. —Қалай қамайсаң? Бизге дәлил керек, урлағанын тастыйықлайтуғын гүўа зәрүр. Болмаса қамай алмаймыз. Нызамда жоқ. Ҳәтте, оларды «уры» дегениң ушын қайта сениң қылмысың аўырласа береди.

—Билемен, сизлер тек мәмлекетлик нызамға сүйенесиз. Ал, адамгершилик нызамы менен есапласпай үйренгенсиз.

—Азамат Досмуратов, Советлер Союзының мәмлекетлик нызамының өзи адамгершилик нызамына тийкарланғанын естен шығарман!

—Дурыс айтасыз, тек тийкарланған, ал көширмеси —дәл өзи емес. Қаламасын сизлер бузасыз: илажы болғанынша өзлериңиздиң пайдаңызға бурмалаўға урынасыз. Соның менен нызамымыз адамгершиликтен бираз қашықлап кетти. Оны мына мениң мысалымнан-ақ көриўге болады: судлайжақсыз.Бул мәмлекетлик нызам статьяларына сәйкес те келеди. Ал, егер адамгершилик нызамының статьясына салғанда босатып жибериўге болар еди. Мине көрдиңиз бе, мәмлекетлик нызамды адамгершилик нызамынан сендейлердиң қанша алыслатқанын?!... Я меники қәте ме? ... —Тергеўшиде үн жоқ. Ләм-мим, аўзын ашпады.

—«Үндемегени—келискени» деген гәп бар. Онда бизики дурыс, солай ма?

—Ғәлети жоқ, Қайып иним. Айтқанларыңның бәри туўры!...Сонда да мен сизлерди ақлап, босатып жибере алмайман. Себеби Сәрсен Базарбаевич деген жаман адам. Ашыў менен министрди байлап тасласа, тамам. Оңсын маған да жақсылық болмайды... Кешеги шеригиңиздиң өзин зорға босатып жибердик,—деди, ақырысында ҳағынан жарылып, мүлайым ғана. —Сәрсен

Базарбаевич өзиниң айыбын билсе де «жабыўлы қазан жабыўлы ҳалында қалсын» деп қоя қоймайды. Билемен, ол барып турған пәс, исти жапқаным менен қайта көтеретуғыны тақыйық, турған гәп, Қайып иним. Лекин қолымнан келгенинше жәрдемимди аямайман... Ямаса өзлериңиз келисесиз бе, оның менен?...

—Рахмет, Аяп аға! Усы сөзлериңиз ушын-ақ кеўлим толып қалды. Сизди бурын сыртыңыздан биротала адамшылық қәсийеттен маҳрум болған киси деп ойлайтуғын едим. Адамды жақсы түсиниспей сырттан баҳалаўға болмайды екен. —Қайып оның кеўлин алыўға умтылды. —Мениң күни менеңги айтқан аўыр гәплеримди хеш кеўлиңизге алмаң, аға. Ҳүждансыз, доңызлар менен қаттыға барып, турпайы —жулынына пышақ тақап сөйлесетуғын әдетим бар еди. Сизди де дәслеп солардың тайпасынан деп ойлап қалып... —Ол шынында қысынып, өзин қолайсыз сезбекте.

—Қайып иним, меннен кеширим сорама. Өйткени мен де ол ийтлердиң биримен: нәпси ушын талайлардың көз жасына қалғанман. «Хожалық» деп, «өзимниң қулқыным» деп, қала берсе, заман да соны көтергеннен соң не бир ҳайўанға тән қылықларды, ис-ҳәрекетти иследик ғой. Ҳәтте, егер ақша берсе адам өлтирген жынаятшыны да ақлап жиберетуғын дәрежеге бардық... Сендей жас пайытымда мен де биреўдиң пышығына «пыш» демеймен, «қой аўзынан шөп алмайман» деген қыялда жүретуғын едим. Қайда ол: әсте-әсте етиң үйренеди екен. Ҳәзирлери ғой, өлимши болып таяқ жеп атырған адам: «Жәрдем бериң!» деп қышқырып атырса да қасынан көрмеген, еситпеген болып, денемиз шимиркенбей, арқайын өтип кете беремиз. Оның ушын ҳүжданымыз азап та көрип атпайды, —Тергеўши Турдиев ашылысып кетти. Көзине түскен селдир ақ шашын артқа қайырып қойып, соң былай деди: —Тек бир реҳимим оянып кетти. Болмаса (енди қыспалаўдың кереги жоқ. Туўрысынан келе берейин.) «қуры қасық аўыз жыртады» деп бир зат өнештен өтпей турып көмеклеспейтуғын едим.

Қайып: «Өмир деген-ә!—деп басын шайқап, суўық демин алды. —Өмир! Сен нағыз жин-жыпыр уясысаң... Жин-жыпыр уясы демей не дейин: ҳақыйқатлық, әдиллик туўын көтерип шыққан Сайымбет ағаны жинли етип жиберсең, мени болса—уры, ал мына Турдыевты нағыз жермен, парахор қылсаң. Басқа да нешше бир ҳақыйқый инсанлардың ҳақ қанына қалып, кимисин руўхый азап қурбаны етип қойғаныңды ким билсин?!»

— Қайып иним, ойланып қалдың ғой. Я биротала қутылғың келип тур ма? Егер ондай болса да қыпсаламай айта бер, тартынба. Саған бир ағалық жәрдемим болсын: Сәрсен Базарбаевичке өзим барып: «Қоя ғой, жора, енди. Урлатқан ақшаңды болса қайтарып алдың... Аўыллас инишеклер екен...» деп айтарман.

—Жо-о-жоқ! —Қайып бирден жаны алқымына тақалған адамдай шалт сөйледи. Тап тергеўши түргелип ҳәзир Сәрсен Базарбаевичке жуўырып кетип қалатуғындай шоршыды. Қолын силтеди.

—Ҳе?-Оның ҳәрекетлерине ҳәз етип күлип алды. —Аманшылық па? Көз басылғандай ушып турдың ғой.



—Айтыўдың кереги жоқ. Қутылғым келгенде қашшан-ақ қутылып кеткен болар едим, Аяп аға,—деп бираз төмен қарап отырды. —Егер маған жәрдем еткиң келсе, қайта жыл кесиўди тезлестир.

«Мынаў жас басынан алжыған ба-әй?!» дегенди қыялынан өткерген тергеўши сын көз бенен бақлай баслады.

—Бир зат ҳәрекетлеп кеткен жоқ па, сени? Күни менеңги ғой, гәплериң тәўир еди...

—Жин-жыпырдың арасында жүргеннен кейин ҳәрекетлеген шығар. —Күлди. Бул сөзинен ҳәм ыржыйыўынан соң оны анық есаўанға шығарған Аяп Турдиев «саўал алмай-ақ қояйын» деген нийет пенен қағазларын жыйнастырып атырғанда Қайып сөйледи: —Аяп аға, бул сөзим, шамасы саған ерси туйылды ғой я? ... Дурыс, ерси туйылыўы тәбийий да. Лекин жәмийетимизге тереңирек үңилип қарасаң, оның хеш ерсилиги жоқ екенлигине исеним ҳасыл қыласаң. Мени «социализмниң» бундай «азатлығы», «тең ҳуқықлығы» жалықтырып жиберди, әбден тойдырды. Буннан түрме жақсы, қамаңыз тезирек...

Усыларды ой елегинен өткерип жатқан ол орнынан ушып турды да балаларына, Қаншайымға деген жүрек төриндеги сағынышларын ақ қағаз бетине түсире баслады.

## XXIV

Сайымбетти көргенде Қошмурат ғарры менен кемпири түринен қорқып кетти. Өйткени 1941-45-жылғы әскердей маңлайы, бетлерине атанақ формасында лейкопластерь жабыстырылған, қоллары таңыўлы еди.

—Қурып қалған маңлайым-аў! Не болып қалды, Сайымбетжан? —Апалақлап дайысы шыр-пыры шығып, сүйеп ишкериге киргизди. Ол үндемеди.

—Не болған, айтөс, қарағым Қаншайым? —Кемпир ертип әкелген қоңсысы —медсестра келиншекке қарады.

—Ийт талаған қусайды. Қайда талап жүргени белгисизлеў, Улмекен апа.

—Көше-пөшеде қаңғыған-саңғыған ийтке таландыма, әлле. —Улмекен кемпир өзинше гүбирленди.

—Әлимбай бөлем деген «хот» болып кеткен. Немец авчаркасы бар екен. Соның менен төбелестим. «Ийт мени бир жықты, ийтти мен еки жықтым. Етин етшиге, майын майшыға бердим...» деп сөйленди, сорағанымызда. Соған қарағанда Әлимбайдың үй бетинде болса керек. —Қаншайым сөйтти де шығып кетти. —Ал, мен кеттим жумысқа.

—Яқшы, берекет тап қызым, —деп ғарры пәтиясын берди.

—Қоя ғой Әлимбайды, онда. —Кемпирдиң сөзи.

—Ҳәй несин айтасаң, кемпир! Ол атаңа нәлеттиң баласының көзине ет өсип, май питкени қашшан. Сол жақта таланғаны дурыс шығар. Оның қолынан бундай жарамас ис келеди. Сайымбеттиң пайдасы тиймейтуғын

болғанлықтан қылғаны ғой, бул. Ўақтында: «Сайымбет-ә, Сайымбет! Бөле-хә, бөле!» деп ишпеге-жемеге жанын қоймайтуғын еди. Қаладан аўылға—оның үйине хәр қыдырып келгенинде атыздан өнген гешир бар ма, картошка бар ма, жүўери бола ма, тары, кендир бар ма, хәтте, таўыққа, бурышқа дейин алып кететуғын еди. Енди ол жоқ. Сонлықтан Сайымбеттиң не кереги бар оған. —Қошмурат ғарры кемпирине күйингенликтен сырнығып атыр.

—Әлимбай үлкен баласына қыз алып той бергенде ала қашарды апарып, басынан-аяғына шекем хызмет ислеп, кемис-қутық затларын жеткерип—ақ көкирегин ашып: «туўған бөлем» деп хадал хызмет ислеп еди-аў! Ақжигиттиң сол хақ нийети урар, қай ўақ бир ўақ! —Улмекен кемпир оны ғарғап-силеп, жерден алып, отқа салды.

—Хызметлери де хеш гәп, кемпир. Бәринен де кеште қосық айтып, мерекени қыздырғанын айтпайсаң ба, мәс болса да?! Аламойнақ дуўтарды қолға алып, хә даўысты Даўытбайдың ырғағына салып, Әжинияздың қосықларын айтқанда ғой, хәмме силтидей тынып, уйып тыңлағанын айт, сен , бәринен де?!

—Даўытбайың ким-о? —Ғаррысына сораўлы пишинде қарады. Соң кемпир төсек салып Сайымбетти жатқара баслады.

—Сазға онша ықласың болмағаннан кейин артистлерди танымайсаң-дә, сен. Буннан он бес жылдай илгери қызғаншақ, атаққумар биреўлер тәрепинен атылған артис не?

—Қудай-әй, кимди айтып отыр екен десем, қәдимги өзимиздиң хош хаўаз Даўытбай десеш... Артистлерди танымайсаң деп мени биротала сағалаяққа шығарғаның не, ғарры? —Ол хазарсыз тоңқылдыға басты. —Даўытбайды танымай мен бир Әмрикадан я Уйиталиядан келген жоқпан... Расында да бизиң Ақжигит сазенделигин сол күни көрсетти ғой я, ғарры? —Енди Улмекен кемпир аўқат таярлаў ушын гүйбеңлеп жүрипти. Бул гезде Сайымбет жинли болса дайы жеңгесиниң жатқарған орнынан турып, көпшигин жамбаслап, төмен қарап шай ишиўге кирискен еди.

Сол күни Әлимбайдың тойында хәммени аўзына қаратқан, пәр көпшикти жумбаршақлап жатырған, қоллары сәл қалтырайтуғын, басы қалтаңлап отырған, бетлерин әжим қаплаған, қоллары қырық жарық, үстинде гөнетоз жағасы кир костюм, шәтлеңки көйлек кийген усы киси дегенге, басқа түўе, Қошмурат пенен Улмекен кемпирдиң өзлери де исенгиси келмей, жаңа көрип атырғандай тигилип қарады.

Усы отырған менен сол тойда қосық атқарған Сайымбет бир адам болғаны менен арасында адам инанғысыз парық бары рас. Той күни ол бүгингидей гөнетоз, жағасы кир костюм емес, таза костюм-шалбар кийип, галстук таққан. Ол ўақытта жүзинде әжими де жоқ: айнадай тегис, көрген қыз-жаўан «күйеўим болса екен» дегендей жигит ағасы еди.

Тойға бир күн алдын ала қашарды машинаға тийеп жетип келди. Өзиниң баласы үйленгендей қуўанышлы ол бөлесин шын жүрегинен қутлықлап қойды.

—Рахмет, бөле! Қудай сени де жеткерсин! —деп сонда Әлимбай бир бөлмеге баслап кирди. Соң сол жерде отырып аннан-мыннан гәп таўып сырласты.



—Баяғы сен айтқандай муғаллим болып жүре бергенде мынадай гүмбирлеген сарай жоқ екен,—деп бөлмениң төбесине, дийўалға шолыў жасап, кеңк-кеңк күлди. Сайымбет усыннан кейин ғана бөлме ишине көз жуўыртып, «кирсе-шыққысыз» деген усындай-ақ болатуғын шығар» дегенди қыялынан өткерди, жоқарыдағы үлкен шийшелери хәр муқамға дөнип турған люстраны, еки капталдағы гүллери жалындай лаплап турған гилемлерди, гарнитураны... көргеннен соң. —Шынында да тутыныўшылар жәмийети дегениң майлы қуйрық екен. Оттай қараўылман. Биреўлер «Қай жерде ислеп атырсаң?» деп сорайды. «РайПОдаман» деймен. «Ой, молодец, яша!» дейди. «Айтпақшы, ол жерде не болып ислеп атырсаң?» «Қараўылман». Ол енди мурнын жыйырады. Соң үстиме, аяғыма, басыма көзи түсип кетеди де бурын муғаллимшилик ўақтымда көрмеген норки малақайымды, «саламандра» етигимди, импорт костюм, пальтомды ушлап көрип мурнын гиржийткенди қояды. Хамелеондай енди бизге қыйпанлаўға өтеди. «Әлеке, етикти қайдан алдың?». «Складтан». «Онда маған да биреўин түсирип берсе, жора» ямаса, «аға» деп жалынып, қолымнан услап жибермейди. Биз складшыдан етикти жетпис сомға алатуғын болсақ: «Яқшы сениң ушын арағa түсейин. Бирақ сәл қымбатырақ—тоқсан сом» деп жумыс орнымды айтқан ўақытта мурнын жыйырған, айлық пенен күн көретуғын ләмсерлерден демде жигирма манат қағып алып қаламыз... Улыўма жумысларымыз усындай, бөле.

Жайды он бөлме, еки қабатлы етип қатырып салып алдық. Былтыр «Волга» алғанымнан өзиңнин де хабарың бар шығар. Енди мине үлкен баланы да үйлендирип атырмыз. Бәри—бир қараўыллықтың арқасы, бөле. —Әлимбай бөсип сөйлеп атыр. Сайымбет оның бундай сөзлеринен тойып кетсе де, илаж қанша, немқурайдылық пенен тыңлап, шай ишип отырыпты.

—Келин қай жердиң қызы?

—Айтпақшы, саған соны айтыўды умытып кетиппен-аў. —Жатырған орнынан бир көтерилип басылды. —Анасы екеўимиз баланың мийине күнде: «Ат-тегине қарап қыз ал. Егер рабочий-прабочийдың қызын әкелсең, өкпелеме, тойыңды да бермей, екеўиңизди қосып қолларыңызға шемодан, көрпе-төсеклериңизди берип, үйден шығарып жиберемен» деп қуя берген-нен соң қорықты ма, я сыйлады ма, әйтеўир тресттиң баслығы менен қуда-қудағай етти, Ержанжаным.

Сайымбет бундай пәс, дүньяқоңыз адам менен дәстурханлас болып отырғанынын өзине мың-мың пушайманлар жеди.

«Сен не әпиўайы рабочийды, дийханды адам есабына санамайсаң ба?» хәм қосымша: «Билесең бе, сендей абырай-намысын байлыққа алмастырған кимседен олардың өлимтиги артық... Үйиңнен тамақ жеўдиң өзи гүллигуна...» деп те бақырмақшы болып окталды да лекин тойды бузбайын, кейинлери-ақ айтарман, деп өзине хәй берди. Және ондай деўге: «Сен мениң өскенимди, байығанымды көргиң келмейди. Қызғанасаң»,—деп хақтан күйдирип, асыла кетер. Жала жабыў да бундай ипласлардан шығатуғынын ойлап қорықты да. Қысқасы, өзин зорға-зорға услап отыр. Усы гезде сырттан:

—Әлеке, хә Әлеке! Қайжақтасаң? Той берген адам деген қапының аўзында «ким келер екен?» деп турар болар еди, —деген даўыс шықты да, сөйлесик бел үзди болып қалды. Буны еситиўден Әлимбай оған жуўап та бермей орнынан ушып турыў менен болды:

—Ўай-боў-ў! —Ернин тислеп, жамбасын бураўы менен сыртқа жуўырып кетти. —Бизиң яшыүлкен ғой. Сегизлерде барарман деп еди. Тарса ядымнан шығып кеткенин қарашы! —Жол бойынша сөйленип баратыр. —Сәрсен Базарбаевич! Кириң, мәрхамат! Тойымыздың есиги сиздей уллы, ҳәммеге қәдирли адам ушын бәрҳә ашық. Төримиз сизики. Күтип ала алмағанымыз ушын мың-мың үзир сорайман,—деген, оның өлпең, жалынышлы ҳәм жағымпазланған сести еситилип атыр.

«Әстапыралла! —деп Сайымбет көкирек тусын ашып түпиринди, —Адамлар өзи не болып кеткен?!... Артист, артист! Оннан да өткереди». Ол өзи менен сөйлескендеги бөлесиниң ҳөктем, көтериңки даўысын ҳәзирги мияўлаған дыбысына салыстырып отырды.

—Өзим шешемен ғой. Бизиң үйге келгеннен соң барлық хызмет бизден болады, яшыүлкен. —Қаңсылағаны да еситилип атыр. —Мына ишке кириңиз. Сизге отдельны дәстурхан жасап қойыппыз... Шопыр бала, сен мына бөлмеге барып отыра бер.

Сайымбеттиң үстине жаслаў жигит кирип келди. «Шопыр бала» сы болса керек. Әлимбайдың даўысы енди Сайымбетке еситилмей қалды.

Қуры отырғанды қолайсыз көрип, екеўи аннан-мыннан гәп таўып отырған болды.

—Сәрсен Базарбаевичтиң бир өзи ме келген?

—Аўа.

—Атың ким?

—Сапар.

Шофер жигит те сөйлеўге шорқақ екен ямаса сыр алдырып қоймаслығы ушын «үйретилген бе?», әйтеўир гәп алысып кете бермеди. Сонлықтан текшеден китап алып оқыўға киристи.

Әлимбай сол кетиўден қайтып көринбеди. Аўқат та әкелинди. Онда да кирип хабар алмады. Ашыўланған ол мейилсиз, тек аўқаттың ҳүрмети ушын бир-еки асаған болды.

## XXV

Қайып бес жылын өтеп, бир жылы қалғанда ҳүкиметтиң амнистия туўралы пәрманы шығып, соған ол да илинди.

—Қутлықлайман, Қайып! Үйиңе қайтатуғын болыпсаң ғой? —Оның қуўанбағанын көргеннен соң:—Әттең мен сениң орнында болғанымда ма, малақайымды (малақай дегеннин не екенин Қайыптан билип алған еди) аспанға ылақтырар едим! —деди Мелиқул өкинишли түрде.



—Несине малақайымды аспанға атаман? Дозақты Бейишке айналып кетти деп ойлаппа един? Тек илажсыздан: балаларымды, Қаншайымды, Тилеп, Сейдуллаларды сағынғанлықтан қайтажақпан. Болмаса ҳәзирги ўақытта усы жерден жақсы жер жоқ.

Мелиқул түсинбей ийнин қысты да өз жөнине кетти.

* * *

Тюрьмадан келгеннен соң машина айдап билетуғын болғанлықтан алты ай оқып жүриўди керексиз деп таўып, гүўалық сатып алды да, таксопаркке шофер болып орналасты.

Бир күни түнде көшеде жүргенде оған семиз, ири киси қол көтерди. Қайып машинасын тоқтатты. Минейин деп атырған жолаўшының үстинен арақтың ийиси мүңкийди. Таксидиң қапысын жаба алмай атырған оған көмеклесиў ушын артына бурылғанда Қайыптың көзи оның жүзине түсти: биреўге шырамытты. «Ким болды екен-әй?!. Ким болса да, әйтеўир таныс». Машинаны жүргизип баратырып ишки светти жақты да, айнадан жолаўшыға урлана тигилди. Минекей екеўи де айна арқалы бириниң бетине бири қарады да, жазбай таныды.

—Қайып, келдиң бе?... —Ол жуўап бермеди. —Ҳе, неге қайттың? Ол жақ жаман ба екен?—Шукластырып атырған Мырзамурат хә демей ешек ҳәрредей шағып сөйлемекте. Мәсликтики болса керек, шамалы тутлығады. «Мениң өз ерким менен кеткенимди еситкен ғой».

—Яқ, жақсы. «Отпускаға» келдим. —Қайып та қырсығып жуўап берди. «Отпуска» деген сөзди көтериңки және нық айтып. —Және сениң бармағыңа гүләңгир қоразды «арқанлап» болып қайтажақпан. —Сол ўақыя есине түсип кетип күлип жиберди. Мырзамурат болса бул бағдардағы әңгимеде тили қысқалық ететуғын болғанлықтан кейинги гәпти еситпеген адам қусап сөздиң аңғарын басқа жаққа бурды.

—Баяғы мениң өтинишимди сен орынламаған менен басқа биреў бежерди.

—А-а!... Бежерди!... Ақыры биреўдиң ҳақ қанын шашып тынған екенсең-дә, иплас қанишер!—Бирден көтерилген ол машинаны табаннан жолдың шетине бурып, «шуй-й-к» еткизип тоқтатты да, Мырзамуратқа қарай арысландай атлықты.—Баяғы тепкилер аз болған екен-дә! —Еки пәнжени кегирдекке салып мыжғылап, қылғындырып атыр.

Буннан бурын таяқ жеген еди. Қайыптың айтып отырғаны сол. Бул ҳәдийсе ертеректе—оның қамалмасынан бурын жүз берген еди...

Бир күни қаланың дәл ортасынан сатып алған Қайыптың еки қабат сарайына ойда-жоқта түнлетип Мырзамурат Фазылов келе қалды. «Мийман—атаннан уллы». Оны қанша жек көрсе де жыллы күтип алды. Аманлық-есенликтен соң екеўи жайпарахат ананы-мынаны сөйлескен болды. Кейин Мырзамурат оны өзине тартып сөйлеп, келгендеги мақсетине көшти:

—Қайып иним, өзиң оқыған мектепке директор етип қойған яшы-

үлкенимизге: «Жейтуғын нәрсе таўсылды. Жылыстырып арқанла» дегеннен соң бирден районнан әкелип, ҳәзирги жумысымның—қалалық атқарыў комитети баслығының гүрсисине отырғызғанына да, өзиң билесең, бираз жылдың майданы болды. Өкинишлиси, енди сол жумсақ гүрси маған буйырмайжақ түри бар. Соның ушын сениң азғана жәрдемиң керек болып тур... —Ол гәпти узақтан айналдырды. Қайып түк түсинбеди.

—Мырзамурат Фазылович, түсинсем, буйырмасын. Сен туғырыңды сақлап қалыўың ушын мендей бир әпиўайы қурылысшының (жумысқа бармаса да мийнет стажының жүрип турыўы ушын қаладағы бир ПМК ның есабында бар еди) қолынан қандай жәрдем келиўи мүмкин? —Ийнин қысты.

—Қайып иним, қолыңнан келетуғын болғанлықтан да түн жамылып келип турман. Келеди,—деди сонда өтирикке ыржыйып, арқасынан марапатлап қағып. —Меннен хызмет ҳақыңа бес мыңды алда, орынлап бер. Бола ма? ... —Дәслеп ақшасын айтпасам орынламай қалар деп гүманланған болса итимал. —Гәп мынандай: мениң орныма бизиң яшыүлкеннен де жоқары жақтың қоллаўы менен ҳәзирги нанбайхананың баслығы Шәлеке Исмамутов таярланып атырған қусайды...—Шамалы иркилип турды. —Сен адамлардың үйлерин тонап, урып жүрсең ғой. Бизге соны өлтирип бер, қосшым, илтимас, —деди сонда қалтасынан бир буўат пулды шығарып тап таўық сойып бер деп атырғандай арқайын ғана.

—Жоқ бол-л! Көзиме көринбе, жексурын, ҳайўан! —Қайыптың қоңшығы тутқандай дирилдеп, қалтырап кетти. Өзин услай алмай сол күни Мырзамурат Фазыловқа тәп берип қылғындырды. —Болмаса өзиңди өлтирип қояман! —Расында да өлтирип қоя жазлады. Қаншайым арашалады, қайта. Сонда да сыртқы дәрўазадан шыққанша тепкилеп, урып барды...

—Баяғы муш, тепки жегенде: «Яқшы, өлтиргизбеймен» деп ант-суў ишкениң қайда? Умытып кеткен екенсең-дә, ийт?! Мениң жоқлығымнан пайдаланыпсаң-дә?!

—Қайып-п! —Мырзамураттың аўзы барынша ашылып, көзлери аларып кеткен. Зорға қырылдап сөйледи. Қараңғы түн. Және екеўинен басқа жан болмағанлықтан өлтирип те қойыўы мүмкин екенин билип, кейпи қашшан ушып кеткен ол жалына баслады. —Қайып иним, жибер! Босат! Бар дүньямүлкимди берейин: бир ярым миллион сомымды ал. Ақлық-шаўлығыңа да жетеди. Қәлесең сарайымды да...

—Сениң бир ярым миллион сомың, сарайың Сайымбет ҳәм басқалардың көрген жәбирлери, азаплары алдында бир тийинға да турмайды. Билип қой, ақша менен өлшенбейтуғын нәрселер де болады. Мине ҳәзир сен өлесең. Сонша адамларды қан жылатып, ҳадал мийнетин жеп жыйнаған бир ярым миллион манатыңның жаныңды арашалаўда қара бақыр шелли пайдасы тиймейди. —Мийнет ислеп шыныққан күшли ҳәм күсли қоллар душпанының көкирегин езгилей берди, езгилей берди...

Мырзамураттың сөйлеўге де шамасы келмей қырылдамақта. Қайып болса еле буўындырып, езгилеп атыр. Душпанының кегирдегинен услап қылғын-





дырып атырған жабадай бармакларының, билеклериниң, улыўма пүткил денесиниң курысы жаздырылғандай ҳәз етип атырғанын сезинди. Бундай рәхәтке өмири туўып биринши мәртебе бөленип, жаны жай таўып, мәлҳәм болған Қайып әлленемирде колларын жаздырғаны да сол, оның жансыз денеси бир жакка аўып кетти.

Буннан кейин ғана өзиниң ислеген исинен шоршынып кетип, жалмажан рульге асылды...

Машинаны ысқыртып айдап, Қызкеткенниң көпириниң үстинде токтатты.

Жакын жерде адам яки машина көзге түспеди. Сонлыктан ол Мырзамураттың аўыр өли денесин зорға көтерип шығарды да, суўға атып жиберди.

## XXVI

Ертенине азаннан баслап той думаны басланды. Сайымбет те бөлесинен түндеги кеўлиниң қалғанын өзин мәжбүрлеп умытып, жуўырып-жортып хызмет ислеп жүр.

Тойханаға таң азаннан баслап белгили артистлер әкелинип, айттырылып койылды (Артистлер қосық айтты емес, айттырылып қойылды, магнитофон кассетасы сыяклы).

Жән-жактан машиналар да, еңсеси гүжирейген палўанлар да изли -изинен ағыла баслады. Ишинде ала шапан, мәлле шапан, дегелей, тақыя кийгенлери де бар. Соған қарағанда, шамасы, қоңсылас Ташаўыз, Хорезмлерден келген өзбек, түркмен ағайинлер болса керек.

Бул жерде куйрыклары бир буўылып, суўлыкка таслап турған ат мингенлер де пайда болды.

Барлық зийнет, дәбдебелерди көрип турған Сайымбет үш-төрт күнликтеги республикалық газетадағы: **«197...-жылы 18-августта «Аққум» поселкасында турыўшы Шарапатдинов Әлимбайдың келин түсирген тойында ат жарысы, ылақ ойын, палўанлар беллесиўи, қошқар дүгистириў, қораз урыстырыўлар болады. Байраққа түркмени гилемлер, реңли телевизорлар, магнитофон тағы басқа баҳалы затлар тигиледи. Қәлеўши-қызығыўшылардың келиўин сoранамыз»,** деген хабарландырыўды оқығанын ядына түсирди.

«Шынында да Әлимбай муғаллим болып, «таяғын ийт ғайзап» жүре бергенде усындай даңғаралы той бере аларма еди?! Бундай той бериў ушын адамда, қапылғанда елиў-алпыс мың сом ақша болыўы керек шығар. Жетсе, ол да,» —деп ойланды, еки күннен бери жатып палаў асып атырған хорезмли палаўкешлердиң салып берген сап-сары, жегенде тилинди үйирип, өзи ерип кете беретуғын асынан дәм татып атырып.

Шетиректе кабапшылар да ғаз қатара турып, түтинди пысқытып атыр.

—«Чайка» келди. Келиншек пенен Ержанды алып шығың, —деген даўыслар да еситиледи.



«Қараўылынын тойы усындай болса кешеги келген баслығы—иркилдек семиз Сәрсен Базарбаевичтики қандай болады екен?! Досмурат ағаның тойы ғой, бунын жанында кишигирим отырыспадай. Қәрежет болмағаннан соң бул жердеги ойын-заўықтың оннан бири де өткерилмеди: ат жарыс, қошқар дүгис, көкпар... шөлкемлестирилмеди: палаўшылар да хорезмши емес, аўылындағы Узақберген деген киси еди. Оның асқан палаўы да булардикинен жаман болмады. Сонда да «Хорезмнен палаўшы әкелип астырыпты» деген адамлардын сөзине не жетсин?!»

«Келемиз» деген «Чайка» сы да келмей қалды. Кейин анықласа, бир бас врач та баласын үйлендирип, тап сол күни той берип соған кетип қалыпты.

«Сонда қандай қапаланды, арланды,—деп есине түсирди Сайымбет Досмуратты,—үш жүз-төрт жүз сомым болғанда ғой, ҳәзир барып бас врачтың минип отырған баласын түсирип, «Чайка» ны алып келер едим. Әттең... Қолдын жукалығы-дә, Сайымбет иним! Не қыласаң енди?! Көне бересең» —деген еди күйинишли түрде.

Таң азаннан баслап тойды бастан аяқ түсирип жүрген мына телевидение, кинонын адамларын Әлимбай қанша пул менен сатып алды екен-әй?!

«Бизиң мерекелеримиз усындай болып өтеди. Басқа миллетлер сыяқлы аз санлы қарақалпақ халқы да советлик дәўирде гүлленип, қурғынласып кетти. «Жесир ҳаял мың қой айдаған заман—бул» деп жәрия салады олар, Ташкенттен Москваға шекем. Буйтип халықты теспей сорып атырғанлардың дәбдебели тойларын түсирип мақтағанша, кешегидеги Досмураттың садақадай болып өткен «той»ын да түсирип, жоқарыға көрсеткенде халқымыздың гүллениp-абаданласыўы, турмысының жақсыланыўы ушын қандай пайда келтирген болар еди, ақмақлар», деп сөгинди кабель, аппаратларын былайбылай қушақлап зыр жуўырысып жүрген телевидение хызметкерлериниң сыртынан. Усындай тойды көрген жоқарыдағылар: «Елимиздеги майда халықлардың өзи усындай дәрежедеги қурғынлыққа, мәдениятлыққа жетиссе, оннан артық не керек?! Коммунизмге бир қәдем-ақ қалған екенбиз ғой?»—деп кеўиллерин жәмлеп жүре береди-дә. Оның орнына, ақмақ болмасаң, тойды усындай етип берип атырғанлар кимлер екенин тексерип, қанша пул менен айланатуғынын, сол қурлым қәрежетти олардың қайдан алғанын есаплап көр! Сонда билесең, қарақалпақ халқының аш я тоқ екенин.

—Бир өзиң бир шетте палаўды соқтырып отырсаң ғой. Ишкерилесең-о, —Әлимбайдын иниси Өтенияз оның қыялларын бөлип жиберди. Бул жигитти Сайымбет жақсы көретуғын еди. Әжағасындай адамның иши-баўырына кирип сөйлемесе де адамгершилиги, адамлар менен қатнасындағы әлпайымлығы, кисинин бет-жүзине қарамай туўры сөйлеўи оған қатты унап қалған.

—Не қыламыз?... —Ол «хеш ким мирәт етпесе» деген гәпиниң соңын жутып жиберди. Той үстинде өкпесин айтыўды нақолай көрди де, иркилип барып,—Ишкерилеймиз бе? ... Болады. Бирақ иште «нәҳән» лер бар шығар... —Сайымбет өкпели екенлигиниң ушлығын киши бөлесине сездирмекши болып еди, лекин Өтенияз астарлы сөзге онша мән бермей, абайламады.

—Сеннен, меннен нәҳән бар ма, бул тойда? Жүр ишке, ишемиз. —Арақ пенен Сайымбеттиң онша сазы болмаса да усы рет «яқ» демеди. «Ашыўым тарқар» деп өзиниң де жүдә ишкиси келип турмеди, әйтеўир қулағы шалыўдан изине емпеңлеп ериў менен болды.

Екеўи бөлмелердиң ҳәр қайсысының есигин бир ашып көрип, «абырайлы» қонақлардан ҳеш қайсысы бос болмағанлықтан, ақырсында ваннаға кирип иштен илдирип алды. Өтенияз қойнынан бир шийше коньяк ҳәм қалтасынан еки кесе шығарып ағаш орынлықтың үстине қойды.

—Бул дүньяның тәшўиши таўсылмайды, бөле. Усындай ретинде кеўил көтермесең адамды мүнжип жеп қояды. Солай емес пе, Сайымбет аға?

—Дурыс айтасаң. —Басын ийзеп мақуллады.

—Кем-кемнен адамлардың пейли-ықпалы тарылып баратыр, —деп гәпин даўамлады, кесесин жерге қойып, темекисин үсти-үстине тартып Өтенияз.

—Тек ҳәр ким өзин ойлайтуғын заман болып кетти ғой...

**—Бул дүньяның көрки—адам баласы!**

**Адамның да көкке жетер наласы,** —Сайымбет көзин ашып-жумып отырып ыңылдаўға басты. —Әжинияз атамыздың бул қосығын ҳәзирги ўақытта да биймәлел айта бериўге болады.

—Аўа деймен, Сайымбет аға. —Үш кесадан соң Өтенияз да былдырлаўға қарады. Бөлесин жаңа көргендей мойнынан қушақлап сүйип атыр. —Нағыз бизиң заманымыздың гимнин таўып айттыңыз.

Олар теңселисип сыртқа шықты.

**—Ақ буўдайы турып, сулы сепкеннен,**
**Таза салы турып, шигин еккеннен,**
**Жөнсиз қырық күн қайғы-уўайым шеккеннен,**
**Ден саўлықта бир күн шадлық жақсырақ.**

Намаға салып Сайымбет қосықты жиберип киятыр.

—Бағана артистлер бар еди ғой. Қай жақта, олар?

—Ҳе, қосық айтасаң ба? Жүр.—деп алдынан қақ ете қалған Қошмурат дайысы оны сарайдың артистлер қосық айтып атырған көше бетки әйнегиниң алдына ертип әкелди. Жийениниң даўысы зор болғанлықтан онын қосықларын ҳәрдайым тыңлағысы келетуғын еди. Ал Сайымбет болса, жекке-сийрек болмаса «айт» деп жалынған менен де айта бермейди. Мине, енди қолайы келип турыпты. Мәс ўақтында айттырып, қулағының қурышын қандырмақшы болды.

—Айтамыз. Бөлемиздиң тойында айтпағанда енди қашан айтамыз. Дайы солай емес пе?

—Әлбетте, дурыс, жийеним.

—Қәне микрофонды бер. Сизлер шаршаған да шығарсыз. Дем ала турың.

Күни менен айта-айта тамақлары қарлыққан артистлер қуўаныса микрофонды услатты.



**—Зербарақ өрилген тилла шашбағы,**
**Ақыл-ҳуўышым алып кетти, бир пәрий...**

Сол күни Сайымбет Әжинияздың қосықларынан саз даўысқа салып айтқанда күни менен ешкидей маңырап, ешектей аңқырып турғанлардан жалыққан аламан силтидей тынып, уйып тыңлады.

—Әлҳәббиз!

—Көз тиймесин, екинши Даўытбайға!

—Халықта пәлектиң астында жатырған талантлар көп екен ғой, —деген сөзлер көбейип кетти.

Жайдың ишинде күни менен қамалып, өз алдына бәзим қурып отырған «нәҳән» лер де шығып, теңселисип, бир шетке келип шоғырласып турды. Сайымбет «Еллерим барды» қосығын атқарып атырғанда:

—Бул усындай таланты бола тура неге радио, телевидениеден шықпайды екен? —деген биреўдиң даўысын шала еситти.

**—... Ең ақырында, жазыўшы, художник, артисти де,**

**Ағайин, ҳәмелине қарап баҳалаған, қарақалпағым.** —Аз-маз шайыршылығы бар болса керек, топтың арасынан бир жаслаў жигит демде бир шуўмақ қосық та шығарып жиберди.

—Даўытбайды аямаған күншиллер буны аяр дейсең бе? Сонлықтан не қылсын шығып! —Басына ақ қалпақ кийген кисиниң сөзи.

—Нағыз талантты ол жердегилер, бизлердиң абырайымыз түсип қалады, деп тартпайды ғой. —Пәжмүрделеў ғарры да сөзге араласты.

—Соның менен айырайы көтерилип жүрген шығар солардың! —Жаңағы ақ қалпақлы қарсы дох урды. —Оннанша әзелден маңлайы қурыған халықпыз десе. Әйтеўир биреўдиң, ҳәтте, туўысқанымыздың да өскенин көргимиз келмейди. Күнлеймиз.

—Неге?... Абырайлары көтерилип атыр: сыйлық алып, лауреат атанып жүрген жоқ па? —Пәжмүрде ғаррының да оның сөзин өре бастырғысы келмейди. Ҳәр ким өзиниң ой-пикирин өткизгиси келеди.

—Рәсмий абырайды айтып отырған жоқпан, — деди ақ қалпақлы да өршеленип, қалмай. —Халық арасындағы даңқын айтаман. Сыйлық-пыйлық дегенди ала береди, адамлар, ақша менен. Бирақ халықтың бир аўыз «бәрекелла» сына ерисе алмаўы мүмкин...

**—Шад боларсаң, шадлы болса елатың...**

**Болсам да сорлы жолбарыс,**

**Арыслан екенимди ким билер...** —Сайымбет өзи унатып,ядлап алған халық шайырларының бул қосықларын да аяқлап қалған еди. Кейин Бердақ бабамыздын «Жақсырағы»нан:

**—Түргелип ертеден жумысқа шығып,**
**Қолыңды қабартып, белиңди бүгип,**
**Дизеңди сызлатып, мийнетин шегип,**
**Жеген бир зағараң палдан татлырақ.**

«Қашан рәхәтланадурсаң» қосығынан:

**—Дуўры тутсаң нийетиңди,**
**Халыққа бурсаң бетиңди,**
**Сыйласаң ғәрип-жетимди,**
**Шын азамат боладурсаң,**

—деген қатарларын кәмине келтирип айтқанда аламан силтидей тынып қалды. Ҳәр қашанда халық шайырларының қосықларын иши дәртке толғанда айтар еди. Ҳәзир де иштеги қатпар-қатпар дәрт, муң, өкиниш, қайғы шыққаннан соң басы бираз жеңилленип, кейипи тарқап, қол шаппатлап атырған халайыққа ийилип тәжим етип, миннетдаршылығын билдирди...

Сайымбет жинли еле пәр көпшикти жамбаслаўы менен сынын бузбай мүлгип отырыпты. Қошмурат ғарры болса оның етигиниң жыртылған сирисин тигиў менен машқул болмақта. Усы пайытта ишке Ерназар сүңгип кирип келди.

—Ҳаў, балам, түнлетип не қылып жүрсең? Аманшылық па? —Ғарры бийсәўбет келгенинен жаны бар қысым болып қорқып, орнынан ушып турды. Сөйтип албырап жүрип, тебенин бармағына тығып алып, бир секирип те алды.

—Аманшылық, аманшылық! —Ол ҳәмме менен сәлемлесип бола сала әкесин қушақлап, қуўанышлы түрде: —Аға, аға! Мырзамурат өлди.—деди.

—Мырзамурат па? Мен оны бүгин ушыратқаным жоқ. Кешеги де көрдим тек.

—«Көрдиң бе? деп атырған жоқпан. Қайтыс болған-н!

—Түнәў күни төмен қарап отырсам, алдымдағы шаршыма елиўлик ақша түсти.—Сайымбет жинли өзинше сөйлениўин даўам етти. —Басымды көтерсем бизиң қәдимги ийт екен. Ақшасын алып, көзинше жыртып ылақтырып жибердим. Самал менен гүбелектей ушып кетти. Көрип турдым. Кейин ҳасама асылдым. Ол болса қашып кетти. Соннан кейин дым көргеним жоқ. Рас, исенбейсең бе?...

Әкесиниң аўҳалын көрип, көзине жас айналған Ерназардан Қошмурат ғарры:

—Аўырып өлип пе, ол залым? —деп сорады. Өлген адамды ғарғаў-силеў қаракең ушын жат екенин билсе де, жийенин мынадай жағдайға түсиргени ушын ашыў менен усылай деди.

—Як, аўырмаған. Өлиги бағана Қызкеткеннен таўылған. Биреўлер бууындырып өлтирип, ылақтырып кеткен, дейди ғой, адамлар.

—Ийтке—ийт өлими! —Ғарры күйинип сөйледи.

—Ҳүкиметтен «нагырат» алғаны менен, ол ширкин, халықтан удайы ғарғыс алып келди ғой, балам... Әне,халықты мал шелли көрмей қыйнап-қыйнап ақыбетинде не болды өзи?! Жазықсыз жанға азар бергенниң соңы усындай буралқы ийт өлими менен питеди. Соның ушын да ата-бабаларымыз, «Ғарғыс алма, алғыс ал» деп айтқан. —Кемпир дастығына қыйсайды.



—Жатпа, тур, кемпир! Толыбай қассапты, Пирнияз палаўшыны шақырып кел. «Азанда бир қазан садақа бережақ едик, қойды сойып бер», де. Бундай инсапсыз, адамды ҳайўан шелли көрмейтуғын жексурын мақлуқтан қутылғанымыз ушын садақа бермесек гүлли гүнаға батамыз, кемпир. Солай емес пе?

—Дурыс, ғарры. —Улмекен кемпир геўишин асығыс аяғына илдирип сыртқа бетледи.

—Солай балам. Қудай алдында да, адам алдында да гүналы боламыз. —Ғарры гәпин даўам етти. —Бурынлары халықтың басына ҳәр қыйлы апатлар: суў тасқыны, өрт, жолбарыс топылыслары дөнген. Сол апатлардан қутылғаннан соң ҳәр қашан садақа берип отырған. Мырзамурат қусағанлар да сондай апатлардың бир түри...

## ЭПИЛОГ ОРНЫНА

*Булардың барлығын маған 5-6 жыл бурын емлеўханада жатқанымда Ерназар айтып берген еди. Жақында оны және ушыратып қалдым. Сөйтип жай-жағдайларын сорастырдым.*

*—Үйлендим,—деди ол. — Еки балалы болдық. Келиниңиз китапхана ашады. Өзим филиалда илимий хызметкермен.*

*—Сайымбет ағаның, Қошмурат ағаның, Улмекен апалардың денсаўлықлары қалай?*

*—Рахмет, жақсы-жақсы! Қошмурат атамлардың баласы болмағанлықтан қартайғанда жәрдемши болайын деп келиниңизди сол жерге апардым. Қатырып той-әм берип жиберди. Ҳәзир олар еле қуўнақ: ақлықларын бағып мәс болып отыр. Ағамның денсаўлығы еплеп жақсы. Қаратпаған врач-тәўибимиз қалмады. Солардың пайдасы тийди ме, ямаса кеш болсын, ҳақыйқатлықтың жүзеге шығып, жаўларының ныпқырт болғанлығы унамлы руўхый тәсир етти ме, яки қудайдың қарасқаны—шарапаты ма, бурынғысынан шамалы тәўирлеў: ақлықларын алданыш етип отырыпты: баяғы көп сөйлениўлерин, көшеге шығып кете беретуғынларын қойыңқырады. Бирақ гүзли-бәҳәрли «арқасы қозыңқырайды».Палсәнем қарындасымыз оқыўын тамамлап, Тахтакөпирге турмысқа шықты. Ал Айсәнем болса университеттиң 4-курсында оқып атыр...*

*Ол өзлериниң бүгинги күнги бахытлы турмыслары ҳаққында еле де толыптасып сөйлей бермекши еди. Лекин мениң Қайыптың тәғдирин билиўге деген қызығыўшылығым басым келип, сөзин бөлдим.*

*—Қайыптан не хабар бар?*

*—Қайыптан ба? Ол Мырзамурат Фазыловты ашыў менен өлтирип қойғаннан соң, орган хызметкерлери таба алмайтуғын болса да адам өлтирип, қашып, жасырынып жүриўди үлкен басына ар көрип (өзиңиз билесиз ғой, оның минез-қулқын, бурын талай айтқанман), «мен өлтирдим» деп ишки ислер бөлимине хабарлаған. Буннан соң оның иси баяғы Аяп Турдиев деген тергеўшиге түспеси бар ма?! Бүгинги күнниң талабы ма, ямаса инсапқа келген бе, қулласы Қайыптың исин әдил, адамгершилик нызамына сәйкес қараған. Өлген Мырзамурат Фазыловтың бизиң ағама, Қайыпқа ҳәм тағы басқаларға ислеген*

*ислери, көрсеткен, қорлық-азаплары есапқа алынған, және де нанбайхана баслығы Шәлеке Исмамутовтың да өлимине Мырзамураттың себепши болғанлығы—биреўлерге ақша берип өлтиртгенлиги анықланған. Нәтийжеде Қайыпқа 4 жыл ма, 5 жыл ма, берилген қусайды. Хәттеки, Аяп Турдиев пүткиллей айыпкер деп есапламай, Қайыпты босатып та жибермекши болған екен, бирақ ишки ислер бөлими баслықлары, суд араласып «қанша айтқан менен, жаман болсын, жақсы болсын адам өлген, адам өлтирген болғанлықтан жыл берилиўи керек» деп шешкен. Оның тәғдирин сорасаңыз сондай. Жақында Қаншайым жеңгейди көрип қалдым. «Изинен барып қайтайық, қасыма жолдас бол» деди. Олсызда кейининен баратуғын ретим бар, барарман деп жүр едим, жақсы болды. Қуда қәлесе, келеси хәптелери жолға шығатуғын шығарман.*

*—Барсаңыз жас жазыўшы бир инишегиңиз сәлем айтты дерсиз.*

*—Болады. Сол жазыўшыға сизиң, ағамның өмирбаянларын Қошмурат атамнан еситип, айтып бердим. Китап етип жазаман, әлбетте, деди деймен.*

*—Исендирип айта бериң, Ерназар. Мен қашшан жазып та болдым. Жақын арада басылып шығып қалады. Сол ўақытта бир данасын почта арқалы өзим жиберермен... Айтпақшы, Ереке, баяғыда «ағамның илимий жумысын алдым, базарда биреўге берип жибермекши болып атырғанда» дегендей болып едиңиз. Ол не болды?*

*—Өзиңиздиң де хабарыңыз бар, бүгинги күни жәмийетимиз жаңарып атыр. Миллий мәдениятымызды, әдебиятымызды раўажландырыўға мүмкиншилик алып атырмыз. Халқымыз тарийхының бурын айтыўға мүмкин болмаған тәреплерин ашық-айдын айтыўға жағдай жасалынды. Қуда қәлесе, енди редакторлап, ағамның тирисинде мийнетин баспадан шығараман деген ойдаман.*

*Мен оннан анасы Ақсүңгилдиң тәғдирин сорамақшы болып оқталдым да және питкен жараның орнын қыршымаўды мақул таптым. Және де ондай хожалығынан, бала-шағасынан безген жеңилтек хаяллар турмысының кейиншелик жақсы болмайтуғынлығы, оның үстине напақа таўып берип отырған Мырзамурат Фазыловы өлгеннен соң әбден күнкөриси төменлейтуғынлығы, нәтийжеде, маңлайына урып, ислеген қылықларынан пушайман жейтуғынлығы маған аттан анық еди.*

*—Кешегиде Ақсүңгил келди,—деди Ерназар тап мениң ойымды оқып турғандай,—Азып-тозып кеткен. Мырзамураттың алып берген жайын да бурынғы хаялынан қалған балалары алып қойған. Хәзир кирей жайда жалғыз өзи туратуғын қусайды... «Мен алжасыппан. Кешириңлер!» деп бизлердиң, ағамның аяғына жығылып жылады. Аясақта «Балалар үйи» не апарып таслағаны, ағама ислеген ислери ядымызға түскенде жүрегимиз бершимек муз болып қатып, ғәзепленип қуўып жибердик... Бирақ... бирақ қанша айтқан менен анамыз ғой, күнкөрисине жәрдем бермесек болмайтуғын шығар... —Ол кетиўге ыңғайласты. —Мен жүрежақпан. Базардан анаў-мынаў алып оны көрип қайтажақпан.*

*—Болады, яқшы онда, саў бол! Үйлерге барып тур.*

1989-жыл, март—1990-жыл, февраль
Тахта—Нөкис



ББК 2
Gə-14

АЛЛАНАЗАР ӘБДИЕВ



# ЖИН-ЖЫПЫРЛАР УЯСЫ

*роман*

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
2004

АЛЛАНАЗАР ӘБДИЕВ **«ЖИН-ЖЫПЫРЛАР УЯСЫ»** *(роман)* Нөкис, «Қарақалпақстан» 2004. 88 бет.

Белгили жазыўшы, филология илимлериниң кандидаты **Алланазар Әбдиев**тиң сүйекли дөретпелериниң бири болған бул романында заман ҳақыйқатлығы, турмыс гүрес-гүйзелислери, инсап, әдиллик, жақсылық пенен наинсап, жала-дөҳмет, жаманлықтың арпалыслары, инсанның басындағы айрықша есте қаларлық мәўритлери жазыўшының өзине тән шеберлиги менен жүдә қызығарлы, көркем сәўлеленген.

***Пикир билдириўшилер:***

**Ә. Пахратдинов** — филология илимлериниң докторы, профессор, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери.

**А. Султанов** — жазыўшы.

**П. Нуржанов** — филология илимлериниң кандидаты, сыншы.

KİTAPXANASI
235554

**Ә $\frac{4700000000}{\text{М—357(04)—2004}}$ Б—2004**

**İSBN 5—8272—0287—8**

**© «Қарақалпақстан» баспасы—2004**

АЛЛАНАЗАР ӘБДИЕВ

# ЖИН-ЖЫПЫРЛАР УЯСЫ

*(роман)*

*Қарақалпақ тилинде*
*«Қарақалпақстан» баспасы*
*Нөкис—2004*

Бас редактор *Жийенбай Избасқанов*
Редактор *Рашид Аббазов*
Художник *Исмайыл Қыдыров*

ИБ № 5256

Териўге берилген ўақты 10.08.2004. Басыўға рухсат етилген ўақты 15.10.2004. Қағаз форматы 60 x 84 1/16 Гарнитурасы «Таймс». Кегль 9. Офсет усылында басылды. Көлеми 5,5 баспа табақ. 5,11 шәртли баспа табақ 4,9 есап баспа табақ. Жәми 2000 нусқада. Буйыртпа № 248 Баҳасы шәртнама бойынша.

«Қарақалпақстан» баспасы,
*742000, Нөкис, Қарақалпақстан көшеси №9*

Қарақалпақстан Республикасы Баспасөз ҳәм хабар агентлигининң Нөкис полиграфкомбинаты
*742000. Нөкис, Қарақалпақстан көшеси №9*



Халқымыз **АЛЛАНАЗАР ӘБДИЕВ**ти талантлы жазыўшы, илимпаз, журналист ҳәм аўдармашы сыпатында жақсы таныйды. Ол 1963-жылдың 25-сентябринде Тахтакөпир районындағы «Шалжуўыт» аўылында туўылған. Орта мектеп, армиядан соң 1990-жылы НМУдың филология факультетин табыслы тамамлады. Хызмет жолын Қарақалпақстан телерадио комитетинде редакторлықтан баслаған ол ҚМУда оқытыўшы, декан орынбасары, «Еркин Қарақалпақстан» газетасында әдебий хызметкер, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кенесинде жетекши қәнийге, «Әмиўдәрья» журналының бас редакторы, НМПИда оқытыўшы болып жемисли ислеген ол ҳәзир «Қарақалпақстан спорты» газетасының бас редакторы.

Алланазар Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жазыўшылар ҳәм Журналистлер аўқамларының ағзасы, филология илимлериниң кандидаты. Оның қәлеминен дөреген бул романнан басқа үш повести, 100 ден аслам гүррин, новелла, комедия, ертеклери, 30 лаған илимий мақалалары, үлкен-киши 20 лаған аўдармалары, көплеген публицистикалары республикалық баспасөзде жәрияланып, оқыўшылар тәрепинен жыллы қабыл етилди. Базы шығармалары орыс, өзбек, қазақ тиллерине аўдарылып басылды. Ол бир қанша ҳүжжетли кинофильмлердиң сценария авторы да. «Бизлер бахытлы боламыз» (1992-ж.) ҳәм «Қызыл қошантай» (1995-ж.) атлы китаплары бар.